ІИЛМАНАН А, ЛАКХАРЧУ ДЕШАРАН А МИНИСТЕРСТВО РОССИЙСКИ ФЕДЕРАЦИН

НОХЧИЙН ПАЧХЬАЛКХАН УНИВЕРСИТЕТ

ФИЛОЛОГИЧЕСКИ ФАКУЛЬТЕТ
НОХЧИЙН ФИЛОЛОГИН КАФЕДРА

НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА

Дешаран пособи
1-ра дакъа

Соьлжа-ГІала
2020

Нохчийн пачхьалкхан университетан Iилманан кхеташонан
сацамца зорбатуху, протокол № 7, 01.10.2020 шо.

ББК 83.002 (Чеч)
УДК 82.091 (Чеч)
А – 95
С – 29

Рецензенташ: Джамбеков О.А., филологин Iилманан доктор,
НПХЬУ-н профессор;

Хусиханов А.М., филологин Iилманан доктор,
НПУ-н профессор.

Дешаран пособи лерина ю 3 курсан филологически факультетан студенташна.

Нохчийн къоман цхьаболчу цIеяххан чу яздархойн дахар а, кхолларалла а йовзийтарна лерина йолчу пособи тIехь ялийна ю яздархойн коьрта произведенийн анализ а, критикийн билгалбаьхначу яздархойн кхолларалли н критически талламан материал а.

З.М. Ахмадова, Х.Р. Сельмурзаева, Х.Э. Мамалова, Нохчийн литература, дешаран пособи: 1-ра дакъа. Чеченский государственный университет. – Грозный, 2020. – С. 100.

© Ахмадова З.М., Сельмурзаева Х.Р., Мамалова Х.Э.
© Нохчийн пачхьалкхан университет, 2020 шо

ЧУЛАЦАМ

ХЬАЛХАРА ДОШ……..……4
I. АБУЗАР АЙДАМИРОВН ДАХАРАН А, КХОЛЛАРАЛЛИН А НЕКЪ……...…5
«Еха буьйсанаш» романехь исторически тема…….9
«Лаьмнашкахь ткъес» романехь гІаттаман тема……24
«Дарц» романехь обарг Зеламхин васт……....25
«Ненан дог» цІе йолу повесть……...29
II. АРСАНУКАЕВ ШАЙХИН ДАХАР А, КХОЛЛАРАЛЛА А …….....32
Даймехкан, доттагІаллин теманаш……...34
Кхо Лакхе……....35
Алазань……....36
Оьзда Украина……37
Поэмаш……....38
«Кхолламан сизаш» цІе йолу роман……38
Сийлахь-боккхачу Даймехкан тІеман а, доттагІаллин а теманаш……38
«Александр Чеченский» исторически повесть……....42
III. СУЛАЕВ МОХЬМАДАН ДАХАРАН А, КХОЛЛАРАЛЛИН А НЕКЪ……45
«Лаьмнаша ца дицдо» цІе йолу роман……54
IV. СУЛЕЙМАНОВ АХЬМАДАН КХОЛЛАРАЛЛА…….....60
«Ламанан хьосташ».....69
«ЦІекнига» я Іесаллех поэма.....69
«Жерочун кІентан, жумин Акхтолин илли».....70
V. ХАМИДОВ ІАБДУЛ-ХЬАМИДАН ДРАМАТУРГИЯ.....71
ТІам сийна кхокха……..78
Ламанан йоІ……79
Мохсолтин доьхна де……....80
Бож-Іела……...81
Лийрбоцурш……....85
Даймохк Іалашбан гІевттинчу тІемалойн къонахалла, майралла, церан бІаьхаллин хьуьнарш……....92
Пайдаэцна литература…….....96

Хьалхара дош

ХIокху дешаран пособин хьалхарчу декъан коьрта декхар ду Нохчийн пачхьалкхан университетан студенташна нохчийн литературин билгалбаьхначу яздархойн дахарх лаьцна дийца а, церан кхолларалле буьззина кхетам бала а, литература

ХIокху дешаран пособин хьалхарчу декьан коьрта Iалашо ю Нохчийн пачхьалкхан университетан кьоман литература Iаморан программехь билгалбаьхначу яздархойн дахарх лаьцна дийцар а, церан кхолларалле буьззина кхетам балар а, студенташна оцу авторийн исбаьххьаллин производенийн чулацам бовзийтина ца Iаш, ницкъ кхочуьчу барамехь мах хадо хьелаш довзийтар а, кьоман дахарехь исбаьххьаллин литература мехала хазна хиларна, бIешерашкахь адамашна юкьахь кхиъна гIиллакх-оьздангалла, беркате ламасташ, халкьан кхетам, ойла цаьрца хиларна, исбаьхьаллин дош кегийрхой кхетош-кхиорехь Iаламат мехала хиларна.

Литература хьехарехь уггаре халаниг исбаьххьаллин произведени таллар-анализ яр хиларе терра,оцу проблемина лерина ю хIара пособи.

Кху тIехь произведенийн васташ къасторехула талларан башхаллаш билгалъяьхна, дийцина, церан жанр, исбаьхьаллин-стилистически билгалонаш тидаме а оьцуш, произведени кьасторах лаьцна. Цул совнаха, студенташна билгалъяьхначу произведенийн чулацам тIеэцаран хьелаш билгалдаха бIегIийла хилийтархьама, церан композицин башхаллаш а йовзийтина.

ХIора яздархочун кхолларалла толлуш, кьаьстттина тидам тIебахийтина произведенийн идейно-исбаьхьаллин коьрта агIо гучуяккхарна. Цундела хIара дешаран пособи студенташа бан безачу балха тIехь йоккха гIоьнча хилла дIахIотта декхар ду.

I. АБУЗАР АЙДАМИРОВН ДАХАРАН А, КХОЛЛАРАЛЛИН А НЕКЪ

Шен кхетамца, дуьнене болчу хьежамашца, адамийн юкъарчу мехаллашца кхиъначу муьлххачу а къоман диканна а, вуонна а само латтош, гIиллакх-оьздангаллин, доьналлин, собаран Iу – да, къонах, къано, хьехамча хуьлу. Цо, замано мел ца херцарх, адамийн тобанаша шаьш-шайна лехна карийначу бахьанашца шайн яххьаш, амалш хийцарх, шеен цIийх, тIамарх доьлларг, корта айббина ша дIакхехьнарг хийца ца хуьйцу, ткъа дохка-м муххале ца духку.

Шен халкъах, махках мел доьзнарг хьоме а, хьомсар а ду цунна, нанна бер санна. Цундела цо уьш лар а до-кх йоI-бIаьрг санна, ала деззачохь аьхна дош олуш, ца аьлча ца долучохь кIоршаме, шен меттехь дош олуш. Шен къоме, шен къомах и дош ала бакъо яьккхинарг, хIокху карзахечу заманахь а и бакъо шегахь йолуш хилла Айдамиров Абузар вина 1929-чу шеран 29-чу октябрехь Нажин-Юьртан кIоштарчу Мескитахь.

Йоккхах йолчу йишас Маржана дийцарехь, иза цIентIера араяьллачу шарахь Абузар аганахь хилла. Цуьнца хьесап дича, 1929 шеран гурахь я 1930 шеран 6Iаьстенан юьххьехь дуьненчу ваьлла Абузар.

Да лаьцначул тIаьхьа хала шераш даьхкира боккхачу доьзална. Къаьсттина нана яларна, йижаршна Зайнабина а, Белижина дерриг а цIийнан дукъ кочахь дара.

ЦIентIера араяьлла цхьа бутт баьлча, цIеххьана цомгаш а хилла, Зайнаби кхелхира. ЙоI елча, кIез-кIезиг гIеллуш, кIелйисира нана. 1941 шеран февралехь цамгаро меттахь сацийна иза, кхин ца гIаьттира.

Март беттан пхоьалгIачу дийнахь лаьцначуьра цIа веара Iабдул-Хьаькам. Мотт сецна йолчу нана шена хIусамда тIехIоьттича, ши бIаьрг биллина, халла йистхилира:

- Хьо воцуш бархI шарахь ас хала лол биттира доьзална. ХIинца хьоьга дIало, – аьлла йистхилира тхан нана. И дешнаш тIаьххьара аьлла хиллера цо, тIаьххьара хезна хиллера тхуна ненан аз. Цул тIаьхьа иза кхин йист ца хилира. 8 мартехь дIакхелхира нана. Абузаран хIетахь итт шо бен дацара. Шен да ца вевзинера цунна, иза Сибрехара цIа верззалц. Да а, нана а цхьаьна гар ша-тайпа хетара цунна. И сурт шена гича, балане хилира кIант. Нанас са дIалуш

Iабдул-Хьаькам цуьнца а витина, берриг цIа чуьра арабевлча, корах чухьаьжира Абузар. Да цуьнан гIевлангехь хиъна вара, Ясин доьшуш.

Абузаран къаьсттина хазахеташ яра Н. Островский «Муха дахчалора болат». Оцу киншкийн турпалхойх тарвала а гIертара. Полководец, халкъан баьчча, ткъа тIаьхьа хьехархо хила сатийсира.

Ден шина вешин ши кIант вара цул жима. Шега ладугIург цаьршинна цхьацца хIума а лой, шайн бешара хадийначу бIаран лекхачу бух тIе а волий, «доклад» йора. Ткъа вукху шимма, цо шайна делла сегIазаш а Iуьйшуш, хьала а хьоьжуш, леррина цуьнга ладоьгIура.

Дешна Фрунзе (Бишкек) гIаларчу юьртабахаман техникумехь. Чекхъяьккхина Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан хьехархойн институт. Дешна Москварчу Лакхарчу литературин курсашкахь. Къахьегна: библиотекехь, школехь − хьехархо, директор, СССР-н Лакхарчу Советан депутат хилла. Поэт, прозаик, публицист.

Айдамиров Абузара язйинчу «Еха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес» романаша а тешийтира литератури критикаш: А. Айдамировс хьалхарчу итт шарахь бина болх цо эпически йоккхачу жанрана беш болу кечам хиларх.

ХIумма атта дацара гIараваьлла волчу яздархочуьнан Айдамиров Абузаран дахар, кIеззиг ца лайнера цо шен дахарехь вуонаш.

ЧIогIа езаш ялийнера Абузара МухIажар, Абузар дахарехь тешаме накъост хилла чакхъелара иза. Цаьршимма шайн доьзалехь 1оьвшира дуккха къахьо, ший а доьзалхо д1акхалхар нисделира церан.

Амма тIехIоьттина халонах чакхъяла доьналла а, собар, иман хилира МухIажарехь.

Айдамиров Абузара Iаламат чIогIа сагатдора Нохчийчохь хIоьттинчу чолхечу хьелашна, цара халкъана боккха бохам бахьар буйла хаьара цунна. Иза кхойкхура Iеламнахе, Iилманчашка, яздархошка къомана хьанал хиларе, пайдехьа хиларе.

Киншкаш тIехь а, газеташ тIехь а нохчийн халкъах лаьцна дош лоьхура цо, амма цхьанхьа а ца карадора. Дуьххьара и дош карийра юьртарчу ишколехь завуч, историк а волчу цхьана татаринехь. Цуьнгахь яра 1948 шарахь Москвахь араяьлла С.С. Дмитриевн «Хрестоматия по истории СССР» кхоалг1а том. Оцу киншки тIехь дара 1865 шарахь нохчий Турце кхалхорах лаьцна «Записки генерала Карцова по «чеченскому вопросу» документ. Цигахь гайтинера и

документ 1925 шарахь Ростовехь араяьллачу Гадзагуровн «Переселение горцев в Турцию» цIе йолчу документийн гулар т1ера схьаэцна аьлла. Нохчийн истори талла волалучу Абузарна дуьххьара карадеана исторически документ дара иза.

Юьртарчу библиотекера киншкаш ешна ваьлча, райцентран библиотекашка велира. Къаьсттина дика киншкаш яра партин райкоман библиотекехь. Оцу чохь советски заманахь дуьххьара арахецначу «Большая советская энциклопедия» ерриг томаш карийра Абузарна. 30-чу тома юкъара «Кавказская война», «Чеченская автономная область», «Чеченцы», «Чеченский язык», «Шамиль» статьяш къайллах схьа а яьхна, цIа яьхьира. Оцу чохь карийна М.Д. Багировн «К вопросу о характере движения мюридизма и Шамиля» статья тIехь йолу 1950 шеран июлехь арадаьлла № 13 «Большевик» журнал а, 1949 шарахь Тбилисехь араяьлла гуьржийн яздархочун А. Казбегин произведенийн ши том а каракхечира.

Москвахь арадолуш «Вопросы истории» журнал хилар хиъча, цуьнан редакце кехат яздира кавказски тIамах, нохчийн халкъан исторех лаьцна статьяш йолуш журналаш делахь шена даийтар доьхуш. Цигара даийтира цкъа цхьанаметта хьалхара диъ, тIаккха арадовларе хьаьжжина тIаьхьарнаш а, мехала статьяш тIехь йолу журналаш.

1955 шеран июнехь Абузара, почтехула заказ а йина, яийтира оццу шарахь араяьлла «Кавказский этнографический сборник» I том. Цунна тIехь гойтуш яра Кавказах а, нохчех а лаьцна дуккха а литература. Цигара схьа а язйина, цхьайолчу материалийн копиш яийта шена аьлла, Ленински библиотеке кехат дахьийтира цо. Цара машинкица зорба а тоьхна, цу материалийн копиш яийтира.

Махачкаларий, Тбилисерий туьканашкара почтехула заказ а еш, киншкаш оьцура Абузара. Цкъа иштта Тбилисера цунна яийтира 1955 шарахь Батумехь араяьлла Ш.В. Мегрелидзен «Грузия в русско-турецкой войне 1877-1878 гг.» книга. Цуьнан 21-22 аг1онаш тIехь яздина дара 1865 шарахь нохчий Турце кхалхорах лаьцна хIара мог1анаш: «Русский офицер капитан Зеленой, сопровождавший одну партию переселенцев в Турцию, рассказал, что горцы, оставаясь на открытом поле, страдали от холода и жалели о покинутой ими родине; после многих бедствий часть переселенных в Турцию направились по дороге к Александрополю, желая вернуться в пределы России. Но, когда две тысячи переселенцев двинулись к границам России с намерением возвратиться на родину, турецкое

правительство стало отгонять их назад пушечными выстрелами». ЦГВИА, ф. 400 Азиатская часть, оп.9, д. 14, л.8-10, «Капитан Зеленой о переселении чеченцев. 28 декабря I865 г.»

Оцу документан копи йоьхуш, амма цара ца йоуьйтуш, ЦГВИА мосазза а кехат яздира Абузара. Эххар а хIокху шина документан копиш яийтира.

Цул тIаьхьа, масийтта шо даьлча хиира Абузарна шен дас хIетахь цунна бийцинарг 1845 шарахь Коьжалка-Дукъахь инарла Воронцов коьртехь хилла оьрсийн эскарш дохийна тIом хилар.

«Еха буьйсанаш» романехь исторически тема

Айдамиров Абузара язйинчу «Еха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес» романаша а тешийтира литератури критикаш: А. Айдамировс хьалхарчу итт шарахь бина болх цо эпически йоккхачу жанрана беш болу кечам хиларх.

70-гІа шераш дуьйлалушшехь нохчийн литературин романан жанр, хьалха дІадахначу шерашкахь литературехь зеделлачунна тІе а теІаш, кхин а лакхара кхиамаш баха йолаелира. Хийцаелира оцу жанран хорма а, чулацам а.

Романо чулоцу нохчийн историн XIX-чу бІешеран хьалхара а, шолгІа а эхенаш, аьлча а, оцу заманахь хилла историко-политически гІуллакхаш. Цундела и роман нохчийн романашкахь цкъа а ца хиллачу кепара шен къаьсташ хорма а, яздаран хатІ а долуш яра: иза яздархочо шен говзаллица исторически документаш, шен исбаьхьаллин ойланаш, яздаран публицистически хатІ вовшахтоьхна, вовшахтесна яра.

Оцу романо хІетталц нохчашна евзаш йоцу шайн истории йовзийтира. «Еха буьйсанаш» романа зорбатоххалц Іилманчаш-историкаш а, яздархой а кІоргене ца гІоьртуьйтуш латтош яра партин идеологино нохчийн халкъо XIX-чу бІешерахь шайн паргІато ларъеш паччахьна дуьхьал дуккха а шерашкахь латтийначу къийсаман истори. Абузара майра а, кхачам боллуш кІорггера а гайтира хІетахь нохчийн халкъо латтийна къийсам, лайна баланаш. Оцу дерригено а, 70-гІа шераш дуьйладелча а кхоччуш самаялаза йолу, нохчийн шайн исторех дозалла дан дезаш йолу дог-ойла самаяьккхира, халкъан кхетам кІаргбира, шорбира. Партин идеологашна дезаш хьал дацара «Еха буьйсанаш» романехь халкъана шен дІаяхна истории йовзар. Цундела и роман цара кесталгІа оьрсийн маттахь ара а ца яккхийтира, цуьнан авторна шайга ялуш йолу новкъарлонаш а йира цуьнан дахарехь, кхолларалле хь. Яздархо 70-гІа шераш чекхдовлуш оьрсийн маттахь араяккха гІоьртича, иза ара ца яккхийтира. Роман оьрсийн маттахь 1990-чу шарахь бен ца елира ара.

Книгин дуьххьарлера цІе «Іаьржа денош» яра. И цІе ца езаелира издательствехь. Иза книгин кхоалгІачу декъана а йитина, «Дагийна латта» язйира цо. Цунна а реза ца хилира. И ший а цІе дукха буьрса

хийтира царна. «Дагийна латта» книгин хьалхарчу декъана а йиллина, «Еха буьйсанаш» цIе тиллира Абузара.

Царех цхьадолу дакъош, зорбанна кечдинчул тIаьхьа, «Гумс» газетан, «Орга» журналан агIонаш тIехь арадийлина, ткъа цхьадерш яздархочун дахарх вовшахтухучу книгана юкъагIур ду. «Дагалецамаша» масех бIешо шайна юкъалоцу. Массо а агIонехь дашехь гойтург дахар ду (хаза а, ирча а), басаршца къага а ца деш, ма-дарра Абузара шен кхетамах чекхдаьккхина дахар. «Дагалецамашкахь» автора дуьйцу вайн къоман историх, литературах, яздархойх, церан вовшашца хиллачу юкъаметтигех, шен кхолларалле х, шен дайн дIадаханчу дахарх, ша романаш («Еха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес») язъечу муьрехь Iиттаеллачу халонех а. Дикка меттиг дIалоцу «Дагалецамашкахь» Абузара а, цуьнга а яздинчу кехаташа. Уьш коьртачу декъана цхьа тема йолуш ду: исторически романашна зорбатохар магош я доьхкуш. Оцу хенахь хиллачу идеологин хьежамашца романийн чулацам богIуш хилар, цахилар а ду царна тIехь коьртаниг. «Дагалецамашкахь», вай лакхахь ма-аллара, дукха ду пайдениг, дешархочунна довзийта хьакъ дерг, Абузаран къайле хилла гуттаренна а диса дезарг а. Цундела вай лахахь шуна йовзуьйтучу интервьюхь хIитто хаттарш деккъа Абузаран дахарх, цуьнан цхьайолчу произведенех, цуьнан яздархошца хиллачу доттагIаллех бен дац.

«Сан «Еха буьйсанаш» араяьлча, иза йийцаре еш, цунах лаьцна дуккха а диканиг элира гулбеллачара. Оцу дийнахь цигахь дакъалоцуш вара КПСС-н обкоман пропагандин, агитацин декъан инструктор. Обкомо ваийтинера я ша веанера хаац, амма обкомана оьшучу агIор сан книгина критика ян волавелира иза. Ошаев Халида гIиллакхехь вистхилла юкъахваьккхира иза, амма Мамакаев Мохьмада човхийна араваьккхира. I965 шеран 26-чу декабрехь, Iаьнан цхьана шийлачу дийнахь, со волчу Мескита веара Мамакаев Мохьмад, Базоркин Идрис, Сулаев Мохьмад, Сулейманов Ахьмад а. Оцу шеран 22-чу сентябрехь вина Мохьмад а (Абузаран кIант – ред.), тхан доьзал а декъалбан. ГIиллакх хууш, гIиллакх лелош а оьзда къонахой бара уьш. Со царал итт-ткъа шераш жима вара, хIетте а соьца оьзда гIиллакх леладора цара массо а хенахь. Со воцург цхьа а стаг вацара Мамакаев Мохьмадца забарш ян ваьхьаш. Ас забарш еш ша хьийзо волийча, и шен буьрса цкъоцкъамаш дусадой, велалора иза. Сан «Еха буьйсанаш» роман араяьллачул тIаьхьа, соьца забар еш, сох БойсагIар олура цо.

Со карзах ца ваькккхича тоьлу хьуна, БойсагIар, хьох лаьцна дийца сан а ду хьуна дуккха а! – олий, забар йора Мохьмада.

Сулейманов Ахьмад хьекъале, оьзда стаг а, воккха хьехархо а, поэт а вара. Цунна Iаламат дика девзара халкъан дахар, нохчийн къоман гIиллакхаш, ламасташ, легендаш, кицанаш. Нохчийн мотт хаза а, говза а буьйцура цо. Цунна хуург сайна хууш хиллехьара, и айса язйина книгаш бIозза алсам дика язйина хир яра ас. Доьналла а, яхь йолуш къонахий бара уьш.

1972-гIа шо чекхдолуш эххар а дуьненчу елира ас шена тIехь ткъех шарахь болх бина, араяккха гIерташ ас шена тIехь къахьегна, трилогин хьалхара книга «Еха буьйсанаш». Иза арахецар доьхуш дукха дехарш яздира ас КПСС-н обкоман хьалхарчу секретаре, пропагандин, агитацин декъан доладархочуьнга, издательствон, зорбан гIуллакхашкахула йолчу Урхаллин председателе а. Иза ара цаялийтарх дукха бехк бацара церан.

Амма республикан куьйгаллехь болчарна ма-дарра ца хаьара сан романехь дерг. КПСС-н обкоме айса яздечу дехаршкахь ас чIагIдора: романехь нохчийн халкъан историх лаьцна яздинарг марксизман-ленинизман а, советски исторически а Iилманийн, коммунистически партин, советски пачхьалкхан а политикан, идеологин а лехамашна дуьззина жоп луш а, исторически фактийн, документийн буха тIехь, советски халкъийн доттагIалла чIагIдарна тIехьажийна а ду, бохуш. Иза чIагIдира куьйгайозанна рецензи язйинчу Туркаев Хьасана а, Сулаев Мохьмада а. Цунна халла резахилира уьш.

Халкъо дика тIеийцира «Еха буьйсанаш». ХIетахь нохчийн маттахь арахоьцучу исбаьхьаллин литературан тираж 2-3 эзар экземплярал лакхара ца хуьлура. «Еха буьйсанаш» романан тираж 5 эзар экземпляр яра. Туьканашка охьайиллинчул тIаьхьа ши бутт а балале, цхьа книга ца юьсуш, ерриг а дIаийцира иза. Жимма хан яьлча библиотекашкара а дIаелира иза, еша яьхьначо юха ца йохьуш. ТIаккха, халкъалахь и книга гIараяьлча, наха дIаяьхьира республикан Чеховн цIарахчу библиотекера а. ТIаьхьа, цхьа масех шо даьлча, ша далийтинчу гIалатах кхеттачу Iедало омра дира: «Еха буьйсанаш» библиотекашкара дIа а яхий, ягае! − аьлла. Амма республикан цхьана а библиотекехь цхьа а книга ца карийра. Уьш ерриг а нехан карахь яра.

И хроника язъян дагахь доцуш, амма язъян ондда бух болчу бахьнашца цIеххьана язйинера ас.

ХIетахь, оьгIазваханчу хенахь, сихаллехь язйинчу оцу

хроникехь ас кIорггера ойла ца еш яздинарш а карийра суна. Масала, Шемалан Iедалан къизаллех. ТIаьхьо Нохчийчохь, ДегIастанахь (XX-чу бIешеран чаккхе) адамаш бусалба некъа тIера а девлла, оьздангаллах, яхьах, гIиллакхах доьхна, харцонаш, къизаллаш лелодоьлча кхийтира со, Шемала и шен Iедал чIогIа хIунда латтийна. Я пачхьалкхан законашца я шариIатан низамца шайна тIехь, мокхаз санна чIогIа, Iедал ца латтийча, Делах а кхераделла адам соцург цахиларх. 1992-чу шарахь, ас дика ойла а еш, юха болх бира оцу хроника тIехь. «Калугера йийсар» аьлла, керла цIе тиллира цунна.

Массо а яздархо шайн книга араяьлча, сихха иза оьрсийн маттахь арахеца гIоьрта. Лаарх а, араяккха гIортарх бехк буьллийла дац царна. Яздархочун произведени оьрсийн маттахь араяьлча, ешархой алсам хуьлу. Сан масех книга араяьллера нохчийн маттахь, амма суна дага а ца догIура цхьа а произведени оьрсийн маттахь зорбане яккхийта. Уьш цхьа а со резаволуш яцара. Уьш ешначу кхечу къомах стагана нохчийн халкъ довза, цунах бIаьрг буза хIума дацара царна тIехь. Ткъа сан произведенешна юкъахь яцара иштта ас дагца къобалъеш цхьа а. Со резаволуш дика яцахь а, «Маршонан цIарах» роман оьрсийн маттахь арахецийта дагадеара суна. Иза оьрсийн матте гочйира хIетахь Москвахь литинститутан студент волчу Албагачиев Мусас. Муса ша хьекъале, оьзда кIант а, похIмалла долуш литератор вара. Гочдаршкахь цхьа а тайпа зеделларг дацара цуьнан, роман цуьнга ма ло бехира соьга. Делахь а литинститутехь доьшуш иза халаволлу дела, ахчанца цунна жимма а гIо хиларе догдохуш цуьнга ялийтира ас. Мусас, со резаволлуш, дика гочйира роман. Издательствос шен плане а хIоттийра иза. Цунна рецензеш еллачу Ошаев Халида а, хьалха обкоман пропагандин, агитацин декъан доладархо хиллачу, хIинца персональни пенсионер волчу Эдуард Лина а дика мах а хадийра цуьнан. Амма, республикан книжни издательствон план Москвахь чIагIъеш, РСФСР-н министрийн Советехь зорбанехула йолчу Комитето и роман а, цунна язйина рецензеш а шайга дIайийхира. Цигахь шекбевллера оцу романах. Комитето тIедилларца цунна рецензи язйира филологин Iилманийн кандидата, литинститутан доцента А. Власенкос. Шен рецензехь цо гайтина дуккха а цхьа а бух боцу кхачамбацарш дIа а дахий, шозлагIа а Комитете дIаяийта аьлла, соьга схьаелира роман. Москвахь шозлагIа иза рецензина елира историн Iилманан докторе, МГУ-н профессоре В.А. Федоровга. Цо великодержавно-шовинистически хьежамашца тIаьххьара мах хадийра романан. Оцу тIехь чекхделира

«Маршонан цIарах» романна оьрсийн маттахь дуьне гур ду бохург. Федоровн оцу дешнех, кхин а тIедетташ, кIаргдеш, шордеш тIаьхьа говза пайдаийцира сан «Еха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес» романийн дуьхьалончаша.

«Еха буьйсанаш» араяьллачул тIаьхьа бен «Маршонан цIарах» оьрсийн маттахь араяккха дика реза а вацара со, хIунда аьлча и тIаьхьарниг «Еха буьйсанийн» яцйина вариант яра. 1974-чу шарахь «Современник» издательстве «Еха буьйсанаш» романан оьрсийн маттахь (подстрочник) яхьийтара ас. Цигахь цунна рецензеш язйира критикаша А. Смироновс, В. Степаненкос, М. Чернолусскис. Цара дуьйцург а цхьаьна догIура Федоровс аьллачуьнца, амма оцу кхааммо мелла а гIиллакхехь, кIеда-мерза аьллера.

Романан коьртачу Iалашонах цхьа дош дIа а ца доккхуш, цунна зуламе йоцу меттигаш дIа а яьхна, 180 агIо яцйина, шозлагIа Москва яхьийтира ас роман. ШозлагIа таллам бар цхьана шарахь хьеделира. Цунна рецензеш язйира критика Н. Нефедовс, гIараваьллачу кавказоведа, историн Iилманан доктора, профессора Н.А. Смирновс а. Нефедовн хьежамаш герга бара В.А. Федоровн хьежамашна. Н.А. Смирновн рецензи гIиллакхехь язйинера, амма роман ша ма-ярра арахецар ца магийнера цо а. Цхьана агIор-м бакълоьра профессор. Мацахлера девнаш юха меттахъхьедаро пайда ца бо. Уьш дицдина, машар, гергарло, доттагIалла чIагIдан гIорта деза. XX-чу бIешеран 50-чу шерашкахь Советски исторически Iилмано а, пачхьалкхан а, партин а политико, идеологис а, Н.А. Смирновс а шен юьхьанцарчу исторически талламашкахь а, ламаройн, ткъа къаьсттина а нохчийн халкъан шен маршонехьа боламаш харц эладитанаш тIе а кхуллуш сийсазбина ца хиллехьара, оцу эладитанех пачхьалкхера къаьмнаш хIинца а тешаш дацахьара, и дIадахнарг кего ца оьшура. Ткъа сан Iалашо яра и эладитанаш Iорадаха, нохчийн къомах исторически бакъдерг меттахIотто. Ткъа бакъдерг ма-дарра ца дийцича меттахIотталуш дац. Историн темехула муххале а. Оцу шина рецензица тIаьххьара а чекхделира «Еха буьйсанаш» оьрсийн маттахь Москвахь араяларе сатийсар а.

ХIинца къийсам дIабахьаран Iалашо кхин яра: новкъа дара оцу рецензенташа романан мах великодержавно-шовинистически хьежамашца хадор. Цундела ас СССР яздархойн Союзан председателан С. Михалковн а, «Современник» издательствон директоран Ю. Прокушинан а цIарах, рецензенташ харц хиларан а, со бакъ хиларан тоьшаллаш а далош, 62 агIона тIехь зорбатоьхна кехат

дахьийтира. Юккъехула аьлча, и тайпа кехаташ ас дукха яздора КПСС-н обкоме, республикан книжни издательстве а, 30-50 агIонаш тIехь зорбатухий. Москва айса дахьийтинчу кехатех хила пайда боцийла а хаьара суна. Делахь а, уьш харц буйла сайна хаьийла хаийта дIахаийтира.

Лакхахь ма-аллара, исторически произведенеш язъяран сан коьрта Iалашо 1944-чу шарахь махках даьккхинчу нохчийн халкъах исторически бакъдерг аларна тIехьажийна яра. 1944-чу шарахь халкъ махках даккхарх лаьцна язйинарг зорбанехь арайолуьйтур яцара, цундела бIе шо хьалха нохчий Турце кхалхорах лаьцна яздан гIертара со. Хрущевн заманахь, 60-гIа шераш дуьйладелча, жимма маршо елира исторически бакъдерг ала. Амма хIетахь а цхьанхьа гучуйолуш яцара Къилбаседа Кавказера масех къам махках даккхарх лаьцна язйина цхьа а произведени. ХIетте а, айса беш болу кхин белхаш цкъачунна дIа а тийсина, 1944-чу шарахь нохчий махках бахарх лаьцна произведени тIехь болх болийра ас. Дерриг чулоцуш эпически произведени язъян хан яцара сан, цундела уггар хала деанчу хьалхарчу шеран цхьа де – 1945-чу шеран 23-гIа февраль схьалецира. Повестана цкъа хьалха «Цхьана шеран цхьа де» − цIе тиллира ас, тIаккха «Кхолламан цхьа де». Сихаллах язйина иза дика-м яцара, делахь а оцу хенахь араяьллехь халкъана шех лаьцна дуккха а бакъдерш карор дара цунна тIехь. Издательствос тIе ца лецира сан повесть. Ца лаьцча а, бехк бацара. ТIаккха КПСС-н обкоман хьалхарчу секретаран а, пропагандин, агитацин а заведующин цIарах масех кехат яздира, и повесть араяккха бакъо йоьхуш, амма цхьана а кехатна дуьхьал жоп ца деара.

ХIетахь архиве дIайиллина и повесть ткъе итт шарахь архивехь Iиллира. Оццу шерашкахь сайн трилогина хаддаза материалаш гулйора ас. Ленински библиотекера, ЦГВИА СССР, ЦГИА Грузинской ССР, ЦГА Северо-Осетинской АССР архивашкара а сайна оьшучу материалийн копиш йохуьйтуш.

Трилогин хьалхарчу книги тIехь саццаза болх бора ас. Амма хIинца а суна ца гора тIаьххьара иза муха хир ю, хIунда аьлча суна дуккха а материалаш оьшура. «Къонахалла» дийцарх «Маршонан цIарах» повесть хилира. Иза I960-чу шарахь «Орга» журналан 3-4 номершкахь зорбатуьйхира. Жимма хийцамаш а бина, 1963-чу шарахь араяьллачу сайн «Лаьмнашкахь серло» книги юкъа а яхийтира ас иза. ТIаккха сайн карахь йолчу материалийн бух тIехь трилогин хьалхарчу книгийн къаьст-къаьстина кортош язбан

вуьйлира со. Вовшашца зIе йоцуш болу уьш зорбатуьйхира «Орга» журналан 1964-чу шеран №1, 3 а, 1965-чу шеран №2 а номершкахь. Керла язбина кортош «Маршонан цIарах» повестах дIа а тоьхна, изза цIе а йолуш, 1968-чу шарахь книга араяьккхира. И книга ас дагалаьцначу трилогин хьалхарчуй, кхоалгIачуй книгийн контура яра. Оцу шинна юккъехь хила езара 1877-чу шарахь Нохчийчохь хиллачу гIаттамах лаьцна шолагIа книга. Цунах лаьцна ас цхьа могIа а ца язбинера. Оцу хенахь ас бийриг Iаламат хала болх бара. ХIетахь нохчийн истори кIорггера теллина язбина цхьа а болх бацара, я иза талла а, язбан а цхьа а Iилманча а вацара. ХIетахь исторически Iилманан кандидаташ хила диссертаци язъеш болчара толлурш историн 1905−1907-гIа, 1917–1920-гIа шераш а, Советски зама а яра. Нохчийн халкъан историна кхин кIорге гIорта ца лаьара цхьанне а. Нохч-ГIалгIайн Iилманан-талламан институт а хIетта кхоллаеллера, цуьнан библиотекехь атталла и ас гулйина литература а яцара. Исторически материалаш айсса гулъян а, талла а, церан нисса жамIаш даха а, тIаккха исбаьхьаллин произведенеш язъян а дезара сан. И сайн книгаш тIехь ас язъеш дерг документальни бух болуш исторически бакъдерг хила а, дуьненан юкъарчу историца зIе йолуш а, нийса догIуш хила а, советски исторически Iилманан а, идеологин а мIара таса бахьна доцуш хила а дезара. ХIетахь республикехь вацара со дагавала а, гIо деха а нохчийн халкъан истори хууш цхьа а стаг. Ткъа сан хьекъал, кхетам, хаарш, Iилманехь а, литературехь а зеделларш кIезиг дара. Хала а, чолхе а, жоьпаллин а некъ бара ас схьалаьцнарг. Ас иттаннаш шерашкахь синтем боцуш хьоьгу къа эрна диса а мегара, хIунда аьлча и трилоги дуьненан литературан классически хазнийн (шедеврийн) могIаре хIотто мегар йолуш язйича а Iедало иза зорбанехь араялийтаре догдохуьйлаш Iаламат кIезиг яра. Амма сан вухаволийла дацара. И ойла а, Iалашо а сан цIийх а, тIамарх а йоьллера со кхиазхо волчу хенахь дуьйна».

ЦIерш яьхначу проблемех дукхахъерш схьайиллина, вуьш хIиттийначохь йисина, амма уьш массо а авторна оьшуш яра XIX-чу бIешеран шолгIачу эхенгахь халкъан хилла халкъан хала а, чолхе а дахар таллархьама. Уьш хIитторца гучудолу вайна халкъан кхоллам цу халкъа юкъара, цунна ямарта хиларца, шайх хьоладай а хилла дIахIиттинчу чкъуро декъаза беш хилар. Исторически бакъдолчунна тIетаIарца яздархочо типически васташца гойту вайна оцу халкъан юкъара хьолахойн тайпано (сословис) дахарехь лехна некъаш, церан мораль а.

Масала, Гати-юьртахь кхолладелла и тайпа классови чкъор. Шахьбин, ХортIин, Товсолтин карахь ду дин. Церан васташ кIорггера схьаделларца аьтто хилла яздархочун халкъан историс голатухучу меттехь кхолладелла хьал шуьйра гайта: тIеман хан чекхъяьлча, халкъан дахар шен кхиарехь кхечу кепе дирзира, оцу муьрехь кхоллабеллачу социально-экономически къийсамаша таро хилийтира Нохчийчохь европейски капитализман зIийдигаш хецаялийта. Шахьбий, ХортIий, Товсолтий санна болчара кхуллу къоман буржуазни а, цара сихдора халкъан социальни самадалар а. Историн болам толлуш а яздархо говза ву, цунах лаьцна ша дуьйцуш, исбаьхьаллин вастийн вовшашца хуьлучу Iот-баккхамашца толлу цо и. Капитализман бакъонаш къаьсттина сиха кхуьу халкъо дуккха а шерашкахь къиза тIом бинчул тIаьхьа, цуьнан шена дукхабезачу маьршачу къинхьегамехь дог Iабо таро хилча. Къинхьегамхойн хьацар дууш кхуьу цунна юкъара хьоладай, кегий буржуа. Романан сюжетан и агIо дика схьаеллало, масала, доьзалан, зуда ялоран-йитаран проблема хIоттийча. Тоьар дара, масала, Эсет Шахьбин вешега маре яхаран бахьане хьаьжча: шен сил а дукхавезачу Аьрзуга болчу безамна тIехула а яьлла, яхара иза цуьнга. Кхин дан амал доцуш, халчу хьоло, хIоьттинчу мацалло яккхийтира цуьнга и гIулч; безамо кхойкхучу гIойла дацара, цо шен гIайгIа бинехьара, цуьнан доьзал мацалла лийр бара.

Делахь а, социальни лакхенийн васташ толлуш, яздархочун тидам мелла а совнаха соцу царна тIехь. Цунах кхета хала дац: романан оцу проблемица ийна ю цуьнан шолгIа мехала проблема а − халкъо оьрсийн культурах пайдаэцар, иза Россин пачхьалкхах дIакхетар. Айдамировс шен ойла а, талам а оцу проблеми тIехь эрна ца сецабо: къаьсттина ша классови къастамаш гойтучу хенахь, яздархочо вайна халкъан хIетахьлера дахар а, тIаьхьа тIехинболу цуьнан кхоллам а дукхахьолахь цуьнан политически, дипломатически кхетамех бозуш хиларх тешадо вай. Амма исторически документаша а, «Еха буьйсанаш» романо а тоьшалла до: нохчийн халкъан хьалдолчу чкъуран гуьнахь дацара заманна юккъехула хьаьжна тIехиндерг ган а. Доцца аьлча, церан вовшашлахь барт бацара, церан дог ца лозура шаьш бацош болчу къинхьегамхойх, уьш ур-аттала муьтIахь бацара шайна чинаш, латтанаш луш долчу паччахьан Iедална а. Масала, цхьана дийнахь, ХортIий, Товсолтий, Iосий, Шахьбий вовшахкхеттачохь ХортIас шен накъосташка хоуьйту Соьлжа-ГIалахь нохчийн берашна схьайиллина оьрсийн школа хилар

а, ша цига шен бераш дIадала реза хилар а. Амма и хаам Шахьбиний, Товсолтиний ца безало. Царна хетарехь бусалба бераш оьрсийн маттахь деша доладаларо халкъан кортошкара иман-беркат дIаоьцур ду, динах дIакъаьстар ду, шайн къоман юьхь цара йойур ю. Кхечу кепара аьлча, царна атта ду халкъ ша ма-дарра бодане хилча. Церан ойланаш ца оь ХортIин, Iосин лаамаш, уьш тоххарехь кхетта шайн кхоллам паччахьан Россица хадалур боцуш бозуш хиларх, оцу зIено бен шайн хьал, аьтто, берийн хиндолу дахар нисдийриг цахиларх. ХIан-хIа, аьттехьа а дац кхоллалучу буржуазис (кхузахь − ХортIий, Iосий) халкъ дагалаьцна цхьана минотана а шайна бохам бан. Уьш а кхоьру халкъах, цо маршонехьа къийсам болабарх. Юьртдас Iосас боху шен накъосташка:

− Халкъо, нагахь цо оьрсий эшабахь, вай а кхоор дац. Нагахь аш ас бохург дахь − вай хIокху юьртана тIе нуьйр туьллур ю, ца дахь − юьрто вайна тIе туьллур ю.

Цхьанне ца хаахь а, цунна-м хаьа халкъана дуьрста паччахье бен тасалур йоций. Цундела паччахьца уьйр хила езарх къамелаш деш цо дуьххьалдIа шен цIокана гIайгIа йо.

Цу кеппара, чIогIа оьшуш, амма чIогIа чолхе йолу нохчийн халкъ Россих дIакхетаран проблема авторо хIоттийна.

Яздархочо цу кеппара халкъаш дацоран политика дIакхоьхьучу паччахьан администрацица цхьаьна уьйш йолу нохчийн хьоладайн амалш гайтира. Цул тIаьхьа атта хуьлу роман йоьшуш волчунна нохчийн пхи эзар доьзал Турце дIакхалхош кхузахь лелийначу хIилланийн, ямартлонийн кIоргенех кхета…

Романан турпалхошна юкъахь халкъехь латтийначу къизаллица гIараваьлла ву Iоса. Цо дуккхаза дакъалаьцна, куьйгалла а дина «мятежни» ярташна дуьхьал лаьттинчу масийтта экспедицина. Цо луьра таIзар дора гIаттамашна, ойла ца еш шен Iалашонна тIевоьдура. Дахарехь коьртаниг цо чинаш, шен юьртахошна тIехь куьйгалла дан шен паччахьо кховдийна Iедал лорура. Халкъ хьовха, шен кIентий а баьхнера Iосас шена дуьхьал. Тайп-тайпана хьоьжу дай, кIентий хуьлуш лаьттачу къийсаме: дена цара шена дахьаш долу хьал го. Амма деган кIоргехь цо латтабо паччахье болу цабезам а. Цундела ву Iоса цхьа а идейни тIетовжам боцу стаг. Кураллой, халкъе болчу цабезамой дог чIагIдина волчу цунна, бен а ца хета шен кIентий шех къаьстича а. И тайпа васт романехь догIуш кхоьллина ду, цо къаьсттина билгалбоккху халкъан дахарехь хIетахь Нохчийчохь кхоллабелла феодализман а, капитализман а болам.

Эрна дац цундела оцу васто романан йоккха меттиг дIалацар: заманан башхаллех, цуьнан гIуллакхийн драматически чулацамех кIорггера кхеторхьама оьшуш ду и яздархочунна. Цуьнан кIентий Дакаш, Саьмби, Ловдий, изий къийсаман тайп-тайпанчу агIонашкахь нисвелла. Iосин кIентий къинхьегаман халкъан хьашташ кхочушдархьама, бала а кийча бу. Цундела церан исбаьхьаллин васташ романан нуьцкъалчарех ду.

Iосин, цуьнан кIентийн масалшца яздархочо говза хоуьйту вайна оцу хенахь нохчийн лаьмнашкахь тIеман Iалашонех, цуьнан некъех лаьцна тайп-тайпана кхетамаш хилла хилар а, ткъа оцу кхетамийн тоьлашха йолчу ойланаша халкъан къийсамна некъаш лехна хилар а.

Цара чIагIо йинера халкъан хьашташ кхочушдеш шайн синош дIадала. Яздархочо тидамца бинчу талламо хоуьйту вайна мел къахьега дийзира церан дуккха а шерашкахь буьрса къийсам латтийча а шайн ойланаш, хьашташ, сатийсамаш кхочуш ца хилча, хIинца я Делах а, я нахах а, я шайх ца тешаш долчу халкъан дегнашка къийсаман керла цIе латош.

Турцин пачхьалкхо шайца къизалла лелорна юханехьа шайн Даймахка цIа бахка гIоьртинчу нохчашца ву Iела. Амма оьрсийн-турцин дозанехь чов хилла леш воллучу Iелас весет до шеца болчу нохчашка: хIуъа а дай Даймахка цIа кхача а хьажа, оьрсийн белхалошщий, латталелорхошщий гергарлойн зIе дIатаса, хIунда аьлча нохчийн къинхьегаман халкъ шен паргIатоне кхочур дац цаьрца цхьаьна бен.

Документальни а, исбаьхьаллин а яздархочо бинчу талламо хоуьйту вайна 1864-гIа шо тIекхочуш нохчийн халкъ социально-экономически дахаро таIийна, къелло хьаьшна, морально-политически халонаша са легашка далийна хилла хилар. Халкъе и хьал ма-хIоьттинехь, халкъана хьанал боцчу цхьацца болчу молланаший, хьоладайший лелийначу провокациша Iехийна Турце кхалхийра нохчийн пхи эзар доьзал, шайн «динан вежарий» болчу.

Кхузахь вастийн психологически кIрге, церан исбаьхьалла алсам ю романан хьалхарчу декъехьчул а (масала, нохчий ДанчIа, Iалха, Гати, оьрсий Андрей, Яшка, эпсарш Берса, Гусев и.дI.кх.). Халкъан дог-ойла кхечу агIор мел ийши, Далла гIуллакх деш шен сапаргIатдаккха гIертара стаг. Халкъан динах тешар алсамделира. Иза а дара нах молланаша, шайхаша (паччахьан детих бохкабелла болчу) Турцех лаьцна юьйцу гIан-набарш бакъ а хетта, цига дIакхалхаран бахьана.

ТIекхуьуш болчу халкъан керлачу баьччанашна цхьадолчунна хало дара, хорша еача санна, синтем байна нах, цаьрга цхьа хьаштдоцург ца дойтуш, совцо а, уьш нийсачу новкъа баха а. Цул сов, ахчанаша эцна болчу паччахьан хьадалчаша нахана юкъахь даржош долу эладита а чIогIа дара. Цундела Туркойн махка дIакхелхачу нахаца (уьш цигахь цабитархьама) баьччанийн кхеташоно цаьрца Аьрзой, Маккхаллий, Берсий хьажаво. Яздархочо кхачам боллуш йовзуьйту оцу баьччанийн керла программа. Шаьш беш болу сацамаш цхьамма ша ца беш, вовшех дага а бовлуш бар, гIуллакхех кIорггера кхетар, хиндерг геннара гар – церан оцу амалийн билгалонаша хоуьйту вайна и нах масийтта шо даьлча, халкъ шайна тIаьхьа а хIоттийна, революцин къийсамашка дуьгу долчу нехан сибатийн билгалонаш шайца йолуш хилар.

Ша дагалаьцначу трилогина материалаш а гулъеш, оццу хенахь юкъ-кара повесташ, дийцарш а яздора Абузара.

Исторически произведенеш язъяран Абузаран коьрта Iалашо I944-чу шарахь махках даьккхинчу нохчийн халкъах исторически бакъдерг аларна тIехьажийна яра.

1944-чу шарахь халкъ махках даккхарх лаьцна язйинарг зорбанехь арайолуьйтур яцара, цундела бIе шо хьалха нохчий Турце кхалхорах лаьцна яздан гIертара къона яздархо. Хрущевн заманахь, 60-гIа шераш дуьйладелча жимма маршо елира исторически бакъдерг ала. Амма хIетахь а цхьанхьа гучуйолуш яцара Къилбаседа Кавказера масех къам махках даккхарх лаьцна язйина цхьа а произведени. ХIетте а ша беш болу кхин белхаш цкъачунна дIа а тийсина, 1944-чу шарахь нохчий махках бахарх лаьцна произведени тIехь болх болийра цо. Дерриг чулоцуш эпически произведени язъян хан яцара, цундела уггар хала деанчу хьалхарчу шеран цхьа де − 1945-чу шеран 23-гIа февраль схьалецира. «Кхолламан цхьа де» повесть издательствос тIе ца лецира. ТIаккха КПСС обкоман хьалхарчу секретаран а, пропогандин, агитацин заведующин а цIарах масех кехат яздира и повесть араяккха бакъо йоьхуш, амма цхьана а кехатна дуьхьал жоп ца деара. ХIетахь архиве дIайиллина и повесть ткъе итт шарахь Iиллира.

Оццу шерашкахь шен трилогина хаддаза материалаш гулйора Абузара, Ленински библиотекера, СССР ЦГВИА, Грузински ССР ЦГВИА, Северо-Осетински АССР ЦГА архивашкара шена оьшучу материалийн копиш йохуьйтуш.

Трилогин хьалхарчу киншки тIехь саццаза болх бора цо. Амма

хIинца а иза тIаьххьара муха хир ю гуш дацара. ХIунда аьлча дуккха а материалаш оьшура. «Къонахалла» дийцарх «Маршонан цIарах» повесть хилира. Иза I960-чу шарахь «Орга» альманахан 3-4-гIий номерш тIехь зорба туьйхира. Жимма хийцамаш а бина, I963-чу шарахь араяьллачу цуьнан «Лаьмнашкахь серло» киншки юкъа яхийтира. ТIаккха карахь йолчу материалийн буха тIехь трилогин хьалхарчу киншкин къаьст-къаьстина кортош язбан вуьйлира Абузар. Вовшашца зIе йоцуш болу уьш зорба туьйхира «Орга» альманахан 1964-чу шеран №1, 3, 1965-чу шеран №2 номераш тIехь.

Керла язбина кортош «Маршонан цIарах» повестах дIа а тоьхна, изза цIе йолуш 1968-чу шарахь киншка араяькккхира. Яздархочо дагалаьцначу трилогин хьалхарчуй, кхоалгIачуй киншкин бух бара иза. Оцу шинна юккъехь хила езара 1877-чу шарахь Нохчийчохь хиллачу гIаттамах лаьцна шолгIа киншка.

Оцу хенахь Абузара бийриг Iаламат хала болх бара. ХIетахь нохчийн истори кIорггера теллина язбина цхьа а болх бацара, я иза талла а, язбан а цхьа а Iилманча вацара. ХIетахь исторически Iилманан кандитаташ хила диссертацеш язъеш болчара толлурш историн 1905–1907, 19I7–1920-гIа шераш а, советски зама а яра. Нохчийн халкъан кхин кIорге гIорта ца лаьара цхьанна а. Нохч-ГIалгIайн Iилманан-талламан институт а хIетта кхоллаеллера, цуьнан библиотекехь аттала Абузара гулйина литература а яцара. Исторически материалаш ша гулъян а, талла а, церан жамI дан а, тIаккха исбаьхьаллин произведенеш язъян а дезара цуьнан.

Цо яздеш дерг документальни буха тIехь исторически бакъдерг хила а, дуьненан юкъарчу историца зIе йолуш а, нийса догIуш хила а, советски исторически Iилманан, идеологин мIара таса бахьана доцуш хила а дезара. ХIетахь республикехь вацара иза дагавала а, гIо деха а нохчийн халкъан истори хууш цхьа а стаг. Ткъа къоначу яздархочун хаарш, Iилманехь а, литературехь а зеделларш кIезиг дара.

Хала а, жоьпаллин а некъ бара Абузара юьхьарлаьцнарг. Цо иттаннаш шерашкахь синтем боцуш хьоьгу къа эрна диса а мегара. ХIунда аьлча, и трилоги дуьненан литературан классически шедеврийн могIаре хIотто мегар йолуш язйича а, Iедало зорбанехь араялийтаре догдохуьйтуш Iаламат кIезиг яра.

Амма цуьнан вухаволийла дацара. И ойла а, Iалашо а Абузаран цIийх а, тIамарх а йоьллера иза кхиазхо волчу хенахь дуьйна.

1968-чу шарахь цуьнан кхолларалли тематика цIеххьана хийцало: оцу шарахь араяьллачу «Маршонан цIарах» шен романехь

цо гойту нохчийн халкъан исторехь XIX-чу бIешеран 40-чу шерашкара схьа 1905-гIа шо тIекхаччалц йолу заманан кийсак.

Оцул тIаьхьа цо язйинчу «Еха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес» романаша а тешийтира литературни критикаш: А. Айдамировс хьалхарчу итт шарахь бина болх цо эпически йоккхачу жанрана беш болу кечам хиларх.

1972-гIа шо чекхдолуш эххар а дуьненчу елира Абузара ткъех шарахь тIехь болх бина, араяккха гIерташ дукха къахьегна трилогин хьалхара роман «Еха буьйсанаш».

Иза арахецийтар доьхуш дукха дехарш яздира цо КПСС обкоман хьалхарчу секретаре, пропогандин, агитацин отделан заведующига, издательствон, зорбанан гIуллакхашкахула йолчу Урхаллин председателе а.

Шен киншка ара ца ялийтарх царна дукха бехк а ца буьллура Абузара.

Амма партин, КГБ органашна ма-дарра ца хаьара Абузаран романа тIехь дерг. КПСС обкоме ша яздечу дехаршна тIехь нохчийн халкъан историх лаьцна яздинарг марксизман-ленинизман а, советски исторически Iилманийн, коммунистически партин а, советски пачхьалкхан а политикин, идеологин а лехамашна дуьззина жоп луш а, исторически фактийн, документийн бух тIехь, советски халкъийн доттагIалла чIагIдарна тIехьажийна а ду, бохуш. Иза чIагIдира рукописна рецензеш язйинчу Туркаев Хьасана а, Сулаев Мохьмада а, къайлабаьхьира цуьнан ма-барра болу чулацам.

Киншкин дуьххьарлера цIе «Iаьржа денош» яра. И цIе ца езаелира издательствехь. Иза киншкин кхоалгIачу декъана а йитина, «Дагийна латта» язйира авторо. Цунна а реза ца хилира. И ший а цIе дукха буьрса хийтира. «Дагийна латта» хьалхарчу декъана а йиллина, «Еха буьйсанаш» цIе тиллира Абузара. Цунна халла резахилира.

Халкъо дика тIеийцира «Еха буьйсанаш». XIетахь нохчийн маттахь арахоьцучу исбаьхьаллин литературан тираж 2-3 экземплярал лакхара ца хуьлура. «Еха буьйсанаш» романан тираж 5000 экземпляр яра. Туьканашка яьллачул тIаьхьа ши бутт балале цхьа киншка ца юьсуш, ерриг а дIийцира иза. Жимма хан яьлча библиотекашкара а дIаелира, еша яьхьначо юха ца йохьуш. Халкъалахь гIараяьлча, наха дIаяьхьира Чеховн цIарахчу республикански библиотекера а. ТIаьхьа, цхьа масех шо даьлча, ша далийтинчу гIалатах кхеттачу Iедало омра дира, «Еха буьйсанаш», библиотекашкара дIа а яхий, ягае аьлла.

Амма республикин цхьана а библиотекехь цхьа а киншка ца карийра. Уьш ерриг а нехан карахь яра.

ЦIерш яьхначу проблемех дукхахъерш схьайиллина, вуьш хIиттийначохь йисина, амма уьш массо а автора оьшуш яра XIX-чу бIешеран шолгIачу эхенгахь хилла халкъан хала а, чолхе а дахар таллархьама. Уьш хIитторца гучудолу вайна халкъан кхоллам цу халкъа юкъара, цунна ямарта хиларца, шайх хьоладай а хилла дIахIиттинчу чкъуро декъаза беш хилар. Исторически бакъдолчунна тIетаIарца яздархочо типически васташца гойту вайна оцу халкъан юкъара хьолахойн тайпано (сословис) дахарехь лехна некъаш, церан мораль а.

«Еха буьйсанаш» роман халкъо езаш тIе а эцна, литературни критико лакхара мах а хадийча дог-ойла гIаьттина, трилогин шолгIачу киншки тIехь болх болийра Абузара.

Кхузткъе уьтталгIа шераш юккъе довллалц мелла а синтеме хилира Абузаран дахар.

Массо а яздархо, поэт шайн цхьа киншка араяьлча сихха иза оьрсийн маттахь арахеца сихло. Иштта иза араяьлча ешархой алсам хуьлу. Абузаран масех киншка араяьллера нохчийн маттахь, амма цунна дага а ца догIура цхьа а произведени оьрсийн маттахь зорбане яккхийта. Уьш цхьа а иза резаволуш яцара. Уьш ешначу кхечу къомах стагана нохчийн халкъ довза, цунах бIаьрг буза хIума карадарх шеквуьйлура автор. Хиржича а ца карайора яздархочунна шен произведенешна юкъахь цхьа а ша дагца къобалъеш.

Абузар ша резаволлуш яцахь а, «Маршонан цIарах» роман оьрсийн маттахь арахецийта дагадеара цунна. Иза оьрсийн матте гочйира хIетахь Москвахь литинститутан студент волчу Албогачиев Мусас. Цо автор резаволлуш гочйира роман. Издательствос шен плане а хIоттийра иза. Цунна рецензеш еллачу Ошаев Халида а, хьалха обкоман пропогандин, агитацин отделан заведующи хиллачу, хIинца персональни пенсионер волчу Эдуард Лиина а дика мах хадийра цуьнан.

Оцу тIехь чекхделира «Маршонан цIарах» романна оьрсийн маттахь дуьне гур ду бохург. Федоровн оцу дешнех кхин тIедетташ, кIаргдеш, шордеш, тIаьхьа говза пайдаийцира Абузаран «Еха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес» романийн дуьхьалончаша.

«Еха буьйсанаш» араяьллачул тIаьхьа «Маршонан цIарах» оьрсийн маттахь араяккха дика реза а вацара Абузар, хIунда аьлча и тIаьхьарниг «Еха буьйсанийн» яцйина вариант яра.

Цкъа хьалха политикин, идеологин агIор шайна хетта кхачамбацарш гIиллакхехь Абузаре дIа а гайтина, тIаккха хастийра цаьршимма цуьнан роман. Романан коьртачу Iалашонах цхьа дош дIа а ца доккхуш, цунна зуламе йолу меттигаш дIа а яьхна, I80 агIо яцйина шозлагIа Москва яхьийтира яздархочо шен роман. ШозлагIа таллам бар цхьана шарахь хьеделира. Цунна рецензеш язйира критика Н. Нефедоровс, гIараваьллачу кавказоведа, исторически Iилманан доктора, профессора Н.А. Смирновс, Нефедовн хьежамаш герга бара В.А. Федоровн хьежамашна Н.А. Смирновн рецензи гIиллакхехь язйинера, амма роман ша ма-ярра арахецар ца магийнера цо а.

Цхьа оьрсий хьалха ца ваьлча, шаьш дан дезарг ца хууш бодане, бIаьрзе хетара царна нохчий! Дукха дог даьттIа, Сорокине кехат яздира Абузара. Дера, ша-м оцу заманахь жимма а гIо дина, нохчех жимма а дог лезна оьрсий ган а ма гайтина шен романа тIехь. Цахилларг яздойла ярий ткъа? Ахь буьйцу декабристаш, прогрессивни оьрсий цхьа а нохчашкахьа а ваьлла, «уьш шайна тIаьхьабуьгуш» ца хилла, мелхо а, Лермонтовн биста кхаччалц, нохчашна тIетухуш, нохчийн цIий Iенош хилла. ШолгIа-делахь, бIешерийн дохалла шайн маршонехьа къийсамехь бахчабеллачу нохчашна ца оьшура оьрсичо шаьш «хьалха дигар». Мелхо а, бIешерийн дохалла помещикийн долахь лайн хьелашкахь, боданехь лаьттачу оьрсийн бIаьрзечу муьжгашна оьшура шаьш маршадаха нохчо.

ТIаьхьа оцу романах лаьцна къамел хилча КПСС обкоман пропогандин, агитацин отделан заведующис Тацитов Александр Ивановича а гайтира Абузарна романан и кхачамбацарш.

1978-чу шарахь Абузаран дахарехь болабелира къийсамийн, иэшамийн, халонийн, баланийн цхьайтта шарахь бахбелла мур.

Москвахь оьрсийн маттахь «Еха буьйсанаш» араяккха ша гIертар республикехь лачкъийна дара Абузаран. Цигахь шен гIуллакх ца хилча, издательствон коьртачу редакторца Дыхаев Вахица барт а бина, издательствон 1978-чу шеран плана юкъаяхийтира и роман. Амма Ваха 1977-чу шарахь балхара дIаваьккхира. Официале иза бехкевора Алироев ИбрахIиман, Чокаев Катин нохчийн маттах язбина Iилманан-талламан белхаш а, Абузаран турецки очеркаш а араяха бакъо яларна. Партин обкомана, органашна а царна тIехь «национализм» карийнера. Официале дуьйцург иза делахь а, Ваха балхара а, Москвахь ВПШ заочно доьшуш волчуьра а дIаваккхаран бахьана кхин дара. Ша мел дукха хьийзаварх, республикин

издательствехь цо ара ца йовлийтинера нохчийн халкъ сийсаздеш язйина илланчин Дацагов Салманан а, КПСС обкоман секретаран Боков Хьаьжбекаран а киншкаш. Дацаговн киншка араяккхийта гІертарг КГБ яра.

70-гІа шераш чекхдовлуш меттигерчу зорбанехь гучуйийла юьйлира оьрсийн-нохчийн исторически юкъаметтигех керла концепци. Нийса аьлча, цхьаболчу историкаша юкъаяьккхина и концепци, кепаш хийцар бен, кхин башхаллаш йолуш яцара нохчийн къоман шен маршонехьа боламашна 50-чу шерашкахь официале йинчу фальсификацешца. Керлачу концепцис чІагІдора нохчийн халкъ цкъа а Россина а, оьрсийн халкъана а дуьхьал ца хилла, царна юккъехь даима гергарлонаш, доттагІалла лаьттина, и боламаш нохчийн халкъана бертаза хилла, иттаннаш шерашкахь лаьттинчу тІамна, Іенийначу цІийна а бехке оцу боламашна коьртехь лаьттина баьччанаш бара, ткъа уьш динан фанатикаш, Турцин, Англин, малбузерчу кхечу колониальни мехкийн агенташ бара, ткъа нохчийн халкъ 1871-чу шарахь шен лаамехь Россих дІакхеттера. ХІунда аьлча, нохчийн халкъана гора шен исторически кхоллам массо а агІор кхиъна йолчу Россица хилар, цо шена прогресс, цивилизаци йохьуш хилар, Турцин, Иранан феодальни олаллина кІел доьдучух ша Россис кІелхьарадаккхар, и.дІ.кх. а. ХІинца цхьана агІор сийсазбора и боламаш а, церан куьйгалхой а, ткъа вукху агІор ма-хуьллу хестабора иттаннаш шерашкахь нохчийн къоман цІий Іенийна паччахьан инарлаш а, меттигера церан хьадалчаш − нохчийн къомах бевлла эпсарш, совдегарш, мехкадай а.

И концепци кІез-кІезиг яржош, 1978-чу шарахь дуьйна зорбанехь, телерадион гІирсашца а, ишколашкахь, вузашкахь халкъа юкъа яржо йолийра. Цуьнан коьрта цІузамчаш бара исторически Іилманан доктор В.В. Виноградов, исторически Іилманан кандидаташ Умаров Сираждин, Магомадова Тамара, кхин цхьамогІа цІуьхІарш а.

Юьхьанца Абузарна а ца хаьара и дерриг а Москвара схьа КПСС ЦК сацамашца а, гайтамашца а дуйла. Цкъа профессор В.В. Виноградов Нажи-Юьрта валийра оцу хьокъехь районерчу лек-торшна, пропагандисташна лекци еша. Партин райкомехь дуккха а ладогІархошна хьалха иза лекци ешна ваьлча, тІаьххье трибуна тІе хьала а ваьлла, Абузара къамел дира Виноградовс дийцинарг цхьа а тайпа исторически бух болуш хІума дац, иза ерриг а цІена фальсификаци ю аьлла. Амма оцу фальсификаторша шайн болх бора халкъа юкъахь. Цаьрга дІаеллера зорба а, телевидени а.

«Еха буьйсанаш» оьрсийн маттахь ешча обкоман а, КГБ органашна а хиънера цунна тIехь яздинарг «керлачу концепцина» нийса дуьхьал хилар.

Айдамиров Абузарна а, цуьнан кхолларалла а тIехула гуллуш Iаьржа мархаш яра. Издательствос ца магийра роман.

«Лаьмнашкахь ткъес» романехь гIаттаман тема

А.Айдамировн «Лаьмнашкахь ткъес» роман тIехь дуьйцуш дерг Зандакъара имам Iаьлбаг-Хьаьжа коьртехь а волуш 1877–1878-чуй шерашкахь паччахьан Iедална дуьхьал хиллачу гIаттамах дара. Яздархочо иза книжни издательстве дIаелира 80-гIа шераш дуьйладелча. Амма партин идеологаша шийтта шарахь рецензенташка дIасакхийсийтира цуьнан роман: иза зорбане магош а, ца магош а гучубевлира дукха нах, шайх «рецензенташ» олуш берш. Яздархочо, оцу «рецензентийн» жимма а пайдехь долу хьехарш кхочуш а деш, къар ца луш болх бора шен роман тIехь.

А.Айдамировн «Лаьмнашкахь ткъес» роман тIехь юьйцург 1877–1878-чуй шерашкахь паччахьан Iедална дуьхьал хиллачу гIаттамах лаьцна дара. 80-гIа шераш дуьйладелча дIаелира яздархочо иза книжни издательстве. Амма партин идеологаша иза зорбане магош яцара. Яздархочо, къар ца луш болх бора шен роман тIехь.

«Лаьмнашкахь ткъес» «Еха буьйсанаш» трилогин (цхьана темина язйина кхо роман) шолгIа дакъа дара. Ткъа оцу трилогин кхоалгIа дакъа − роман «Дарц» − зорбатоьхна араелира 1999-чу шарахь. Цу тIехь паччахьан Iедало 1905–1913-чуй шерашкахь Нохчийчохь хIоттийна къиза хьал кIорггера довзийтира яздархочо.

«Дарц» романехь обарг Зеламхинваст

«Дарц» романан коьрта турпалхо мискачу нехан накъост, гIоьнча Хорачара обарг Зеламха ву, халкъана юкъара схьаваьлла стаг ву, халкъо шен лоруш хилла дIа а хIоьттина иза. Дайн Iадаташ, ламасташ ду цунна шен дахарехь коьрта дерш, цундела волу и цкъа дуьххьара шайн доьзалан, тIаккха кхечу бахьанашна а, дерриге а халкъана а сий лардаран некъа тIе. Оцу новкъахь дерриге а хилла Зеламхин: кхиамаш, халонаш, халкъан орцахочун сийлахь цIей, цуьнца цхьаьна халкъана тIе баланаш бахьа цIе а.

Обарг Зеламхин цIе яьккхича, вайна хьалхахIутту майрачу, кадечу, мостагIчух къинхетам ца бечу халкъан орцахочун турпала сурт. Бакъду, хила а хилла иза нохчийн бакъволу къонах, шегара

масалла эца дуккха а долуш. Цкъа дуьххьара шайн цIийнан сий дайъинчарна бекхам бан араваьллачу цунах халкъан бекхамхо хуьлу. Iедалехьара шайца нийсо лелор йоций кхеттачу Зеламхас уггар хьалха шайн доьзалан мостагIашна бекхам барна тIера дIаболало обаргаллин некъ, тIаккха меттигера Iедало бахархошна ницкъбарна дуьхьалбоккху цо шен ницкъ, шен оьгIазло а. Цундела халкъо дукха леррина ларвора, Iалашвора иза. Зеламха Iедале лаца ца валаран бахьана а и дара – халкъо цуьнан доладар. Амма иштачу новкъа ваьллачун гIалаташ ца хуьлийла а дац, уьш ларамаза я ца кхеташ дуьйлу. Иштта гIалаташ дуьйлу Зеламхех а. Бакъбоцу нах кхелха хIокхуьнан а, накъостийн а карах, хIорш бахьанехь ярташна таIзарш до, набахтеш чу кхуьссу, Сибреха дIахьийсабо. Зуламашна дуьхьал зулам даьккхича, шина а агIорхьара шорлуш, кIаргло. И гучу Зеламхас кIорггера ойланаш ян йолайо шен некъан, шеконаш а кхоллало даг чохь.

Хууш ду, Зеламхица уьйр йолуш, цо сий деш нах хилла хилар Нохчийчохь. Царна юккъехь Эвтарара эвлаяъ Баматгира-Хьаьжа а, Шелара Соип-Молла а, ШериповгIеран Жаьмалдан кIентий а. Царах дагавуьйлуш а хилла иза.

Цкъа Соип-Молла волчохь Зеламхас шегара бала балхабо цуьнга, шайна бехкбоцуш тIедеана мостагIалла, Iедало шайн доьзалш беригге юьртах бахар, шаьш ломахь, хьаннашкахь кхерсташ лелар а дуьйцуш. Соип-Моллас ша ма-дарра, лечкъа а ца деш, хьуламаш а боцуш, кхетаво иза. Церан дов долалуш шина а агIор болчара, Делан нийсачу новкъара а бевлла, машарца хила тарлург зуламечу новкъа даьккхина, тIаккха кхоалгIаниг а – меттигера Iедал – юкъагIоьртина, хIокхара санна, Дала гайтина некъ талхош. Цу кепара дIадоладелла и зулам кIаргдаларца деста, шел тIаьхьа жоьра зударий, бобераш дуьтуш, Сибрехахь бала хьега дуккха а нах дIахьийсош. Соип-Моллас тIечIагIдо керста, оьрсийн Iедал къиза а, ямарт а хилар, цуьнгахь къинхетам бацар а.

«Дарц» романехь къеггина гайтина Зеламхин васт. Оцу чолхечу заманан хьелаша обарган новкъа ваьккхина иза дукха ган а, лан а язделла стаг хилла. ТIахъаьлла, каде, герз лело говза, гуттар а толамхо хилла Зеламха чекхваларна тIе тидам бахийта ца гIерта автор. Бакъду, шен ницкъаца, герзийн гIоьнца, шен обарган цIарца а хийла дика гIуллакхаш до цо халкъана. Цо адамаш кIелхьардоху Iедалх а, талорхойх а, луьра бекхам бо хьаькамашна, ямартхошна, нахана ницкъ бечу кхечарна а. ТIаккха кхин хIун оьшура халкъан

орцанхочунна, ша лоруш а, цIе йоккхуш а хилча, шен и цIе ерриге а Россехь, цул арахьа а яьржина, юьйцуш, евзаш хилча?

Амма Зеламхин тIаьхь-тIаьхьа сагатдо шен гергарчийн, нохчийн халкъан хьелаша, уьш ша бахьанехь баланаш, Iазапаш ловш хиларна. Цу тIе а хIокхуьнан мостагIий а бац паргIатбевлла Iаш, цара а тайп-тайпана кхечеран зуламаш хIокхуьнан коча тоьтту, хIара царна бехкевеш. Миска нах тешар болчу агIор и хабарш даржо, эладитанаш кхолла говза ду меттигера Iедал. ХIокхо вийначу хьаькаман метта цул а тIехваьлла боьханиг караво дIахIотто. Шена хьалха тешаме хиллачу ярташкахь а, нахана юкъахь а Iедалан хIиллане политико кхоьллина ямартхой гучубуьйлу цунна. Ша бахьанехь хуьлу халонаш тIех язъяларна, нах бовл-бовлуш шех херабовлуш хилар а го. Дерриге а дуьне дуьзна долчу зуламна дуьхьал ша къийсар эрна дуй-те бохучу хаттаро а ницкъ бо цунна. Соип-Моллас, Абубакаран Iелас шега дийцинчо а кхетаво иза дуккханах а. Герзаца зулам эшалург цахиларх а кхета, цу тIехь толам адамийн юкъараллин синкхетамо бен боккхург цахиларх а теша волало.

Обарг Зеламха шен замано, дахаран а, политикин а хьелаша кхоьллина турпалхо ву. Шен кхетаме, хьежамашка хьаьжжина дIабаьхьна цо шен къийсам а.

Айдамиров Абузаран йоIа Машара дуьйцу шен дех дагалецамашкахь: «Иорданехь бехачу нохчаша, кар-кара а оьцуш, дуьйцу шайн дайн, мухIажарийн, кхолламах лаьцна. Дуьйцу говза а, хийрачу махкахь шаьш йоI-бIаьрг санна экаме ларбинчу ненан маттахь.

Ненан мотт! Мокхаза тIулгаш, шира бIаьвнаш, сира лаьмнаш къамеле дохуьйту гIирс. Заманан аганахь Iуьллу, нохчийн къоман цIена са хийрачух лардеш, гIаролехь сема ха де гIарол.

Вайн ненан мотт −къоман, Даймехкан кхерч хилар, синмехаллин мерза, токхе кхача хиларан къеггина тоьшалла дара Иорданехь бехаш болчу нохчашна юкъахь буьйцу мотт а, оцу маттаца цхьана ларделла гIиллакхаш а, Iадаташ а.

Со хIинца тийшира Даймохк даг чохь миччанхьа а дIабахьалург хиларх а, оцу тешамечу безамна тIекховда зама гIорасиз хиларх а.

ХIокхеран дай-м хийрачу махкахь мухIажарш а хилла леллера, ткъа ДегIастанахь, шайн дайн махкахь, дай хилла баха ца буьтуш, шайн даймахкахь мухIажарш хилла хIинццалц схьабаьхкинчу нохчийн къа мича даха деза-те! Цул декъаза кхоллам хуьлий-те?

«Цхьа дика доцуш вуо а ца хуьлу», − олуш ду-кх халкъалахь.

Иорданехь карийра суна вайн къоман историн яйна зIе. Цхьа бIе шовзткъа шо сов хан яьлча. Цара шеца дIадаьхьира йозане дилла кхиъна жайнаш а, хиламийн дагалецамаш, тоьшаллаш. Иза дерриге а лерина лардина шайн турпалчу дайн хьакъйолчу тIаьхьено.

Абузаран кхолларалла евзаш а, езаш а, яздархочо ала гIиртинчух нийса маьIна дан а, ойла ян хууш а карийра тхуна генарчу махкахь бехаш болу нохчий. Иштта бен хуьлийла а дацара иза −Айдамиров Абузара язбина хIора могIа нохчочунна язбина бара.

−Абузар −нохчийн къоман верас вара, нохчийн къоман сема Iу! − Шена иза дуьххьара гар а, цуьнца хилла цхьанакхетарш а дуьйцура тхо дIа мел даханчохь.

Яздархо дуьххьара хиллера Иорданехь 1990-чу шеран 31-чу октябрехь. Цуьнца хIетахь вара Туркаев Хьасан а, Плиев Мохьмад-СаIид а. Оцу цхьанакхетарехь дуьйцу тхуна Иордани Парламентан депутат волчу Самахьа. Кхаа дийнахь хьошалла лелийра цунна Иорданерчу нохчийн вежарша. Амма оцу кхаа дийнахь хиллачу цхьанакхетарша, цигахь динчу къамелаша ондда лар йитинера цигарчу нохчийн иэсехь. Цул тIаьхьа Нохчийчохь хилла тIемаш, къизаллаш, дийнначу къомана йина геноцид − шадерриге а Абузара шен кхолларалле хь хIора дашца, иза хиларна кхоьруш, шен къоме баьхна орца дуй а хиънера.

− Сан а, Абузаран а дукха къамелаш а, дагавийларш а хуьлура оцу кIуркIманечу заманчохь…− Ойланашца оцу шерашка вухавирзинчу Iабдул-Бакъи Джамон юьхь гIайгIане кхоьлира. −Тхан орцане, шийлачу маьхьаре ладугIуш, кхеташ кIезиг бара. Адам бIаьрзе динера, къора… ХIинца мукъана сема хила деза вай, долчун пусар а деш, хьекъалчашка ла а дугIуш, къоначу Президентана Кадыров Рамзанна муьтIахь долуш, иза лар а веш… ДегIастанахь мел хуьлург − диканиг, вониг − тхох ца хьакхалуш, тIех ца долу. Тхан Даймохк ма-бу иза, вай цхьаъ ма-ду! Дала зен-зуламах лардеш, машаре, беркате дахар лойла вайна!

«Маршонан цIарах», «Еха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес» − Iаьрбийн матте гочъяр бахьанехь девзира яздархочун дош, хезира цуьнан аз. Хьалхара шиъ киншка гочйинарг − инарла Iабдул-Хьамид − воцуш карийра тхуна (Дала гечдойла цунна), тIаьхьарнаш гочйинарш − Набийла а, Фози а − тахана а кийча ву Абузаран киншкаш кхидIа а гочъян. Яздархочун дезткъа шо кхочуш и болх чекхбаккхаре са а туьйсура цара, юбилейхь оцу дезчу совгIатца дакъалаца лаам а болуш.

− Абузара вайн къам цхьанатохарехь къахьегна, цу тIехь цуьнан боккха кхиам а хилла, − баркаллица, боккхачу лерамца олу цара и дешнаш.

− Абузара даьккхинарг ду-кх ДжихIад, ша яздинчу бакъжайнашца! − Абузаран кхолларалла шен къамел дерзош элира вевзаш волчу инарлас Iабдул-Латифа.

Иордани махка тIе ког билличхьана дуьйна, тхо мел нисделлачохь а карадо Абузаран сий-лараман тоьшаллаш.

− Тхан музейхь уггар а хьурмате меттиг Абузарна лерина хир ю! − олуш, Самис яздархочун дахарх, кхолларалле лаьцна схьагулйина дуккха а материалаш гойту тхуна.

− Нохчийн воккха яздархо, Айдамиров Абузар, вуьйцуш дукха хезна тхуна. Цуьнан кхолларалла йовза таро хилийтинчу гочдархошна доккха баркалла боху оха! −элира Иордани яздархойн Лигин Председатель волчу СаIид Iубайлага. Шена вайн Iадаташ довзар, ларар гойтуш, хьошалла лелийра цо тхуна. «Нохчийн яздархочун Абузаран а, Iарбийн яздархочун ГIалаб ХIалласан а йозанан хатI а, философи а чIогIа гергара ю, цу тIехь билгалдолу и тайпа яздархой дуьненан юкъара хилар а, вай цхьаъ хилар а»,−аьлла, совгIатана шаьш вуьйцучу гIарваьллачу яздархочун ГIалаб ХIалласан исс томах лаьтта гулар елира тхуна СаIида.

«Ненан дог» цIе йолу повесть

«Ненан дог» цIе йолу повесть Айдамиров Абузара язйина 1961-чу шарахь. Чолхе яц оцу повестан сюжет. Цу тIехь цо дуьйцу школан завхозо СаьIида шен кхаа беран нанна Курсамна тIе зуда ялорах, ткъа юкъаралло иза цуьнга йитийтарх а, и шен доьзална тIе юхаверзарх а лаьцна.

Вайн дахарехь хIинца а нислуш ю и тайпа меттигаш. Амма повесть язйинчу хенахь (60-гIа шераш дуьйлалуш) нохчийн юкъараллин дахарехь зудчунна тIе зуда ялор, кхиаза йолу йоI маре ялар, мехкаршка школехь а, кхечу дешаран заведенешкахь цадешийтар – и проблемаш кест-кеста хуьлура. Цундела дахарехь хуьлуш лаьттачу хиламашна сема волчу яздархочо шен кхолларалин берриг а ницкъ дIало оцу юкъараллин дахарна хьалхахIуьттучу халонашна исбаьхьаллин дашца жоп далархьама, Айдамировс, вайн ярташкахь долу дахар, нехан вовшашца хилла юкъаметтигаш, церан психологи, церан дахарехь хIора дийнахь хуьлуш болу хийцамаш шена дика гаре терра, кIорггера гайтина повестан турпалхойн амалш.

Повестехь турпалхой дукха бац. Уьш бу СаьІид, цуьнан зударий Курсам, Асет, школан директор Берсанов, парторг Вахий, Курсаман нана Куржан. Церан вовшашка Іоттаеллачу юкъаметтиго йовзуьйту вайна оцу турпалхойн амалш.

Шен заманца цхьаьна хьалхахьа ваха ца лууш стаг ву СаьІид. Цо, Асетан хазаллах Іеха а лой, шен зудий, бераш дІа а кхуьссий, шолгІа зуда ялайо. Дахарехь хуьлуш долу бакъдерг гучу яздархочо нийса мах хадабо оцу хиламан. СаьІида Асет ялийча, юьртара дукхахболу баккхий нах и гІуллакх ца товш иза шен доьзална тІеверзо гІурту.

Коьрта долчунна, парторг волчу Вахас, школан директора бинчу хьехамаша воккху СаьІид нийсачу новкъа. Асет, зезагашна тІехула лела полла санна, дахаран ойла ца еш, цкъа цхьаьнга йоьдуш, цул тІаьхьа кхечуьнга йоьдуш лелаш ю. Безам, деган йовхо, оьздангалла – и тайпа кхетамаш цунна бовзац.

Цунна масал лара мегар дара Асета ша йолчу деанчу СаьІидан шина берана еттар а, уьш бахьанехь СаьІиде и лер а. И тайпа нах дахарехь болуш бу. Цундела яздархочо шен декхар лерина церан еса ойланаш, сонта амалш Іораяхар.

Кхин чулацам болуш ду Курсаман васт. Иза хьанал къахьоьгуш стаг ю, шен доьзална хьоме нана а ю. Цуьнан амалехь а хааделла яздархочунна вайн тишделлачу гІиллакхаша лар йитина хилар. Масала, шена тІе зуда а ялийна СаьІид охьахиъча а, даго ца йитира иза юкъараллин гІоне ладогІа: иза, цунна хетарехь, «товш дац».

Тахана ша кхаьчначу сий-лараме, халкъан безаме а яздархо цхьана дийнахь ца кхаьчна. Цхьа а бакъо а йоцуш, шайн Даймахка цІа дан аьтто боцуш долу нохчийн къам бехдар, сийсаздар Іаьткъинчу Абузара къолам караийцира ХХ-чу бІешеран 50-чу шерашкахь. Оцу хенахь ша болийна къийсам толаме кхочург хиларх тешам шен кІезиг хиллехь а, лаам цхьаъ бара цуьнан: шен халкъана йоцу цІераш коча ца тийсийтар, цунна шен болчу ницкъаца орцахвалар.

Заманна хьалха гІорасиз хилла, къарвелла ца соцуш, мел шен къаьхьа къурдаш дан дезнехь а, исбаьхьаллин дашца, историн бакъдолчунна тІе а тийжаш, произведенеш кхолла вуьйлира Абузар. Цо яздина хьалхара дийцарш, повесташ, стихаш къоман дІадаханчу дахарх кхета, адамийн дуьнене болчу хьежамийн дуьхе кхиа гІерташ цо йина ойланаш хилла ца Іара. Уьш яздархочо ша тІаьхьуо язйийр йолчу «Маршонан цІарах», «Еха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес», «Дарц» романашна бина кечам бара.

«Еха буьйсанаш», Нохч-ГІалгІайн литературехь хилла ца Іаш,

Къилбаседа Кавказерчу къаьмнийн литературашкахь а доккха маьІна долуш хилам бара. ХІоранна а шена ган луург гора оцу романехь, амма массаран а дог-ойла гулйинарг, бІаьрса а, кхетам а ирбинарг цхьаъ дара: нохчийн къоман хилла, кхечу къаьмнийн санна, шен истори, иза а даьхна диканна а, вонна а юккъе зил тухуш, шен Даймахке доза доцу мерза безам дагчохь къуьйлуш. Дуьххьара исбаьхьаллин дашца шех бакъ дош деша а, хаза а аьтто хилира халкъан.

Цкъа а цхьа а яздархо ца хиллачу тІегІане хьалаваьккхира Абузар халкъо. Хастамечу дешнаша кура-м муххале ца ваьккхира яздархо, мелхуо а исбаьхьаллин агІор кхин а тоьлла произведенеш язъеш къахьийгира. Цо кхоьллина Іелин, Маккхалан, Аьрзун, Іаьлбиг-Хьаьжин, Зеламхин, Айзин, кхин а, кхин а васташ халкъана гергара хилла дІахІиттина.Яздархочун кхолларалло тоьшалла до: иза шен произведенешца къам лардан гІерта вуочух, бохамех, историера масаллаш далош.

«Лаьмнашкахь ткъес» «Еха буьйсанаш» трилогин (цхьана темина язйина кхо роман) шолгІа дакъа дара. Ткъа оцу трилогин кхоалгІа дакъа − роман «Дарц» − зорбатоьхна араелира І999-чу шарахь. Цу тІехь паччахьан Іедало 1905–1913-чуй шерашкахь Нохчийчохь хІоттийна къиза хьал кІорггера довзийтира яздархочо. Романан коьрта турпалхо мискачу нехан накъост, гІоьнча Хорачара обарг Зеламха ву.

«Дарц» романан коьрта турпалхо мискачу нехан накъост, гІоьнча Хорачара обарг Зеламха ву, халкъана юкъара схьаваьлла стаг ву, халкъо шен лоруш хила дІа а хІоьттина иза. Дайн Іадаташ, ламасташ ду цунна шен дахарехь коьрта дерш, цундела волу и цкъа дуьххьара шайн доьзалан, тІаккха кхечу бахьанашна а, дерриге а халкъана а сий лардаран некъа тІе. Оцу новкъахь дерриге а хилла Зеламхин: кхиамаш, халонаш, халкъан орцахочун сийлахь цІей, цуьнца цхьаьна халкъана тІе баланаш бахьа цІе а.

Обарг Зеламхин цІе яьккхича, вайна хьалхахІутту майрачу, кадечу, мостагІчух къинхетам ца бечу халкъан орцахочун турпала сурт. Бакъду, хила а хилла иза нохчийн бакъволу къонах, шегара масалла эца дуккха а долуш. Цкъа дуьххьара шайн цІийнан сий дайнчарна бекхам бан араваьллачу цунах халкъан бекхамхо хуьлу. Іедалехьара шайца нийсо лелор йоций кхеттачу Зеламхас угар хьалха шайн доьзалан мостагІашна бекхам- барна тІера дІаболало обаргаллин некъ, тІаккха меттигера Іедало бахархошна ницкъбарна

дуьхьал боккху цо шен ницкъ, шен оьгIазло а.

ХIора къоман а хуьлу шен верас, дийнна къоман цIарах дош ала бакъо йолуш къонах. Нохчийн къоман а вара и саннарг бархI шо хьалха – Айдамиров Абузар. 29-чу октябрехь 90 шо кхочур дара цуьнан, вайга ца хоьтту, цхьаъ дIавоьду, ткъа важа ваха вуьсу Винчу дийнахь яздархо дага а лоцуш, тхан колледжехь нохчийн меттан урокашкахь дIаяьхьира цхьамоггIа мероприятеш. Уьш вовшахтохаран Iалашо яра студенташна поэтан кхолларалла, дахаран некъ бовзийтар, кегийрхой кхетош-кхиоран болх литературехула а пайдаоьцуш дIахIоттор а. Нохчийн халкъан яздархочун Айдамиров Абузаран цIе цкъа а дIаер яц нохчийн литературера а, юкъараллин дахарера а. Вайна тIехь дерг ду уьш къоначу чкъурана йовзийтар, цуьнан кхолларалли а, дахаран а масал тIехь вешан кхане кхиор а.

II. АРСАНУКАЕВ ШАЙХИН ДАХАР А, КХОЛЛАРАЛЛА А

Вина Веданан кIоштан Дишни-Веданахь 1930-чу шеран 15-чу августехь. Дешна Семипалатинск-гIаларчу финансийн технику-мехь. Чекхъяьккхина Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан хьехархойн институт. Къахьегна: финансийн органашкахь, зорбатухийлехь – редактор, «Орга» альманахан коьрта редактор, яздархойн Союзан правленин председатель (1988–1994). Поэт, гочдархо, публицист, критик.

Книшкаш: «Лаьмнашкахь Iуьйре» – 1965, «Безаман шовда» – 1967, «ЦIеран суй» – 1969, «Новкъахь» – 1970, «Стихаш» – 1971, «Сийна некъаш» – 1973, «Лакхенан гIиллакх» – 1975, «Тешам» – 1978, «Керла де» – 1980, «Кхолламан сизаш» – 1987, «Лаьмнийн иллеш» – 1991, «Сийна гене» – I-ра том – 2009, «Уьш харжа йиш яц» – II-гIа том – 2009.

Арсанукаев Шайхин кхолларалли хьалхара гIулчаш, иза яздан волалуш волу къона поэт велахь а, ондда яра. Хьалхара стихаш майийшшинехь, хааделира книшкаш ешархочунна Шайхин корматалла нохчийн классикийн С. Бадуевн, М. Мамакаевн поэтически кхолларалли на тIехь дебна а, кхиъна а йогIуш хилар. Цундела кхеташ ду, волалуш волу поэт цхьана кIеззиг йолчу ханна дахаран а, кхолларалли а некъаш Iаламат эвсаре хиллачу къаношна карийначу идейша а, васташа а шайна чохь сацор. Литературина юкъавогIуш

волчу муьлххачу а яздархочун хилла а, ца хилча ца болуш а болу некъ бара стихаш язъян волалуш Шайхис бинарг а.

Цуьнан хьалхарчу стихашкахь хаалора къоначу поэтан дахаран хазалло хьехна сирла ойланаш нахана йовзийта гІерташ йолу Іалашо. «Сирла ю ойланаш, кийрахь дог ойбуш», – яздора хІетахь Шайхис «Лаьмнашкахь Іуьйре» (1965) гуларна чуйогІу стихаш ешархочун дог ойъуш, цуьнан дахаре болу безам тІечІагІбеш яра.

Масала, Даймохк безаш ша хилар хоуьйтуш,

Даймохк, хьох къаьстича
Вахар а оьшуш дац,
Цхьана хьоьца декънарг бен
Кхин ирс со лоьхуш вац, –

Аьлча, тоам бира хІетахь Шайхис. ТІаьхьо, вайн деношкахь, Даймахканий, цуьнан даге хьоьжуш волчу Даймехкан кІантаний вовшашца йолу идейни, философски уьйраш, къайленаш гучуйоху цо.

Хьалхарчу гуларехь а хаалора поэтан кхолларалле хь тІаьхьо кхин а кІарглур йолуш йолу теманаш. Царех къаьсттина билгалъевлларш яра поэтийн-гуманистийн исторически вовшашца хилла йолу зІенаш, хьомечу халкъан тайп-тайпанчу халкъийн кхиаран проблемаш, заманан сиха болар а стагана лаьтта тІехь вахарна билгалйина хан вуно кІезиг хилар а, цо дан дезаш долу гІуллакхаш а.

«А.С. Пушкине» цІе йолчу стихотворенехь сийлахь-воккхачу гуманистан хІусам ган лиъна веанчу нохчийн поэта дуьйцу оьрсийн классико Кавказан ламанхойн хьокъехь йинчу ойланаша керла, нуьцкъала поэтически дош кхуллуш хиларх лаьцна.

Оцу темица къасталур йоцуш цозуш ю поэта хІиттийна нохчийн дог-ойланийн хазна кхиаран проблемаш. «Ненан мотт» стихотворенехь «Лермонтовс, Толстойс а ладегІна, Услара даггара хестийна, моз санна мерза, ламанан шовданал цІена болу» нохчийн мотт цхьацца болчара «доьзалехь бийцар а дастам а хеташ, сов къен бу дешнашца, бац атта кхеташ», бохуш, дІатасаран тІаьхьенан маьІнех дика кхеташ волчу поэта хІоттайо проблема: къаьмнийн, халкъийн вовшвшна тІеттІа хилар дозуш ду церан меттанаша, культураша зазадаккхарца.

Дуьххьара ешархочуьнга кхаьчначу шайхин стихашкахь тІаьхьо хинйолчу шуьйрачу ойланийн хьалхара хаамаш хаало. Лаьтта тІехь дан дезачу хьанал гІуллакхийн маьІна шен халкъан, Даймехкан

кхолламца дозуш хилар хоуьйту цо вайна «Замане» стихотворени тIехь:

Хаац мел хир сан некъ беха,
Мичхьа кхочур со.
Амма херлур вац сайн халкъах,
Цунна дуй ас ло!
Синтем боцу дог сан кийрахь
Детталуш мел ду,
Даймахкана гIуллакх дан а
Даима кийча ву.

Оцу Iалашонна тIекхача гIерташ шегара ондда хьуьнар гайта, шен берриг а ницкъ дIабала стаг паргIатхила веза – и маьIна ду «Лаьа суна» стихотворенин. Оццу стихотворенехь дуьххьара гучуйолу Арсанукаевн кхолларалле хь гуманизм тIечIагIъяран, тIамна дуьхьал йолу ойланаш.

Дахаран кIорге, дуьненан шоралла гар, Iаламо стаге кховдийначу ницкъан, хьекъалан хьесапах кхета гIертар догIу тIеттIа цуьнан стихашна юкъа. Лирически турпалхо, наггахь, хьалхарчу стихашкахь шен дагой, бIаьргой схьалаьцначух воккхавеш и хиллехь, хIинца муьлх-муьлхачу а кега-мерза хIуманех цец а ца вуьйлуш, стеган дахаран Iалашо, цуьнан ницкъан къайле гучуяккха гIерташ ву. «Дахаран гIовгIа», «Некъахо», «Инзаре ницкъ», «Дахаран денош», «Дуьненчу валале мичахь со хилла?», «Сан некъ», – иштта дIа кхин а дукха стихаш ю поэтан, шайн чулацамехь лирически турпалхочун дахарх лаьцна ойланаш еш йолу. Хьалха, кхолларалли н хьалхара гIулч йоккхуш, оцу турпалхочунна «лиъне ра ирсехьа кховда», гIайгIанна ваьлла…гена».

Моьттура поэтан шовда
Тийналлехь бухдуьйлуш, Iена…

ТIаьхьо кхета иза: «гIовгIанах яц ведда гIойла, дахаран гIовгIа и хилла!» Цундела шен декхар, оцу дахаран гIовгIанна юккъехь а волуш, иза кхин а хаздар, лаьтта тIехь токхе яржор лору цо. «Со – адам» цIе йолчу стихотворени тIехь кхоччуш йовзуьйту цо шен Iалашо.

Кхиъна со.
Инзаре ницкъ IаьIна дегIехь!
Ткъа хIинца гIаьттина

Дуьне а эшо,
Сирла бІаьрг бетта ас.

«ХІун ду цул дехьа?»

Кхузахь долчу, шуьйра чулацам болчу тардарша лирически турпалхочун вастан философски чулацам шорбо, цара кхуллу шегахь хьекъалан, технически ницкъо космос талла а, кхидолу дуьненаш лаха а корматалла йолу, гуманизмах вуьзна волчу стеган васт. «Инзаре ницкъ» стихотворенехь и тема кхин дІа а шорйо Арсанукаевс: «Цкъа хІордан бух охку, хаккало тІаккха космосе, ткъес санна, латта дуьтуш!».

Даймехкан, доттагІаллин теманаш

Даймехкан сий дар, цуьнан дуьхьа шен вахар, са дІадалар – иза ду вайна хьалхарчу рогІехь поэтан лирически турпалхочун амалехь хаалуш дерг. Бохь лекхачу волучу оцу турпалхочун дагара цкъа а дІа ца долу ша «сийлахьчу Даймехкан гражданин» хилар. «ХІора стеган ши нана ю», – и сирла ойла дагара ца йолу оцу турпалхочун. «Ши нана» стихотворенехь «кІант вина нана, ахь стенна йо ойла?» – олий, хаттар дой, дуьйцу оцу турпалхочо шен дагара: «кхайкина озо дІа генна, гІаттийна Декхаро». Уьш Даймехкан – шолгІачу ненан – аз а ду, цунна хьалха долу декхар а ду. «ГІаролехь латта, шен кІант дІавоьхуш бу Даймохк – вайн Нана».

Даймохк боху дош, Даймахке болу безам поэтан кхоллараллехь кІорггера чулацам болуш дешнаш ду. Даймехкан вастан шоралла йогІу цуьнан поэзехь, цо оьрсийн, украинцийн, гуьржийн иштта дІа кхечу халкъийн васташ дахкар бахьана долуш. Цуьнан поэзина шуьйра юкъаяьржинчу кхечу халкъашка йолчу доттагІаллин, безаман дог-ойланаша, церан синмехаллин хазнех воккхавеш, цунах пайдаоьцуш волчу лирически турпалхочо дохкучу исбаьхьчу васташа кхуллу Даймехкан дийнна васт.

Лирически турпалхочун дог ира-карахІоттийна, иза дахарехь хІайтъаьлла вийриг кхо лакхе ю. Нохчийчоь цуьнан хІусам ю. «Цул еза меттиг яц дуьненчохь дагна». «Кавказ – со вина юрт. ХІора гуо кхузара хьоме бу суна».

Ткъа Росси – Даймохк бу
Сан Сийлахь-боккха.
Бохь лепа
Кхо Лакхе –
Сан кхоллам,

Безам.

«Кхо Лакхе»

ДоттагIаллин тема дIайолаелира Шайхин кхолларалле хь «Суьрта хьалхахь» стихотворенехь. Гуьржийн сийлахь-воккха поэт Шота Руставели вина 800 шо кхачарна язйина цу стихотворенехь кIорггера гойту цо «жима нохчийн халкъ» Шота Руставели «везаш, лоруш хилар». Ткъа вайн дегнашна боккха кхаъ луш ду кхечу къаьмнийн йолчу синмехаллин хазнех нохчаша пайдаэца безар тIечIагIдеш поэт хилар.

Къаьсттина дукха ю Арсанукаевн поэзехь Гуьржийчоьнан, Украинан халкъашна лерина язйина стихаш. Харц хир дацара, нагахь вай оцу стихашкахь доттагIаллин вежаршка поэтан болу безам санна, кIоргера бу аьлча. «Дакх, лаьтта, корта а оллийна, доьлхуш», «Тбилиси», «Нана-Гуьржийчоь монумента хьалхахь», «Алазань», «Кахети» – иштта цIерш ю Арсанукаевс Гуьржийн махкана, халкъана язйинчу стихийн.

Тбилиси…суна и шина суьртехь го,
Ший а ду дагна сов хьоме;
Цкъа моьтту – хьекъале ненан юьхь го.
Цкъа хета – нускал го, олий.

Мел хьоме дешнаш карийна поэтана Гуьржийчоьнан васт дилла – хьекъале нана, нускал! И ший а дош хIора стеган дахар дуьззина деш, хаздеш, стеган доьналла латтош ду. Лулахойн лаьттан, гуьржийн вежараллин халкъан васт дуьллуш шатайпа, цхьаммо а лелоза долу дешнаш карийна поэтана. Цара йо Гуьржийчоьнна язйинчу стихийн циклан къаьсттина йолу исбаьхьалла. Ненан монументан ши куьг ду поэтан дуккха а ассоциацин ойланаш самаяьхнарш. «Сов сема ду ши куьг ненан, гIуллакхна даима кийча ду ший а…Цхьа куьг ду комаьрша – хьешана тIера. Важа ду нуьцкъала – ца бевзаш кхерам, кийча ду тур айа и мостагIчунна». «Зоьртала гIаьттина, дог кура лаьтта» и нана. Цуьнан ши куьг «ширачу лаьмнийн ши амал» ю.

Нохчийн, гуьржийн исторически схьаеъначу цхьаллех, церан доттагIаллех лаьцна десачу дешнашца ца дуьйцуш, кIоргера исбаьхьачу басаршца дуьйцу:

Органера салам эца,
Алазань,
Цхьана хIордан хиш шу деца,
Алазань,

Цхьана диттан ду шу генаш,
Алазань,
Цхьана деган шу ду пхенаш,
Алазань!

«Алазань»

Вежараллин халкъашка, церан мехкашка бахана безам кхоччуш бийца гІертаро керл-керла исбаьхьаллин жовхІарш карадойту поэтана. Амма, В. Маяковскийс ма-аллара, шен безаман кІорге йовзийта оьшшу дош ца карош, холча а хІутту поэт. Ткъа хьовсур вай муха хІоттадо поэта карийначу дешнаша оьздачу Украинин, цуьнан кІентийн васташ. «Шовда санна хьаьъначу» лилула-сийначу стигал кІелахь «керча ялтийн тулгІеш. Зарзарийн и зевне эшарш, Ворсклин сийна тогІеш…»; Украинин аренийн сурт кийча дІахІоттий поэта. Оцу токхечу, хазачу махкахь поэтана гинчарех коьртаниг хІун ду? Адамаш! Цигахь саца а реза вара поэт «Грозный яцахьара». Цунна дукха дезаш долу лаьмнаш дацахьара.

Уггар лекхачу ломал лекха
Хета суна-м къонах.

«Оьзда Украина»

Иштта сий деш дуьйцу поэта «гІиллакх, яхь» йолчу Украинан дІаяхначу исторех а. Цуьнан сийлахьчу кІентийн цІераш поэтан дагна езаш, цо лоруш ю. «Полтаван суьйре» стихотворенехь вайна хьалхахІутту тийначу Полтаван суьйранна ойланашка ваьлла Іачу нохчийн поэтан васт. Поэтана го: «Гоголь араваьлла, ойланаш ян хиъна». «Котляревскийс юьйцуш хезна суна цхьа полтавка. Ала соьга, хилий реза: «Хьо юй и Наталка?»

Доьху, цІе хьайн ахь схьайийца –
Ольга я Олеся?
Ала, лаьмнийн кІанта хІинца
Дагна хІун дан деза?

Гоголь, Котляревский, Леся Украинка – церан а, украински халкъан кхечу сийлахьчу къонахийн а цІераш дика евза нохчашна. Поэтан ойланаш шен халкъан дагахь дерг, цуьнан цаьрга болу безам бовзийта гІертаро кхоьллина ю.

ТІаьхь-тІаьхьа поэтан лирикехь шоръелира, идейно-исбаьхьаллин маьІница кІаргъелира тІамна дуьхьал йолу а, гуманизман а теманаш.

И ши тема вовшех къаьсташ йоцуш, вовшех йозуш кхуьу поэтан кхоллараллехь. «Къизалла», «Мидалаш», «Кхо бос», «Лаьттан монолог» стихашкахь и теманаш схьайоьллуш поэт шен яздаран хатI долуш, кхечу поэтех тар ца луш ву. «Махкахь кхирстинчу мокхачу ардангаша миллионаш адамаш хIаллакдина. Цара хIун лехна? Къизалла…». Къизалла хета поэтана Хиросима атомца ягийначара, сийна цIе кхарстийначара гайтинарг. Оцу къизаллина дуьхьал ойу лирически турпалхочо еш йолу ойланаш шайца философски чулацам болуш ю.

Ши эзар къам деха дуьненчохь,
Ши эзар къам.
Ши эзар мотт бека дуьненчохь
Ши эзар мотт.
Ткъа суна…Суна цу ши эзар маттах
Шиъ бен ца хаьа.
Нийсса шиъ:
Нохчийниггий,
Оьрсийниггий.

Амма стеган балий, ирссий сиха хаалуш волу лирически турпалхо «вуно атта кхета…лаьтта тIехь дехачу массо а къоман маттах а», хIунда аьлча оцу меттанашкахь «цхьабосса ду велхаррий, веларрий…»

Поэмаш

Арсанукаев Шайхин лирикан кIоргехь кхоллаелла а, кхиъна а йогIуш ю поэмин жанр а. Цо язйина «Кхоллам», «Безаман ирзу», «Захар», «Тимуран тур», «Сан гIала», «БIаьстенан юьххьехь» и.дI.кх. поэмаш, «Кхолламан сизаш» стихашкахь роман. Цара чулоцу хенан яккхий кийсакаш, халкъан историн, гIиллакх-оьздангаллин проблемаш.

«Кхолламан сизаш» цIе йолу роман

Ш. Арсанукаев, ша Iаламат йоккха корматалла йолуш поэт хиларе терра, ша шена хьалха хIиттийначу декхаршца боккхачу кхиамца ларийна.

Ткъа хIун дуьйцу «Кхолламан сизаша», муьлхачу турпалхойн кхолламехь муьлхачу агIор доьрзу и сизаш, кхечу яздархоша ца аьлларг хIун карийна Арсанукаев Шайхина вайн тидам тIехьовзо?

Нохчийн литературехь цхьанна а яздархочо кхоьллина дацара XX-чу бIешерийн 30-гIа шераш чекхдовлуш кхиъначу нохчийн

кегийчу нехан васташ. Ткъа хIунда кхийда-те Арсанукаев Ш. нохчийн халкъан дахаран оццул генарчу шерашка, хIун ду цуьнан тидам шена тIехьовзийнарг?

ХIан-хIа, сил езачун дог цо
Дохор дац, Iанийна цIий.
Вуьтур ву. Шен ала долчо
Аьнд шена, цунах дац сий…
Цу сарахь яхна, бах, маре
ЧIирхоче сел езна йоI.
КIентан дог доьжна, бах, бале,
Хилла шех зезаган баI.

---

* Нохчийн доьналлица догIуш лелийначу оьздангаллица догIуш хилла чIирхочунна а, мостагIчунна а букъ берзийна дIахIоьттинчу стагана хIумма а

Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIеман а, доттагIаллин а теманаш

«Къонахчун доттагIий а хуьлу, мостагIий а хуьлу», – олуш ду нохчийн. Иза а, важа а нийса ду, хIунда аьлча, доттагIалла дIакхехьа а оьшу доьналла, мостагIалла лело санна. Ризван бакъволу нохчийн оьзда жима стаг ву, цуьнан цIийца ду доттагIаллин хама бан хаар. Иза школехь доьшуш волчу хенахь доттагIалла тасаделира цуьнан Эльдарца а, кхечу шен накъосташца а. Уьш, Ризван санна, тIом болабелча, фашистийн мостагIех леташ бу. Эльдар чов йина, отпуске цIавеанчу деношкахь нисделира Мовсара Зарганна тешнабехк бан гIортар. Цо, дерриг а дов шена тIе а оьций, эхьах кIелхьарайоккху шен доттагI тIехьийзаш волу йоI.

Къаьсттина кIорггера чулацам болуш а, шуьйра а диллина Арсанукаев Шайхис Ризванан, цуьнан оьрсийн шина доттагIчун васташ. Уьш, ГИТИС-ехь цхьана доьшуш болчуьра, дIаязбелира ополченин декъашхой хила. Уьш майра лата а лета мостагIчух. Цхьана тIамехь воь цушиннан доттагI Виктор.

Цуьнан чIир оьцуш, Даймахкана тIелетта мостагI хIаллаквархьама, дарвелла лета ши доттагI.

Ризванний, Володий вовшах
Ца къаьсташ, лета, еш терго –
Шиннах цхьаъ гучуьра волушшехь,
Лохура вукхуьнан бIаьрго.
ГIо эшча каде уьш хьоьвза
ХIинцца а Iотта Ризванна
ТIехьашха айинарг цхьамза

Васильевс вожий, нал санна.
Масане иштта нисделла –
Цхьаъ вукхо Іожаллех воккхуш.
Вошалла бІаьхойн чІагІделла
Халонаш нийсонца йоькъуш.
Къонахийн даима хилла,
Байракхах айдина лаккха,
Цхьа гІиллакх: «Хьуо хІаллакхила –
Накъост хьайн кІелхьараваккха».

ТІеман некъаш хала а, деха а дара Ризванан а, цуьнан доттагІийн а. Оцу некъашкахь цара дуьтура шайн доттагІийн-бІаьхойн кешнаш. Амма бухабисинчу бІаьхойн доттагІалла кхин а тІечІагІло:

ЦІеххьана веана метта,
Хиллачух кхийти Ризван:
«Володя!..Суна тІекхетта
И, шеца со дІахьулван!»..
Берриг ницкъ гулбина, текхна,
КІелхьара схьаваьлла ша,
Васильев аркъал цо ваькхи:
«Дийна ву!..ХІинцца вайша…»

БІаьхойн майраллий, Даймохк мостагІех ларбеш церан цхьалла гайтина ца Іа Арсанукаев Шайхи. Фашистски Германица хиллачу тІамах лаьцна дуьйцуш, йо цо кІорггера философех йолу ойланаш: хьан, хІунда, хІун бахьана долуш буьйлало тІемаш, хІун лоьху тІом бечу наха, хІунда хІаллакбо цара вовшийн, хьалха цкъа а вовшашна гина а боццушехь.

Масала:

Шина ненан ший а кІант кхиъна,
Дегнашкахь – дахаран йиш.
Ши нана-м гІелъелла хиъна,
Ледадеш дуьра бІаьрхиш.
Ши нана йитина йоьлхуш,
КІенташа къиза некъ бо:
Ши нана йитина йоьлхуш,
Вовшашка Іожалла хьо!
Цхьаъ кхиъна Кавказан ломахь,
Ткъа важа – Рейнан йистехь.
Хьаьжна вац вовшашка гома,

Ца дина вовшашна эхь.
Вевзаш я гина царши́нна
Вац вовшийн, ца хезан цIе –
Хьерабаьлла некъ хьо царши́мма
Дуьхь-дуьхьа вовшашна тIе…
ХIоккхузахь доьгIна-кха кхачо
Некъ церан – хIинца и го:
Цхьаъ гIерта Москва чукхача,
Ткъа вукхо – иза ларйо!
ХIаъа, и кхузахь чекхйолу
ТIекхача йисина юкъ.
Хууш дац хьенан кадолу,
Муьлхачун хедар бу некъ…

…Иштта ду нехан кхолламан некъаш. Оцу нехан кхолламан философин коьрта маьIна дукха чолхе а дац. Даймахкана, безамна, доттагIашна хьанал, догцIена хила веза стаг. Нагахь иза иштта вацахь – цуьнан дахар деса ду, и стаг лар йоцуш вов, «Кхолламан сизаш» тIера Мовсар санна.

…ТулгIенна тIаьхьа тулгIе йогIу. Мел чIогIа хир бу-техьа тIейогIучу тулгIенан ницкъ? Мел кIорге хир бу-техьа цуьнан исбаьхьаллин ницкъ?

«…Йист йоцу хIорд санна, бу хьуна шорта
Ша хууш волчунна вайн нохчийн мотт.
ГIиллакхе, оьзда бу доттагIче буьйцуш,
МостагIче вистхуьлуш – ду ира герз.
Хьомечу езаре безам ахь буьйцуш,
Бека и шех хуьлий хьан деган мерз…» –

кхин цхьа байт цо язйина ца хилча а, и ялх могIа тоьар бара Арсанукаев Шайхин цIе вайн къоман поэзехь йиса а, тIаьхьарчу тIаьхьенашна а сий-лерам беш, поэт шен халкъалахь ваха а. Алийша, хьан аьлла нохчийн маттах лаьцна, шен махкахь халкъана юкъара иза дIабаккха хьийзочу муьрехь Шайхисчул говза? Баккъалла а хьан аьлла, махкана, халкъана, маттана дуьхьалъяьккхина харцо Iедало шайн синойх акхарна кхоьруш, йохьан дайн кортош дегнаш тIе эгна, дош ала таро йоцуш, боьхна кIелбисинчу хенахь?

ХIан-хIа, Шайхин къоналла, Шайхин аьрхалла я сонта майралла а яцара иза. Берахь дуьйна цуьнан дагехь кхоллаелла поэтан-къонахчун амал яра. Поэтан-къонахчун амал – дика-вуо, бала, гIайгIа,

тIехIоьттина мел беза а кхерам цхьанисса шен халкъаца бекъар…

Беза кхайкхамаш, борах хьехамаш, эрна далочу дешнашца цхьа соввийлар доцуш, шен кIедачу, аьхначу, хьекъалечу хьежамашца, ша ечу ойланийн, ша хьуьйчу гIайгIанийн декъашхо вой, жима а, воккха а язъечу стихашкахь хьовха, дахаран гIиллакхашца, синан оьздангаллица, леларца, Iер-дахаран массалшца шен нийса накъост во Шайхис. Аьлча а, литературехь, адамашна юкъахь цхьаъ ву иза, цхьанна юьхьан да. Багахь дерг а, дагахь дерг а, лелориг а цхьаъ долуш.

«Да-нана хоьржуш дац
Цхьаммо а шена:
Дуьненчу хьо волуш –
Бухахь ду ший а…
Иштта бу-кх хьо,
Даймохк,
Йиш йоцуш харжа…»

КIеда, мерза, аьхна, кхета атта, дагна гергара карадо вайна Шайхис шен байташка дерзийна дешнаш. Ткъа цо мел йо ойланаш – сирла, цIена, вайх хIораннан а лазамашца юстуш, вайн кортошкахь хьийча санна. Цунах олуш хилла-кх дешан говзалла я поэтан похIма:

«Лаьа суна массо Iуьйре
Маьлхан нуьрца йогIийла.
Лаьа, лаьа хIора суьйре,
Безам хьоьстуш, йогIийла!...

Хинкоьрте хIуьттучу хенахь поэтан хIокху а, кхечу а байташкахь цхьа тамехь дешнаш карадора нохчийн сийдолчу йоIе ала. Аьлча а, дегнийн мерзаш хуьлий бекара вовшийн гIар хьоьстуш, вовшашка безам балхош, шовдан мукъамах Iенна нохчийн оьзда мотт…

Кураллаш, совдегаршна церан дикане сатуьйсуш мотт хьекъар, хьаькамашна «когаш кIел лелхар» ца Iемина поэтана. Ша тIелаьцначу некъан сийлалла а, жоьпалла а девзаш, тийна-таьIна, амма цхьаьннан а букъ тIехьа ца лечкъаш, хьанал веца шен махкана, хьомсарчу халкъана:

Нислуш бу-кх дахарехь
Езараш хьалхе,
Iеминарш оьшу лерг
Къамелехь хьаста…

Ткъа кхиберш – уьш дукхах
Карор бу хьаьжча –
Бехаш бу тап-аьлла,
Ца къуьйсуш хьалхе.

ТIеман шерашкахь шен цIахь, шен юьртахь…шен халкъаца вара Ш. Арсанукаев, шен дагца, шен ойланца, хIора махкахочуьнца цуьнан тезет а, цуьнан чевнаш а, цунна хилла зенаш а, цунна йина «зачисткаш» а лозуш.

Цхьанхьа-м а, догдикчу кху лаьтта тIехь,
Инзаре боккха ницкъ шен долахь IаьIна,
Къиза стаг, тийналлех ца хеташ эхь,
Керла тIом кечбеш Iа, карти тIе таьIна…

Поэтан йист йоцучу адамалле, къинхетамах дуьзначу даге, ойланийн цIеналле, сийлалле хьаьжжина, тахана, хIинцца вайна юкъахь лелачух лаьцна, хьагI-гамо йоцучу дахаран бIаьстенга доьхуш, вайн ирсана язйича санна ю хIора а произведени, замано мел шераш идорах, ширлур а йоцуш.

«Александр Чеченский» исторически повесть

Оцу хьокъехь цо яздина шен «Авторан билгалдаккхарехь». «Александр Чеченский» книга язъян волавалале, ас дукха гулйира книжни а, архивни а материалаш. Уьш хьалха-тIаьхьа дIа а нисъеш, болх бан дийзира».

ГIопе схьадалийначу нохчийн берийн йийсархошна юкъахь а къаьсташ вара Iали: кхидолу бераш санна, ийзалуш воцуш, салтичо тоьпан бух Iоьттича, цуьнан бIаьргаш алунах къегара. Оьрсийн кара гIур волуш а вацара Iали, жима Хьасин ца хиллехь. И бахьана долуш караваха дийзира.

Майра а, тIахъаьлла а, хIуманна бIокъажор боцуш хиларо а везавалийтира къоначу поручикана Николай Раевскийна Iали. «Майра тIемало хир ву цунах», – аьлла, сацийра цо. Иза буобер ду. КIант йийсар вечу дийнахь вийна цуьнан да а. Цундела цунах къа а хетий, иза кхетош-кхиор шена тIелоцу Раевскийс, хьаькамашка дехар а дой. Цо туьллу цунна Александр цIе а, дуьненна вевзаш волу полководец Александр Македонский санна, гIараваьлла тIемало и хиларе догдохуш.

Воккхачу стеган хIора дош а, тIулга тIе яздина йоза санна, кIентан даг чу дуьжура. Ша схьаваьлла юрт даима дагахь лаьтта

цунна. Кест-кеста дагатосура цунна ша вина мохк, ша Хьасинца идда гаттий урамаш, лийчина ламанан сирла хиш, шайца хийцалур йоцу хазалла йолу лаьмнаш. Даймахках къастаран йоккха билгало хаалуш ю цуьнан юьхь тIехь а, дагчохь а. Шен дахаран чаккхенехь Каменкехь ваха охьахиъначу хенахь, мехкан безамна Алдара цо деанчу хIух дийнна хьун кхиънера. Мох баьлча а, догIа догIуш а, ножо ечу гIовгIано а, гIенах санна, дагайоуьйтур цунна хьоме эвла Алда, баьццарчу басехула догIу Соьлжа, юьртара лохий цIеношш.

Махках къаьстинчул тIаьхьа, дуьххьара шен хьомечу юьрта кхачар нисделира Александран пхийтта шарера ваьлча. Цуьнан дагахь дерг дика хууш волчу Н. Раевскийс кхочушдо цо дагалаьцнарг. Юрт гича, дог карзахе тохаделира цуьнан: «Сан юрт…хIара ю-кх со вина юрт», – бохура цуьнан балдаша. Леррина дIасахьежарх, девзаш хIума дацара: юрт хийцаеллера. Амма дукха хан ялале, ша хийлазза тIевийлина комаран дитт а девзина, говрара охьа а иккхина, ведда тIе а вахана, дукхадеза адам санна, марадоьллира цо и дитт. Дагалецамаша вадийна дIаваьхьира иза бераллин хене, тIундира бIаьргаш. Кхуза кхаччалц Александра кхаьбна ойланаш, дохк санна, айаелла, яьржина дIаяхара.

Дахарехь кхин хийцамаш ца хуьлуш, диъ шо геррга хан яьккхира цо Нижегородски драгунски полкехь. ТIеман къизалла а, къахьалла а, евзина волчу Александр Чеченскийна ца дезаделира гIебартойн гIаттам хьошуш дакъалацар. Кхечу эскаре ваккхар доьхуш рапорт яздира цо. «Шайн паргIато къуьйсучу нахаца тIом хIун аьлла бийр бу!» – ойла кхоллало цуьнан коьртехь.

Эскарера мукъа а ваьлла, Петербургерчу накъосташа-эпсарша лучу балашкахь сакъоьруш, тIеман арара эскар долчу вахар бен, кхин хIуманан гIайгIа йоцуш, дахарна юкъавахара Чеченский.

Йоккхачу шина пачхьалкхан – Россин а, Францин а – юкъаметтигаш телхинчул тIаьхьа, Наполеон шен эскарца дозанал сехьавелира. Хуьлуш долчунна юьстахлатта Iемина воцу Александр тIамна юкъа гIертара. Амма Раевскийс, кIант кхоош, цуьнан сиха амал евзаш, иза тIеман цIерга эккхарна кхоьруш, Кутузовн адъютант хIоттавойту. Александр нехан букъа тIехьа лечкъаш Iийр волуш вацара, цундела цигара дIа а волий, тIеман уггаре хала йол-йолчу меттигашкахь дакъалоцу цо, чинехь лакха а волу. ТIамехь тIех майра хиларна, хьуьнарш гайтарна, коьртакомандующий М.И. Кутузов а лерам болуш хилла Александр Чеченскийга.

Шен повестехь автора гайтина Чеченскийн Софьега болу безам,

йовха доттагIаллин уьйраш.

Европин маршонан хIу хьакхаделира Александр Чеченскийх махкахойх а, цхьаболчу накъостех а. Ша а ца висира иза оцу гIуллакхашна юьстах. Россин прогрессивни идейш тIехь кхиъна волу Александрана герга бу демократин товжамаш. Цхьаболчарна хетарехь, паччахьна дерриге могуьйтуш ду бохург тIе ца лоцура цо. Цуьнан ойланаш кхечу тайпана яра, жима волуш цкъа а ца хаавеллера цунна шен да цхьанненна а хьесталуш. Ша а вац иза цхьанна а хьалха корта охьабохуьйтур болуш. Яхь бохург уггаре сийлахь а, деза а ду цунна. И дIа ца яла, шен са дIадала а кийча хилара иза.

III. СУЛАЕВ МОХЬМАДАН ДАХАРАН А, КХОЛЛАРАЛЛИН А НЕКЪ

Сулаев Мохьмадан цIе яьккхича, цуьнан муьлхха а произведени хьахаелча, уггаре а хьалха дуьхьалхIуттург цхьа васт ду: цIена, безамехь юьхь-сибат, хьекъале ши бIаьрг, кIеда-мерза мотт буьйцучу стеган – поэтан васт. Иштта дагахь лаьтта Мохьмадан куц-кеп а. Цуьнан исбаьхьа хазачу, аьхначу маттахь язйина стихаш: «Суьйренан ойланаш», «Тамаше зама», «Сайн нене», «Керла Iуьйре, «Де», «КIанте»; поэма «Нохчийн кIант Волгин йистехь»; повесть «Эскинойхь»; роман «Товсолта ломара дIавоьду». Мохьмад яздархошлахь а къаьсташ вара цхьа шатайпана оьздангаллица: шен леларца а, нахаца йолу юкъаметтигашца, шен сица. Къаьсттина екхна хуьлура цуьнан юьхь дешархошца цхьаьнакхеттачохь, лечкъа ца лора цуьнга шен хазахетар. Дагаоьху дIадаханчу бIешеран 80-чу шерашкахь Энгель-эвларчу юккъерчу школехь хьехархочо

Хь.Аболхановс вовшахтоьхна дІадаьхьна «Нохчийн меттан де» – цхьаьнакхетаралла. Оцу даздаршкахь дакъалоцуш бара поэташ, Іилманчаш: М. Сулаев, Ш. Арсанукаев, Л. Яхъяев, З. Джамалханов, З. Хамидова, школан директор, поэт Ш. Рашидов, хьехархой, дешархой. Цхьаьнакхетарехь массара а дина къамелаш нохчийн къоман кхолламах, гІиллакх-оьздангаллах, литературах, маттах а дара. Оцу цхьаьнакхетарехь З. Джамалхановна Гуьмсен кІоштарчу нохчийн меттан, литературан хьехархоша совгІатна холхазан куй белча, шозлагІа шена дош а дехна, вистхиллачу Мохьмада элира: «Тахана х1окху кІоштарчу хьехархоша Зайндин коьрта нохчийн куй а тиллина, сий-ларам бин Зайнадин а, нохчийн меттан а», – аьлла, шен «Зама» стихотворени юкъара биъ могІа бийшира:

Замано дерриг а дойу,
Замано дерриг а кхуллу,
Стаг воцург лораза войу,
Къонаха шен маравуллу.

Зайндис забар йира: «Куйннал дегІ ас а даькккхи тахана», – аьлла.

Шен амалца, кхоллараллаица а йолу оьздалла дайн кхерчахь, винчу юьртахь хьоста долуш яра поэтан.

Сулаев Мохьмад яздан волавелла шен 14–15 шо долуш**.**

Поэтан хьалхарчу муьрехь араевлла стихотворенеш «Лам», «Іаьнан аре».

Поэтан оцу дуьххьарлерчу шайн чулацаман кІоргалла юьззина йоцуш йолчу стихашкахь, дукхах долчу декъана хаалуш дара цо оьрсийн стилех механически тера яздеш хилар (подражание). Оцу дуьххьарлерчу муьрехь исбаьхьаллин агІонахахьара цуьнан стихаш ледаро яра. Поэтан поэзехь, цу хенахь билгалдаьлла, чІагІделла шен хатІ цахилар гуш дара. Делахь а, оцу шен ладам боцчу стихашца цо дуьххьарлера гІулч йора поэзин декъехь.

Сулаевс шен стихашна тІехь хаддаза болх бора. Цундела церан идейни чулацам а, художественни говзалла а тІахь-тІаьхьа толора.

1942-чу шарахь поэта цхьа могІа стихаш язйо. Къаьсттина шена тІе тидам бохуьйтуш ю оцу шарахь язйина «Гила» цІе йолу стихотворени. Цуьнца го стихотворенин чулацам цхьана билгалъяьккхинчу идеяца цо бузар а, рифмана гІайгІа иза леррина беш хилар а.

Оцу стихотворени тІехь аллегорически формехь поэта хестадо дуьненан Іаламна тІехь баккхийра толамаш бохуш схьадогІучу адамийн хьесап. Юххьера дуьйна буьйцург хІун гила бу ца хуучу

дешархочунна стих чекхйолучохь, цIеххьана гучудолу и буьйцу ницкъ болу маса гила – адамийн – ойла хилар.

Оццу муьрехь Сулаев Мохьмада «Малх къуьйсу тIом» стихотворени язйо. Цу тIехь поэта гойту Сийлахь-боккхачу Даймехкехьа болу тIом «Малх массарна а цхьабосса лепийта» гIертачара иза «шайнна сацо гIертачу хьолахойн йовсаршна дуьхьал» беш хилар.

«ГIовтта» цIе йолу стихотворени язйина 1941-чу шарахь, иллин кепехь, фашисташна дуьхьал дерриге а халкъе кхойкхуш:

Фашисташ бохийна лахка,
Кхин цакхевддарг вайна тIе,
ГIор вай, гIор вай, вайн Даймехкан
Сий лардечу цу тIаме!

Оцу стихотворенешкахь цхьадолу декларативни могIанаш а, меттан исбаьхьаллехь цхьацца кхачамбацарш а, стихан барам цаларбар а, дешнаш хедор а тIаьхьенгахьчул алсамах делахь а, оцу шерашкахь М. Сулаевс шен коьрта тидам халкъо фашизмана дуьхьал луьра къийсам латторе кхойкхучу теманашна тIебохуьйту.

1943-чу шарахь Сулаев Мохьмада язйина «Малх тоьлур бу» цIе йолу поэма. Иза тIеман хенахь нохчийн литературехь язйинчарах уггар йоккха а, чулацаме а произведени ю.

Иза а ю Сийлахь-боккхачу Даймахкехьа болчу тIамах лаьцна, Нурадилов Хампашин безамна хьажийна а. Владимир Маяковскийн хотIехь язйинчу цу поэмехь автора дуьйцу вайн дерриге халкъ фашисташна дуьхьал бечу тIаме гIаттар а, и тоьлург хиларх болу тешам чIагIбалар а. Вайн пачхьалкхан дуьхьа беш хилла ца Iаш, и тIом дерриге дуьненан прогрессехьа, массо а халкъийн маршонехьа беш хилар а дуьйцу цо.

ТIеман кхерам тIекхаьчча, советски халкъаша шайн патриотизм кхин тIе а айар, советски массо а къаьмнийн доттагIалла кхин а чIагIдалар, тылехь белхан эвсаралла совъялар, тIамехь советски тIеман техника тIеттIа сиха кхиар къеггина гойту поэта. МостагIчунна тIехь толам баккхарехь хIор Союзин Республикин шен-шен долу производственни хьуьнар къастош гайтина. Вайн Даймехкан а, оцу хиллачу тIеман а – дIаяханчу исторехь хиллачу революционни тIемашца а, революционни хиламашца а йогIу исторически зIе нийсачу маьIница йийцина.

Iаьржа бода хIотто гIертачу фашисташна дуьхьал, церан Iазап

цалайна европейски къаьмнаш цхьа барт хилла, массо а цхьаьна дуьхьал гІовттар а дуьйцу цо. Автора гойту и тІом дерриге а дуьненан халкъ маршадаккхарехьа хьочу исторически къийсаман новкъахь йоккху билгал гІулч хилар.

Исбаьхьаллин кепехь дика билгалонаш дуккха а ю цу поэмица: контрастни васташ а, афоризмаш а, исбаьхьаллин сибаташ а. Поэмин хІор дакъа чекхдолуш цхьа строфа юх-юха ялайо, уьш вовшахъхІуттуш:

Амма цу дийнан сихо ян
Миллионийн дегнаш дарделла гІаьтта,
Цу дийне кхачош шу хІаллакдан
Миллионийн эскарш цу тІаме хьаьдда.

Поэми тІехь кест-кеста нисло поэтически говза бустамаш. Масала: «буьйса, шаьш санна, Іаьржаниг хаьржина» – «Юккъерчу Азис бамба совбехира, кІайн марчонаш шуна латтийта».

Фашисташна дуьхьал балочу могІаршкахь поэта оьгІазе а, ира а дешнаш даладо: «Шун цІийха хилла Іам цхьана Іин чу гулбеш, шун декъех хилла лам шун хІурдан чохь хьулбеш!»; «Шу гинчу сохьтехь керахь кхин герз дацахь, цо кийрара даькккхина шен дог тухур ду! Дуьненнал бомба тІекхетча санна, шу лелхар ду!»; «Цуьнга хьажо тамехь бІаьрг бац тоьпан бІаьрг боцург! Цуьнга ала дош дац тоьпан даш доцург!».

ХІетте а цу поэмица кхачамбацарш а ду: билгалъяькккхина чулацаман сюжет ца хилар, стихан формехь а ледарлонаш хилар, цхьацца совнах аларш а, дахдарш а тардалийтар. Делахь а, и поэма билгалйолу поэтан хьалхарчу муьрера кхолларалли кхиаман гІулч и хиларна.

Поэма чекхйолуш автора сурт хІоттадо, массо а тІемаш дІа а бевлла, дерриге а дуьнен тІехь тоьллачу коммунистически юкъараллехь хиндолчу адамийн маьршачу, ирсечу дахаран. Поэма юьххьера дуьйна и чекхъяллалц, автора дуьхь-дуьхьал хІоттош гойту фашизман а, Советски Союзан а, аматаш бес-бесарчу символически сибатехь: фашизм – бода, вониг лоруш; Советски Союз – серло, диканиг лоруш.

Оцу сборник юкъайогІуш ю М.Сулаевс ша язйина йолу стихотворенеш а, гІараваьлла волчу немецки поэта Генрих Гейне тІера цо гочйинарш а, ширачу заманахьлера корейски иллеш тІера цо ялийнарш а. Уьш массо а цу сборникан – «Безаман эшарш» – аьлла

тиллинчу цIеро ма-гайттара, адамийн безаман хазалла юьйцуш ю. И тайпа – ерриге а шена чуйогIу стихотворенеш цхьана темина хьажийна йолу сборник – дуьххьара араяьлла вайн литературехь. Социалистически дIахIоттамехь советски адамийн безамах лаьцна яздар а, церан безамах йолу оьздангалла а, кхидерг санна, вайна оьшуш а, вайн кегийрхой оьзда кхиорна пайдехь долуш а ду. Шен хенахь М.И. Калинина аьлла: «Мегар дац советски стеган сурт, цуьнан деган хазалла а ца гойтуш, дуьххьал дIа цуьнан бахамца болуш болу кхиамаш а гайтина дита. Вайн дахар кхуьуш лаьтта, халкъ а тIеттIа культурни хуьлуш догIу, цо шен сина дуьхьа лоьхург а кхин а алсамдуьйлу. Цундела оьшу адамийн дахаран материальни агIо гайтина ца Iеш, церан психологически агIонаш а гайта.

Сборник жима елахь а, цуьнан чулацам тайп-тайпана шуьйра бу. Безаман ирс нисдалар гойтуш ю «ЦIен зезагаш», «Дагалецар», «Юхагар», «Безам тоьла», «Уггаре а хаза зезаг», «Хьан урам» цIераш йолу стихотворенеш. Безаман цанисбаларо дог Iовжорах лаьцна язйина ю: «КIайн кIеза», «Безам балхор», «Къаьхьа кад», «Безаман чурт» иштта дIа кхин йолу стихотворенеш а.

Хьовсур вай, муха бу церан идейни чулацам. «Iехор» цIе йолчу стихотворени тIехь, йиллинчу метте ша гучу цаяларан бахьана дуьйцуш, йоIа кIанте боху:

Везачу хьуна езийла лиъна,
Ян луъушехь, балхахь со сецира:
Еанехь цигга, гIуллакх кIелдитна,
Со хьуна кIезиг хетара яра.

Мерза бу безам, амма цул а лакхара лору советски адамо юкъараллин гIуллакх, цундела цо, эшначу сохьтехь, юкъараллин гIуллакхан дуьхьа шен безам тIаьхьатотту.

«ДIасакъастар» цIе йолчу стихотворени тIехь дуьйцу советски поэташа кIезиг хьехийна долу хIума: йоI кIантал хьалха а яьлла, Даймахкехьа болчу тIаме а яхана, кIанта цунна сагатдарх лаьцна. Юха, «Йицлац» цIе йолчу стихотворени тIехь, тIам тIе ваханчу кIанта сагатдар дуьйцу. Безам ца нисбеллачу меттигашкахь а советски стагана лаьа езашъерг кхечуьнца а ирс долуш ехийла.

«Къаьхьа кад» цIе йолчу стихотворени тIехь яздо:

Хьо кхечуьнга ша дIаелла
Дада хьан дохко ма войла.
Ца деззашехь шу вовшахкхеттехь,

Вовшашка шун безам гІойла!..

«Суна моьттура» цІе йолу стихотворени шен ира юьхьиг вайн ширчу Іадатах дисинчу вочу гІиллакхана дуьхьал ерзийна ю. ХІинца а нисло вайна юккъехь, йоІана ца луъушехь, баккхийчара шайна луучуьнга и маре ялар. Цунна дуьхьал поэта яздо:

…Цхьана дийнахь
Гира суна сайна:
Цавезачуьнга маре луш
ЙоІ яйча шайна,
Буьрса Іаржъелира
Стиглара мархаш,
Лаьтта уьш йилхира
Гинарг ца лайна!

Цу тайпана нийса маьІна долуш а, чулацам оьзда болуш а ю цуьнан стихотворенеш «ЦІен зезаг», «Дика дош ала», «Безам тоьла», «Алахьа, седа».

Кест-кеста чекхйоккху поэта шен стихотворени забаре тІаьхье ялош. Иштта забаре чаккхенаш йолуш ю цуьнан «Жима волчу хенахь», «Дика дош ала», «ЛадогІалахь», иштта кхин йолу стихотворенеш. Забаре (юмор) чаккхе хиларо уьш кхин а безаме, синкъераме хоьтуьйту.

Поэтан корматалла лаккхара хилар ду цунна шен стихашца исбаьхьаллин васташ говза дало хаар.

М. Сулаевс комаьрша даладо уьш, шен стих къагош, сурт цІеххьана хаза хІоттош. Хьовсур вай, муха ю цуьнан стихашца йолу исбаьхьаллин вастийн дикалла.

«Безам тоьла» цІе йолчу стихотворени тІехь боху:

Къемат везалур вацахь а,
Безам дагчуьра дІа ма бойла,
Хьаша вайга ца вагІахь а,
Пешара цІе ма йойла!

Цу кепара могІанаш ду «Мел хаза йина хьо» цІе йолчу стихотворени тІехь:

ХьаргІанан тІам санна,
Хьан Іаьржа и лепа
ЧІабанаш хьарчийнарг

Буьйса ю, бохийца.
Буьйсана стиглара
Охьабоьжна ши седа
БІаьргаш чу хьан боьжна,
Схьакъеда, бохийца…

Оцу стихотворенин кеп а, буьйцу мотт а, цо яло образаш а фольклоран формехь ю.

М. Сулаевн поэзин чулацам – поэтически а, шеца синхьегам цхьаьна ийна а болуш бу. Цуьнан стихаш тІехь буьйцу нохчийн мотт бакъонца нийса а, хаза а бу**.**

Дика хеттачу произвелени тІехь а цунах долу кхачамбацарш дийцар литература кхиорехь пайдехь ду. Цундела царех лаьцна а кІеззиг дешнаш эр вай.

М. Сулаевн сборникана юкъахь ю шайн чулацамца дог-ойла шийла таьІна хиларна, сингаттаме стихотворенеш. Масала, царех лара еза «КІайн кІеза», «Безам балхор», «Безаман чурт».

Вайн дахарехь мелла а цатамберш нислуш делахь а, поэтан декхар ду, ешархочун дог-ойла айбарца, цуьнан дахарехь болу безам чІагІлучу агІорхьа яздар.

М. Сулаевс «Дуьне латториг» цІе йолчу стихотворени тІехь яздо: «Миска дуьне хаза латториг», безам бу аьлла. Иза оха нийса ца лору, хІунда аьлча безам боцург дуьне а, адаман дахар а къагориг дуккха а хІумнаш ду. Коьртачу декъехь, дуьне хаздеш дерг адаман къинхетам бу. Цу тІехь автора безаман мах сов лакха айича санна хета тхуна.

Цул совнаха цхьайолчу стихотворенешца нисло чулацаман маьІна кІезиг хеташ а, юкъараллин къинхьегамах лаьцна дерг наггахь бен гуш доцуш а. Царех цхьаераш йоьшуш товш йоцуш а ю, масала, «Баркалла», «ГІан», «Дагалецар» – цІерш ерш**.**

Сулаев Мохьмадан поэзин кхерч бовха бу, хІинцалерчу нохчийн литературехь серлаяьлла йогуш ю цуьнан поэзин цІе.

Мехала ю Сулаев Мохьмада проза а.

1959-чу шарахь Нохч-ГІалгІайн книжни издательствос арахийцира Сулаев Мохьмадан «Велларг денвар» цІе йолу дийцарийн, очеркийн книга.

Иза цуьнан дуьххьарлера прозин сборник ю. «Воккха лор», «Велларг денвар», «Ирс» цІерш йолчу лоьран къинхьегамах лаьцна дуьйцучу кхаа очерка тІехь автора гойту лоьран белхан сийлалла.

«Воккха лор» цІе йолчу очерка тІехь гайтина лоьран хІоразза а хуьлуш долу белхан де а, лоьран аматаш а. Легашкахь хьуьнан бІар а

сецна, хорам а хилла леш йолу жима йоI, цу сохьтта операций йой, лечуьра хьалхайоккху.

9-чу агIонна тIехь автора безамехь хIоттийна жимачу дархочун сурт а: «Пхи минот хьалха къаьсташ ца хилла Зиночкин хаза битамаш хIинца гучудевлира. Стигалан басахь долчу бIаьргаш тIехула дIасахьаьдда Iаьржа дуткъа ши цIоцкъам, хIинцца кхиинчу хьаьчкIийн хьесийн басахь кIеда хьаьрса месаш – наггахь бен цхьаьна нислуш а йоцу, сов хаза товра цуьнгахь».

«Воккха лор» цIе йолчу дийцарна тIехь автора гойту: цIий дIа а дахана, баккъалла а веллачул тIаьхьа, пхенехула адамийн цIий чу а доьттина, юхаденвина волу моряк Иван Чуднов.

Чолхе а, хала а ду лоьран белхан де, амма нахана сов пайдехь а, лоьран дагна боккха тоам луш а ду иза. 12-чу агIонна тIехь магайттара: «ХIара санна волу къонаха лечуьра хьалхаваккхар а ду цхьа ирс-м», бохуш, воккхавера лор – тахана, къа дукха хьегнехь а, кIадвалар дайнера цуьнан».

Иштта психологически нийса тидамбарш кхин дуккха а ду цу очеркашца.

Цу тIерачу произведенех коьртаниг «Велларг денвар» дийцар дара. Автора гойту лоьран балха тIехь цкъацкъа Iотталуш долу тамашийна хIума а, цуьнан вайн юкъараллица йогIу уьйр.

Районни прокуратурера лоьре хаам кхочу: гIали йисттехь некъаца болчу цхьана бердан хьехахь Iуьллуш адаман дакъа карийна, цига хьажа вола олий. Зуламхочо коьртах хIума а тоьхна, цу хьеха чу воьллинчул тIаьхьа ткъе кхоъ де даьлча карийна, массара велларг а лерина волу и стаг. Валаза хилар гучу а доккхий, лоьро иза юха меттавалаво. Цуьнгахула следственни белхалошна а бакъдерг билгалдаккха аьтто а хуьлу.

Цу очерка тIехь гойту советски медицинан говзалла лакхара хилар, вайн къаьмнийн доттагIалла, цара вайн Даймехкан дуьхьа хьанал къахьегар.

Кхетачу маттаца, исбаьхьаллин бустамаш балош дехкина адаман а, Iаламан а суьрташ. Масала, 17-чу агIона тIехь яздина:

«Хьагвеллачо молу хи санна, шен кийра буззуш, чууьйзира лоьро и цIена хIаваъ». Цул лахахь яздина: «Лилан басахь йолчу стиглан сийналлехь, вовшашна тIаьхьа а хIиттина, сийначу ломахула уьстагIий санна, меллаша лелара кIайн мархаш».

Гойтучу персонажийн аматаш, церан шен-шен долу сибат вовшех къастош, шен башхаллашца хIоттийна. Гранаткин массара а вийна

лоруш ву. Массарна гуш а, кхеташ а ду иза денлур воцийла. Амма лоьро сихо ца йо иза велла аьлла шен куьг яздан. Лоьро леррина Гранаткине массо агIор а хьожий, ша дерриге а до, иза денвархьама. Чохь берш, массо а лор тергалвеш, дIахIуьтту. Хьалха цуьнан дог-ойла вон яра, веллачунна гIо дан йиш цахиларна, медицина къийсам боцуш, юхаяла дезаш хиларна. Амма, хIинца, иза денван йиш хиларх шен кхетам ма-кхиъинехь, лоьран дог-ойла дикачу агIор хийцаелира.

«Ирс» цIе йолу кхозлагIа очерк «Велларг денвар» дийцаран шолгIа дакъа ду. Цу тIехь гойту лоьро Гранаткин кхачам боллуш тавар, цуьнан хьокъехь лоьран хилла болу кхиам. Кхин а дукха ю очерка тIехь психологически а, исбаьхьаллин нийса тидамбина а меттигаш, 34-чу агIона тIехь яздина:

«Дийцахьа, дийцахьа, муха дара кхечу дуьненахь?» – аьлла хаьттира цо велакъажарца, шен маьIа куьзганаш мера тIехь нис а деш, чукхетта кегийра бIаьргаш безамца Гранаткинна тIе а бугIуш.

«Шийла дара», – аьлла, дуьххьара велакъежира Гранаткин: цунна дагадеара, – «хIинца дуьйна, араваьлча а валлалц, шега массара а хоьттудерг ду-кх иза аьлла».

Лоьро шен халкъана хьанал гIуллакх дар ца дов, нахана веза и, цара сий до цуьнан, шайн депутат а хоржу иза. Царна хьалха 42-чу агIона тIехь лоьро олу:

«Тахана ма-дарра девзи суна «ирс» боху дош. ХIара хилла-кх и яздархоша дийцина ирс: халкъана вацар, халкъана везар!».

Делахь а, цхьайолу ледарлонаш а хаало оцу очеркашца.

«Воккха лор» цIе йолчу очерка тIехь исбаьхьаллин очерка тIехь сингаттаме хеталу лоьрийн корматаллин коьчалш сов дукха йийцар нисло (9–11-чуй агIонаш тIехь).

«Велларг денвар» цIе йолчу очерка тIехь, 27-чу агIонехь лоьро ладугIучарна анабиозах лаьцна дийцар, лекци санна деха хета. Иза диалоган кепехь дан дезара. 29-чу агIона тIехь капитана цIеххьана олу, меттаваза волчу Гранаткине а хьожий: «ХIокхо цхьа-ши дош алахьара, кхин хIумма а ца оьшура-кх суна!». Иштта ира беламе дешнаш цу меттехь ца товш ду дикачу капитанан багахь; уьш ала тарлора сихачу следовательо – Валерийс.

Авторан цхьаболу исбаьхьаллин бустамаш, нохчийн маттахь уьш дуьххьара балабахь а, оьрсийн маттера схьаэцначух тера хета. Цул совнаха, «Ирс» цIе йолчу очеркехь шиъ собрани гайтар исбаьхьаллин барамца ца догIу.

Амма и гIалаташ делахь а, коьрта долчу декъана, цу очеркашна

тIехь даздийриг советски адамийн дегнийн хазалла, церан къинхьегаман беркаталла, вайн дахар кхиар гайтар ду. Очеркаш самукъане а, шайн чулацам маьIне болуш а язйина. Уьш ешаро вайн кегийрхойн ойланаш кхин а сов тIеерзор ю лоьрийн корматалла караерзорехьа а, халкъ а, къинхьегам а чIогIа безарехьа а.

«Муьлха тоьлла?», «Борзбасера шайхаш», «Аьшпаш буьтту поп» цIе йолу дийцарш яздина кхечу, забаре (комически) планехь. Уьш дуьйцуш верг, цу кхаа дийцарехула чекхволуш волу коьрта турпалхо – Жаьммарза ву. Иза шен хьаштан дуьхьа цкъа а аьшпаш буттур боцуш ву, шена тIедиллинчу гIуллакхан дуьхьа цхьацца мекарло ян кийча ву. Жаьммарза, ша Советан Iедална хьанал, амма шен политически синкхетам буьззина кхиаза стаг ву. Цу тIехь хIоттийна автора шен дийцарийн комически кеп. Кхаа дийцаран чулацаман бух, коьрта долчунна тIехь вайн нохчийн керлачу фольклорах схьа а эцна, кхолларалли балхаца исбаьхьаллин форме берзийна автора.

ХIор дийцарца тIеттIа гучуйоху автора Жаьммирзин амалш. Цу дийцарийн сюжет, вовшашца ийна йоцуш, ша-ша къастийна ю.

«Муьлха тоьлла?» цIе йолчу дийцар тIехь автора, гул а йина, исбаьхьаллин формехь вовшахтесна вайн халкъана юкъахь иччархойх лаьцна лелаш йолу фольклор. Берашна деша тамехь яздинчу цу дийцарна тIехь автора Iамадо: тидаме хилар а, хIума дагадарна говза хилар а, майралла а.

1966-чу шарахь Сулаев Мохьмада арахийцира «Товсолта ломара дIавоьду» цIе йолу роман. Иза кхин а шоръеш, тоеш болх а бина, «Лаьмнаша ца дицдо» цIе а йолуш, юха арахийцира 1990-чу шарахь. Амма турпалхой а, сюжет а, композици а хьалхарчу романан чулацамехь ма-хиллара йиснера.

Цу тIехь нохчийн литературехь дуьххьара гайтина яздархочо Сийлахь-боккха Даймехкан тIом (1941–1945) болабалале нохчийн лаьмнашкахь Iуьллучу цхьана эвлахь хилла дахар а, 1944-чу шарахь 23-чу февралехь нохчийн халкъ шайн махкара дIадохор а, юха и халкъ шен Даймахка цIа дирзича, цуьнан хилла дахар а.

Боккха мур бу романо чулоцуш берг – 1940–1960-гIий шераш. Адамийн цхьа тIаьхье хьалакхиьал хан ю иза.

Ткъа оцу хено чулоцу цхьацца долу шераш вайн халкъана хилла ца Iаш, доллучу советски адамашна а, дуьненна а чIогIа чолхе дара. Европера цхьамогIа кегий пачхьалкхаш дIалаьцначул тIаьхьа 1941-чу шарахь фашистски Германи вайн махкана тешнабехкаца тIелетира. Берриг ницкъ гулбеш, гIевттинчу массо а советски халкъаша шен

бенан-Іуьргахь Берлинехь, фашисташ бохийна дІа а бохуш, чекхбелира тІом. ПаргІатдехира дуккха мехкаш.

Якккхий халонаш лайра адамаша. ТІом чекхбаьллачул тІаьхьа, бахам юхаметтахІотто безара.

«Лаьмнаша ца дицдо» цІе йолу роман

И роман араяьллачу муьрехь ярташкахь, гІаланашкахь книгашъешархойн конференцеш йира, дика а, ледара а агІонаш толлуш критикаша статьяш язйира, НГІПУ деша боьлхучу абитуриенташа сочиненеш, дипломни белхаш язбира. Дешархочуьнга ойла йойтура романо, дуккха а хаттарш кхолладолуьйтуш. Цхьадолчу хаттаршна дикка хан яьлча бен жоьпаш каро йиш ца хилира. Роман язйина зама а кхин идеологи йолуш яра. Хьахо йиш яцара халкъ шен Даймахках къастор, делахь х1ета Товсолта ломара д1авахарх долу бахьана а.

Товсолтин доьзалерчу Іоттабаккхамца («Эскинойхь» повесть тІеюьзна язйина «Товсолта ломара дІавоьду» роман, тІаьхьа «Лаьмнаша ца дицдо» цІе а йолуш, оьрсийн матте гочйина араяьлла) гайтина авторо Советан Іедало нохчийн оьзда гІиллакхаш емалдар. Хала лов цо халкъана тІехь лело харцонаш. Товсолтин дахарца, цуьнан доьзалан кхолламца Мохьмада гайтинарг нохчийн къоман гІиллакхашца, ламасташца йолу зІе хадар, оцу хедачу зІено Товсолтин дагна йина чов ю. Лаьмнаш а дитина дІаваххал. Иза майрра дІааьлла, гайтина бакъдерг дара. Дайшна а, церан берашна а юккъера Іоттабаккхам бу авторо буьйцург.

Романа тІехь къеггина гайтина нохчийн Эскинойрчу юьртахоша оцу тІамехь лаьцна дакъа. Масала, танк ян ницкъ болуш яцара советски пачхьалкх. Уьш шортта еш а яра цу муьрехь, делахь а эскинойшна лаьара, тІаме шайн кегий нах дІахьовсорал совнаха, шайн чоьтах Шерипов Асланбекан цІарах и танк яйтина а фашисташна тІехь толам боккхуш дакъалаца. Йовха дукха бедарш а яхьийтира цара тІемалошна.

Цу дерригено а гойту вайна тылера халкъаш бІаьхошца цхьаьна хилла хилар.

Товсолтас шен кІант Дауд тІаме дІахьажочу дийнахь цуьнга олу:

«КІант! – элира Товсолтас. – Вай юха гой а ца хаьа…Дела воцчунна! Ас сайн весеташ дІахоуьйту хьоьга. Адамна дуьнен чохь массо а хІуманал дукхадезарг шен са ду, шен сил а дезарг бер ду! Амма берал а хьоме бу Даймохк. Хьо, лахь а, висахь а, вайн

Даймахкана хьанал чекхвалар – сан хьалхара весет ду хьоьга! Иванца, Керимца йохье валий, дика кхочушделахь командиро тІедиллинарг! Ца оьшучохь хьайн корта Іожаллина кІел ма лецалахь, амма толамна оьшучохь и кхоо а ма гІерталахь! ТІаьхьенан ойла тІехйиначух къонаха ца хилла! Іожаллех ларло, амма ма кхера! Дуьххьара араволу хьо хьайн цІен тІера: дин некъаца бевза, кІант арахь вевза…».

Иштта чу дешнашца дІахьажош хилла нохчаша тІам тІе шайн бераш. Цунах вайна го, ломан аьрзунаш фашисташна дуьхьал тІом бан ара муха йовлуш хилла. Вайн берриг махкана а бевзаш бу тІамехь гІарабевлла Советски Союзан Турпалхой.

Роман йоьшуш вайна хаало, Советан Іедал доккхуш Товсолта цІен партизан хилла хилар а, деникинцашца хиллачу тІамехь чов а хилла, иза астагІа висар а.

«Аз цуьнан стомма декара; астагІа воллушехь, тІехьаьжча, заьІап а ца хетара Товсолта, дегІ цо оллийна ца лелорна. Дан дисна дуккха а гІуллакхаш долчух тера, даима гІайгІане гора цуьнан юьхь, садоІучу хенахь а тІехь. Амма мукъачу хенахь паргІат хетало иза, болх беш, хийцалой, каде хуьлура».

Иштта сурт хІоттадо яздархочо Товсолтин.

Иза колхозехь бешлелорхочун болх беш ву. Цуьнан цІе даим сийлаллин уьн тІехь яра. Юьртан а, районан а куьйгалхоша тІедохку цхьацца юкъараллин гІуллакхаш цо тІехдика кхочушдо.

Роман йоьшуш вайна гучудолу, Товсолтас Іадаташ чІогІа лоруш хилар. Керлачу Іедална иза реза ву. Цо боху: «Дика а, хьекъале а ду Советан Іедал… Цкъа а хьалхенгахь хилла йолу маршо ели халкъана, маьхза больницаш ехки, некъаш шорди, туьканаш лам чу кхачий, берашна детсадаш, яслеш яржий, мах ца боккху, доьшуьйту ламанхошка. Бакъонашца оьрсашка дІанисди хьалха боданехь даьллина къам». Амма Советан Іедало вайнахана деллачу оцу диканашца, динний, Іадаттий оцу Іедало юкъара дІадаккха бечу балхана реза вац Товсолта.

Товсолте хаьттича, мичара мегар дара кІанте йоІа куьг далар, уьш цхьана ловзар, я коьртахь йовлакх доцуш йоІ божаберашца ловзар. КІанта кІужал йитар!

Уьш Товсолтина товш хІуманаш дацара. Ткъа кегийнаш ца Іа шайниг дитина.

«Стоьла юххехь книжки тІе хьоьжуш Іен Дауд, сихха кІужал хьулъеш, лаба дІа а тиллина, дегІ нисдеш хьалагІаьттина, дена тІевахара». Да балхара цІа веъча, дех лачкъийра кІанта шен кІужал.

Товсолтас, берашкара цхьа «цатерриг» даьлча, зуда бехке йо. Цунна тIехь токху цо шена берашкара баьлла цатам.

Нурбика беркате хIусамнана яра, юьртахь и саннарш дукха боцуш. Товсолтина и хууш дара, схьа хIумма ца алахь а, дагахь воккхавера иза.

Iадато магош доцу хIума: зудабераш коьртаIуьйра лелар, божаберашца уьш ловзар – схьахетарехь, хIума хетар долуш вацара Товсолта. Амма наха аьндолчух вогура. Ала кийчанаш болуш бара.

Бераш буьрканах ловзуш, ца хууш кIанта дIакхоьссина буьрка, кхетий, Селитин коьртахь хилла йовлакх а дожош, дIайоьду. Эцца тIехйолуш хиллачу юьртарчу шина зудчунна го и сурт.

«– Хьажахьа, Товсолтин йоI а иштта лелча, нехачарна хIун дан деза?

– Хир дац хьуна и Товсолтина хууш-м!

– Тамаша ма бу школан кертах агIо а тоьхна Iашшехь, цунна и цахаар!

– Дера деза хIинцца вайша дIа ма-кхеччи, хаийта-м! Бехк буьллур ма бу вайна и гиннашехь цахаийтарна, – аьлла, и шиъ школана аьрру агIорхьа дIаяхара».

Бала болуш дарий цу шина зудчун и къамел? Дацара. Товсолтега и дерриг шина зудчо, кхин а дестош, дийцина хила а там бу. Товсолта оьгIазвоьду, шина йоIе кхин ца дешийта дуьхьалволу иза. Цу тIехь Нурбикин бехк бо цо.

Шайна тIедеана вон дIадийца, къа-бала балхо, шайгахьа гIо даккха мила хир вара-те бохуш ойланашка южу ши йоI. Юха шайн хьехархо йолу Анна Львовна йолчу хьоду. Шина йоIана чIогIа лаьа деша. Цуьнга дIадуьйцу цу шимма хилларг дерриге а. ГIоьнна арайолу Анна Львовна. И юкъайолар бахьана долуш дерриге а дика дIадоьрзу.

Роман тIехь буьйцуш дуккха а бу оцу заманан кегийрхой: Дауд, Увайс, Нурседа, Селита. Бес-бесара ду церан васташ. Юьхьанца го вайна ши йиша Нурседий, Селитий, церан ваша Дауддий дас аьллачунна тIера ког ца боккхуш, и лоруш, цуьнан сий деш хилар. Иза дика а, оьзда а ду. Жимма шаьш хьалакхиа доьлча, уьш кхуьй а, даррехь гуш дацахь а, ден лаамна дуьхьалдолу. Советан пачхьалкхо халкъан гIиллакх-оьздангаллица, Iадат-шарIаца болу къийсам даим а латтабора. Оцу къийсаман коьрта Iалашо яра тIекхуьу чкъор дайшний-наношний дуьхьалдаккхар. Оцу идеологица кхиира Товсолтин доьзал а. Цундела цуьнан шина йоIана шайн да ширчух

бухадисинчунна тIегIерташ санна хета, цо аьллачунна, динчу хьехарна реза а ца хуьлу и шиъ.

Махкана тIе вон деъча – тIом болабелча Дауд а, Увайс а шайн лаамехь тIаме, фашисташца тIом бан вахийтар доьхуш заявленеш ло военкоме. Юьхьанца царна дуьхьало йо – кегий хиларна. Юха шолгIачу шарахь а ло. ТIаккха бакъо ло военкомо царна. Уьш новкъабохуш ерриге а юрт бохург санна йоьду.

Товсолтас кIантана шен весеташ деш, кIанта а олу:

– «Дада, ахь ма-аллара, вай юха гой а хаац, сан а ма дара хьоьга цхьа дехар…мегар делахь.

Йижарий комсомолехь хилар, ша дIавахча, дена гучу ца долуш дуьсур доцийла хаьара Даудана.

– Дика ду, дийца.

– Со цIера ваьлча а йижаршка, уьш кхин юкъах ца бохуьйтуш, дешийталахь, дада: цхьа шо бен церан диснарг а дац!... Суна хаьа, уьш ледара бац хьуна, дада!

– Дика ду! – аьлла, кIант кхин цкъа а маравоьллина, – гIо, хьайна! – аьлла, дIахьажийра дас, ша тIаьхьа а ца волуш».

Оцу дешнех а хаьа вайна ваша йижарийн терго еш а, ша цIера ваьлча царна бохам баларна кхоьруш а хилар.

Ши йиша – Селитий, Нурседий вайна дуьххьара школехь доьшуш го. Шаьш доьшучу хенахь, шайна моттарехь, шайн бакъонашкахьа къуьйсу цара.

Да, Товсолта эххар дуьхьалволу, зудабераш даккхий хилла, дешнарг тоьар ду, боху цо.

Хьехархо йолу Анна Львовна а гайтина автора массо а агIор. Генарчу ломахь йолчу школехь ламанхойн бераш кхиадо цо, харцхьарчу новкъа кхийда баккхийнаш кхетабо. Шайна цхьа хало тIехIоьттича, Анна Львовна йолчу хьоду Селитий, Нурседий.

Цкъа вон дош ца олу Анна Львовнас. Ламанхойн сий а до, и лара а лору. Шен ши йоI дешарх цкъа юкъахъяккха ойла хилла волу Товсолта а вухаволу оьрсийн зудчо дехар дича шен сацамна тIера.

Анна Львовна даим масалла хилла лаьтта ша кхиочу, ша Iамочу берашна. Церан дагахь даим а ду: «Анна Львовнас хIун дийр дара ша сан метта нисъелча?» – бохург.

«Лаьмнаша ца дицдо» романехь нохчийн литературехь дуьххьара гайтира нохчийн халкъан дахарехь хилла хала а, чолхе а мур. И халкъ шен Даймахкахь долчу хенахь иза цхьаъ санна гIаьттира Даймехкан Сийлахь-боккхачу тIамехь дакъалаца. Амма шен бехк а, гуьнахь а

доцуш ша Юккъерчу Азе Советан Іедало дІакхалхича а СССР-н Даймахке болу ларам а, безам а лах ца белира нохчийн халкъан. Цунна дика хаьара шен тІехІоьттинчу балина бехке верг Сталин вуйла. Цунах а, Іедалх а кхера ца кхоьруш халкъо, къаьсттина зударша цу халчу шерашкахь дукха эшарш ехира Сталинна сардамаш бухкуш, иза сийсазвеш.

Сталин, тхан дахар дохий ахьа,
Ва Дела, вуьллийла хьо яьшки чу, –
иштта дешнаш долуш яра оцу эшарех цхьаъ.

Яздархочо кІорггера гайтина Юккъерчу Азехь даьхначу шерашкахь хилла нохчийн Іер-дахар. Меца а, къиза а, коменданташа ницкъ бина а шераш дара цигахь даьхна хьалхара шераш. Оцу муьро цхьацца са кІезга нах доьналлах, гІиллакх-оьздангаллах бохийра, халкъана юкъахь гІиллакх-ларам мелла а лахбелира.

Цу хьолехь долу халкъ юха шен Даймахке цІадирзича цуьнан амалехь бухадисина диканиг дІадаккха тохаелира партийни идеологи.

Доцца аьлча, дахаро хьийзош долу халкъ дара М.Сулаевс шен «Лаьмнаша ца дицдо» романехь гайтинарг. Оцу дахаро кхоьллина ю романан турпалхойн амалш а.

Шен «Адамашка» цІе йолчу стихотворенехь, лечкъа ца деш,

Я сий, я хьал со сайна лоьхуш вац.
ХІетте а-м лаьа илли сайн хезийла,
Даггара лаьа – ас и лечкъа дац, –
Шу дезарна, шуна со везийла! –

бохуш, вайна юкъара 1992-чу шарахь дІавахна шен накъост, доттагІ Сулаев Мохьмад дагалоцуш халкъан поэто Ш. Арсанукаевс шен цхьана интервьюхь элира: «Вайн яздархойх суна дуьххьара вевзинарг Сулаев Мохьмад вара.

Говза поэт а, дика лор а вара Мохьмад. Бер санна догцІена а, шатайпа оьздангалла хиларца а билгалвуьйлура. Уггаре суна цуьнгахь товш хетарг – кхечеран кхиамех воккхавер. Газетан, журналан агІон тІехь ша резаволуш стихотворени, дийцар дешча, кхаьънаш дохуш хир вара хьуна: «Хьуна вевзий и хьенех, ешний ахь цо язйина хІума, суна вовзийталахь иза», – бохуш.

Нохчийн гоьваьллачу поэто Мохьмад-Селахь Гадаевс аьлла дешнаш дагаоьху шен заманан синмерз, синлакхалла а хилла, адамашца, Даймахкаца цІена юкъаметтигаш ларъеш ваьхначу Сулаев

Мохьмадан дахаран некъан ойла йича:

Уьйрашна вицвелча, Далла а вицлой,
Базло, бах, лахьти чохь упханан тхов…

Делахь-хIета, уьйрашна, накъосташна, доттагIашна, нохчийн халкъана а вицвелла вац, «Мел ирсе хетарх а – и ирс ма дац, ша винчу Даймахкахь доцург», – дешнаш а аьлла, шех лаьцна ала хастаме дош юьртахошна, махкахошна а дитина, вайна юкъара дIавахана Сулаев Мохьмад.

IV. СУЛЕЙМАНОВ АХЬМАДАН КХОЛЛАРАЛЛА

Сулейманов Ахьмадан кхиаран, гIеметтахIоттаран хан нисъелира ХХ-чу бIешеран 30-чу шерашкахь. И шераш нохчийн халкъан керлачу исторехь хала шераш дара: 1920-чу шарахь Къилбаседа Кавказехь а, Нохчийчохь а чекхбелира Граждански тIом. Дуккха а йохийний, ягийний ярташ, байинчу нехан бухадисина буобераш, йохийна дIаяькхкина экономика. И хьал дара Нохчийчохь Сулейманов Ахьмад жима бер долчу хенахь. Цу хенахь хиллачу дахаран кIорге гIоьртина хьаьвсича, вайна гучудер ду: халкъехь хилла болу уггар коьрта эшам – иза оцу халкъана йоза-дешар цахаар бара. Оцу хьоло нохчийн халкъ цу хенахь лулахь дехачу халкъел уггар тIаьхьа дитнера: йоза-дешар цахаарна шен хьашташ кхочушдан ка ца долуш дара нохчийн халкъ.

И хьал дара хIетахь оцу халкъан юккъера бевллачу интеллигенцин коьрта тидам тIебахна лаьттинарг.

1923-чу шарахь нохчийн маттахь кхоллаеллачу литературехь баккхий кхиамаш бохуш, массо а аьлча санна жанрашкахь болх беш вара Бадуев СаьIид, тIаьхьо – Мамакаев Мохьмад, Арсанов СаьIид-Бей, Ошаев Халид, Дудаев Iабди, Нажаев Ахьмад, 30-чу шерашкахь царна улло дIахIиттира Музаев Нурди, Айсханов Шамсудди, Мамакаев Iарби. 30-гIа шераш чекхдовлуш литературина юкъабаьхкира тIаьхьо шайх гIарабевлла яздархой хилла болу Сулейманов Ахьмад, Сулаев Мохьмад**.**

Хьалха ма-аллара, Сулейманов Ахьмада литературехь хьалхара г1улчаш яьхна ХХ-г1а б1ешеран 30-чу шерийн чаккхенехь. «Безаммий, шаьлтий», «Дог дохден ц1е», «Лаьмнийн шовданаш», «Даймехкан некъаш», «Лаьмнийн мукъамаш» стихийн гуларийн автор ву Сулейманов Ахьмад.

«Безаммий, шаьлтий» цIе йолу стихийн хьалхара гулар араяьлла 1967-чу шарахь. ХIетахь дуьйна шуьйра йовза йолало поэтан цIе. «Цхьа-ши дош» книга язъярна Нохч-ГIалгIайн Пачхьалкхан совгIатан лауреат а хилира Сулейманов Ахьмадах. Ахьмадан дуккха а байташ иллешка, эшаршка йирзина, халкъана шуьйра евзаш а, езаш а ю. Кхин цхьаъ билгалдаккха деза: вайнахана йицъелла Нохч-ГIалгIайн чохь лелла вайнехан топонимаш меттахIоттийра цо.

ТкъолгIачу бIешеран 50-чу шерашкара схьайолчу нохчийн поэзехь къеггина шен исбаьхьаллин дош, шен хатI долуш поэт вара Сулейманов Ахьмад.

Юьхьанца шайн юьртахь дешна кIанта, 1940-чу шарахь Соьлжа-

ГІалара № 6 йолу школа чекхъяьккхина, цул тІаьхьа Соьлжа-ГІаларчу рабфакехь дешна, серлонан наркоматан инструктор а, комсомолан райкоман секретарь а болх бо. Сибрехара цІа дирзинчул тІаьхьа цуо чекхйоккху Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан хьехархойн институт. Цул тІаьхьа Ахьмада дуккха а шерашкахь хьехархочун а, директоран а болх бо Хьалха-МартантІера а, Олхазар-кІотара а ишколашкахь. Цул совнаха, Нохч-ГІалгІайн яздархойн союзан литконсультантан декхар кхочуш а до цуо, яздархойн Союзан исбаьхьалхьаллин литературин пропаганда яран Бюрон председатель лаьттина Ахьмад.

Суьрташ дахкаран корматалла йолуш хилла Сулейманов Ахьмад. Соьлжа-ГІаларчу художникийн гуламехь хуьлуш хилла иза. Художникийн суьртийн гайтамашкахь дакъалоцуш а хилла. Цуьнан суьрташ гайтаме дІаэцаран тоьшаллаш хІинца а долуш ду.

Хьалхара книга шен 45 шо кхаьчначу хенахь яьккхина цо зорбане. Оцу жимачу гуларна юкъаяхнера иттех стихотворений, «Безаммий, шаьлтий» поэмий. Амма хьовса оцу стихашка – хІора а бохург санна, поэзин жовхІар! – «Даймахках илли», «Машаран кхокха», «КІант винчу тойнехь», «Дог дохден цІе», «Календаран тІаьххьара лист»…Оцу кІеззигчу стихотвореншка а йовзуьйту поэтан кхолларалли ша-тайпалла, кІоргера исбаьхьалла. Нохчийн мотт кІорггера хууш а, цундела оцу меттан таронех ма-оьшшу пайдаоьцуш а и хилар гучудолу оцу стихотворенешкахь. Ахьмад халкъан барта кхолларалли, нохчийн а, оьрсийн а классика дика евзаш хиларо таро хуьлуьйту цуьнан еша а, кхета а атта, исбаьхьа говзарш кхолла:

Батто, стиглахь гІийла текхаш,
Оьхьу суна дато лан.
Седарчаша дохку некъаш –
Самах дуьхьалтуьйсу гІан…

Гуш ма-хиллара, кхузахь хила ма-еззара йолу еастопан хорей ю. Цхьаболчара иштта дац бахахь а, Ахьмада гойту, силлабо-тонически принципца нохчийн стих кхолла таро хилар. ХІокху стихотворенин хьалхарий, кхоалгІий могІанаш вовшашца, ткъа шолгІий, боьалгІий – вовшашца рифма йолуш бу. Шишша дош ду хІокху строфахь цхьана дешдекъаххий, деа дешдекъаххий лаьтташ, амма цуо стихан барам боха ца бо – цхьана дешдекъах лаьтта дешнашца чекхболуш бу вовшашца рифма йолу шолгІий, боьалгІий могІанаш (хадийна рифма), ткъа «седарчаша», «дуьхьалтуьйсу» бохучу дешнех шишша стопа кхоллало (седар/чаша, дуьхьал/туьйсуш).

Вай хьахийнарг стихотворенин кепах ду. Шех милла а Іама мегар долуш, говза ю Ахмадан поэзин кеп.

Сулейманов Ахьмадан поэзи билггала къоман ю ала мегар ду. Цуьнан коьрта турпалхо – шен орамаш а хууш, шен къам, цуьнан гІиллакх-оьздангалла а евзаш волу турпалхо ву, дуьненахь хуьлуш долчу массо а хІуманан бала а кхочуш, диканах дог а ца дуьллуш, къахьоьгуш схьавогІу.

Ахьмадан кхолларалле язйина тайп-тайпана статьяш ю, хьалха къастийнарг юха а дуьйцур дац вай.

Мелла а хьахо догІу поэзин йоккхачу жанрехь Сулейманов Ахьмада язйинчу говзарех – поэмех.

Къаьсттина билгалъяха хьакъдолуш ю оцу жанрехь гІарваьллачу нохчийн поэта Сулейманов Ахьмада язйина говзарш – «Безаммий, шаьлтий», «Безаман шовда», «Ламанийн сурташ», «Дахаран генаш», «Беттан тІулг», «Іесаллех поэма я «ЦІен книга». Шайн жанран билгалонашца вовшех къаьсташ, цхьаъ вукхунах тера йоцуш ю и ерриге а поэмаш. Царех уггаре йоккха а, чолхе а ю тІаьхьарлераниг.

«Іесаллех поэма я «ЦІен книга» араьялла 1988-чу шарахь «Цхьаши дош» гуларехь. Литература хІун ю а ца хуучу наха къамелаш долийра, и поэма емалъеш, иза тІехь йолу книга яго еза бохуш.

Амма литературоведаша а, яздархоша лаккхара мах хадийра оцу говзаран. Сулейманов Ахьмадан 80 шо кхачарна лерина йолчу «Орга» журналан редакционни статьяхь иштта яздора: «Цуьнан поэтически кхолларалла шен орамаш барта кхолларалле долуш яра. Амма фольклорана тІетийжаш хиллехь а, цуьнан гурашкахь ца висира поэт. Иза къаьсттина билгалделира «Цхьа-ши дош» цІе йолчу книгехь. Кхузахь, уггаре хьалха, «Іесаллех поэма…» йоьшуш, вайна хьалха хІутту таханлера дахар, Іилма, философи, политика, истори а, дуккха кхин девзаш волу цхьаннех возушвоцу ойланча-поэт»**.**

И поэма араяьлла хан а, оцу хенахьлера хиламаш а дика бевзаш волчу Сумбулатов Денис шен Сулейманов Ахьмадах йолчу статьяхь яздора (оцу поэмех дерг дерриге а даладо вай): «ТкъолгІачу бІешеран 90-гІа шераш вайн къоман кхолламехь сихаллин, собаран, эхь-бехкан, оьздангаллин, гІиллакхан, маьттазаллин гураш, бехкамаш, дозанаш цхьаболчу наха дохош даьхкира. Гуш лаьтташехьа, синамал хийцаелла адамийн тобанаш, къинхетаман метта къизалла дегнаш чу еъна, карзахъевллера. Шайна хетарг, шайна моьттург бен кху Дуьненахь кхин хІумма дан а дац, кхин хІума хила а ца деза моьттучийн тоба елира Соьлжа-гІаларчу майдана. Цкъа а нохчийн

маттаца, литературица, историца бала а ца хиллачу цара сийсаз а, маьттаза а доккхура къомо хIинццалц сийлахь мел лийринарг, мел лорург. Де-дийне мел долу алсамъюьйлуш яра бехдинчийн а, бехдечийн а адамийн цIераш. Иштта цхьана дийнахь майданарчу адамашлахь волчу цхьамма, шимма... тIаккха тобано мохь бетта болийра: «Сулейманов Ахьмада поэма язйина... «ЦIен книга» я Iеса поэма». Цо шен поэмехь бехдо дин, нохчийн халкъ... Цуьнан книга яго еза, Ахьмадна таIзар дан деза!», – бохуш. Дуьххьара мохь тоьхначуьнга хаьттинера, цунна уллохь лаьттачо:

– Бехк ма биллалахь, ахь ешний, хьо кхеттий оцу поэман чулацамах, авторан Iалашонах? – аьлла. И хаттар шена хезча, шен цецвалар а лачкъо хьекъал доцчо сихха, амма оьгIазе жоп деллера:

– Еша-м ца ешна ас, делахь а дуьйцуш хезна-кх суна: и поэма вайна дуьхьал язйина ю, – бохуш.

Оцу хенахь, керла маьIна шайна чу а дуьллуш, шийлачу маьхьарца мел баьхна «вай», «уьш», «оха», «цара» бахар бале дирзина деха вай. Бакъду, оцу хенахь жоп деллачо, «вайна» ца олуш, «тхуна» аьллехь, и поэма цо ца ешнехь а, бакъдолчунна герга догIура цуьнан жоп. Ян а ю Ахьмадан поэма шаьш-шайна магийна мехаллаш йолчу, шаьш-шайна кхоьллинчу къилбанашна суждане оьхучу адамийн тобанах. Дуьненна, Iаламна дола шаьш до, ницкъ шайгахь бу моьттучу тобанах... Делан Дашах, цуьнан кхиэлах цакхоьручех. И тоба я ша къаьстина цхьа адам долуш дуйла хаьара дукханна а. Амма даррехь дIахьедан, дIакхайкхо, уьш емалбан ца ваьхьара цхьа а. Я хьекъал, кхетам, я дуьнене болу хьежамаш шайн миска хиларна. Цхьана а стеган, метгиган, мехкан, пачхьалкхан цIе а ца йоккхуш, поэто шен поэмехь аьлла:

Ва Везан Дела! Ва Воккха Дела!
Ша вуьзча цамегаверг меца кхабалахь!
Ша коьрте ваьлча цамегаверг
Когашкахь латтавелахь!
ГIайвелча цамегаверг
ГIелвай латтавелахь!
Ша тоьлча цамегаверг
Эшавай латтавелахь!
Ша лакхаваькккхича
Цамегаверг
Лахахь латтавелахь!
Шех эла вича, нах бале эгийна,

Нах Іазапе эгийна,
Шен леш бан гІоьрта верг
Лен когашкахь латтавелахь! –

и дешнаш, хІума довзарца, генна хьалха а кхевдина аьлларг, шайх ледаш цІийца ийна бІаьрхиш долу Іалашонаш гучуяхар хиллера царна цатайнарг, цадезаделларг а.

Поэта шена Іаьткъинарг, ша шен сица лайнарг, кхин садетта собар а ца тоьъна, кехат тІе охьадиллинера. Поэтан цІийх ийна бІаьрхиш хаало хІора а могІанехь, Дашехь. Поэтан цІий, бІаьрхиш. Шен хьомсарчу, шена дукхадезачу, йоІбІаьрг санна, ша лардечу халкъан бІаьрхиш, цІий ца Іенийта орцахваларна бехкевора поэт. Цуьнан орцахвалар цадезнарш, цадезаделларш бара «меттан охІланаш», «халкъан дешан, мехкан а дай» хилла, мохь-цІогІанехь хьийзарш...

Поэта муьлххачу а хенахь, муьлххачу а бІешарахь адамашка хатта хьакъдерг хоьтту юьхьдуьххьал, майрра:

– ХІей къонах!
Хьо стенна веана
ХІокху дуьнен чу? –
бохуш.

ХІара дуьне хаздар, беркат, зовкхе дахар дебор, Безам, Барт, Тешам чІагІбар шен дахаран Іалашо йолчуьнга жоп долуьйту поэто:

– Суо меца Іийна а, нах бузо!
Суо верзина Іийна а, нах буха!
Суо хьогах Іийна а, нах
Чам мерзачу муттанех, хих Іабо!
Суо дакъазаваьлла а,
Нах декъала хилийта,
Нах ирсе а бина, нехан ирсах воккхаве,
Суо ирсе хила!
Суо велла а, нах бахийта!
Дуьне, дахар хаздан, даздан! – олий.

Иштга ваха нигат динчуьнга, иза декъал а веш, боху поэта:

– Декъала хуьлда хьо!
Хьох хьоьгурш, хьо хьоьгурш декъала хуьлда!
Декъала хуьлда хьан суьйренаш, хьан Іуьйренаш!
Хьан буьйсанаш, хьан денош декъала хуьлда!

Хьан ламазаш, хьан доIанаш декъала хуьлда!
Декъала хуьлда хьо лела некъаш!

Ша ког мел биллинчохь, ша дош мел аьллачохь цIийн, бIаьрхийн тачанаш дуьтучуьнга; маслаIат мотт сацийна, дов, тIом баржочуьнга; бIаьрмецигалла, сутаралла сов а яьлла, къизаллин таж шен коьрта тиллинчуьнга а хоьтгу поэто:

– ХIей стаг,
Хьо стенна веана хIокху дуьнен чу?

Шен дахаран нигатна тешаме висинчо, къизаллин, Iожаллин а байракх адамийн декъешна тIехь лестийча сапаргIат хуьлучо, самукъадолучо жоп ло:

Нах меца битина а, суо вуза!
Нах берзина битина а, суо вухавала!
Нах хьогах битина а, суо хих,
Маларх, синкъерамех Iаба!
Нах гIелбина а, суо гIайвала, туола!
Нах охьатаIийна а, суо лакхавала!
Нах бале эгийна а, суо зовкхехь ваха!
Берриг нах хIаллакбина а, суо ваха!

И нигат а дина, хIокху Дуьнен чу веанчуьнга, къиза дог долчуьнга, озавелла, кхеравелла юха ца волуш, майрра, стогаллица неIалт а кхайкхош, вистхуьлу поэт:

НеIалт хьуна!
Хьан суьйренашна,
Хьан Iуьйренашна – неIалт!
Хьох хьоьгучунна,
Хьо хьогучунна – неIалт!
Хьан буьйсанашна,
Хьан деношна – неIалт!
НеIалт хьан Iаьржачу синкъерамашна!
Ахь дуучунна, ахь молучунна неIалт!
Ахь Iамочунна, хьох Iемачунна – неIалт!
НеIалт ахь гулдинчу а, гулдечу а хьарам рицкъана!
НеIалт хьан рицкъах кхетачунна!
Хьан ламазашна, хьан доIанашна –
Кхузза неIалт!

НеIалт хьуна тIехьарчо долчу марчонна!
Хьо вуьжу волчу лахьтина – неIалт!
НеIалт хьан хиндолчу кошана, упханашна,
Чуьртана!
НеIалт хьо гIон волчу жоьжахатана!

Ахьмада шен поэмехь аьлларг майрра, Iалашо а лаьцна аьлла дош дара. Цуьнан Дош, дахкарлахь кхоьссина топ санна, Iалашоне ца кхочуш дайна дIа-м муххале а ца делира, мелхо а цхьаболчийн дегнаш Iорадехира, яххьаш ма-ярра гучуехира, кирхьанна тIехьа а, туьтмIаьжигашца а къайлаяьхна хилла йолу.

Иза дара цхьаболчарна Iаьткъинарг, цара еза чов йина тIелаьцнарг, чIире а дерзийна кхайкхориг: «Хьан хьекъал хIунда кхаьчна, хьан кхетам хIунда бу?» – бехк а боккхуш, хоьттура поэте. Стеган хьекъал, кхетам, сий хилар цуьнан бехк лору, бартхаттар а доцуш, дага мел деанчо кхиэл йо мур бара дIаболалуш…

Хьо стенна веана хокху дуьнен чу? – аьлла шега хаьттича:

– Со иллин паччахь хила веана дуьнен чу!
Со пондаран паччахь хила веана дуьнен чу! –

аьлла жоп делларг, кхечу дарже са ца туьйсург вара «халкъан, мехкан, Делан а мостагI» вина кхайкхош. Эхь-бехкан, Iадатийн, ламастийн, кхетаман, иэсан, меттан а Iу-дай сийсазбича духу халкъ, ларда иккхича охьахаьрца бIов санна. Иштта къоман синан бIаьвнаш, меттан жовхIарш, хазнаш, къоман иэс лардинарш бара хьалхарчу рогIехь бехбан Iалашоне лецнарш».

Халкъан яздархочо Ахмадов Мусас иштта билгалйоккху поэмин башхалла: «ЦIен книга» Iесаллех поэма цIе йолчу произведенехь го поэтан боккъал маьрша аз. Цо мохьбетташ а, кIорга а дуьйцу Адам Iесадаларх, Дала шена тIедехкина декхарш цо дицдарх лаьцна. Чулацамца хилла ца Iаш, и поэма шен куц-кепаца а ю маьрша. Ахьмада шен кхолларалле хь дуьххьара пайдаоьцу «верлибр» олучу стихкхолларан барамах. Цо таро ло цунна маьIнийн, ойланийн, синхаамийн, иштта мукъамийн а тайп-тайпаналла гайта, шен синкарзахалла ма ярра йовзийта».

…Хетарехь, поэма йоьшург уггар хьалха «лирически турпалхо» бохучу терминах кхеташ хила веза.

Поэзехь дукха хьолахь къамел язъечун цIарах нисло, «со, ас…» олий, амма ша поэттий, цуьнан лирически турпалхой бохучу кхетамашна юккъе и шиъ цхьатерра хилар гойту хьаьрк юьллийла ца

нисло даим а. Цхьаццайолчу лирически байташкахь «автор, поэт» бохурггий, «лирически турпалхо» бохурггий цхьана маьIнехь нисло, масала, и байташ шен цхьанна кхоллабеллачу синхаамех (безамах, цабезамах, халахетарх, хазахетарх…) язйина елахь а, амма дукха хьолахь «лирически турпалхо» боху кхетам шуьйра бу «автор, поэт» бохучарел а. Поэта «со, ас…» аьлла язъеш, цо я шен хенарчеран, я къомах, махкара болчу, ткъа цхьайолчу говзаршкахь – дерриге а дуьненахь бехачеран цIарах дуьйцу. И тидаме а эцна, шеко йоццуш билгалдаккха мегар ду, Сулейманов Ахьмадан «Iесаллех поэма я «ЦIен книга» говзаран лирически турпалхо – XX-гIа бIешо чекхдолуш вехаш волу стаг ву аьлла, дерриге дуьненан истории евзаш а, оцу дуьненах хуьлуш дерг а гуш, хиндолчух дог а лозуш. Оцу стеган («лирически турпалхочун») монологах кхоллалуш ю поэмин сюжет.

Поэмин берриге чулацам схьабуьйцийла яц, и бовза ерриге поэма еша еза, дуьххьара дуьйна йолийна, чекхъяллалц. ТIаккха гучудолу цуьнан маьIна. XX-гIа бIешо чекхдолуш вехачу стага, шен ойланашкахь ерриге а дуьненан истори карла а йоккхий, дуьненахь хIоьттина хьал гойту:

«Дуьххьара хилла Дош,
И Дош Делехь Хилла,
Дела Дош хилла.
Иза Хилла дуьххьара Делехь,
Дерриг а Цуьнгахула схьадоладелла,
Цуьнан лаам боцуш долчу хIуманах
ХIумма а хилла дац…»

«Дела шен стиглан паччахьалкхах вохийна,
Дерриг а шен караэцна,
Ша Дела а хилла,
Дела шех а хилла,
«Iаламера комаршо вай хьуьйсур дац!
Ваьшна оьшург вай схьадоккхур ду Iаламера!
И ю вайн Iалашо!» – аьлла,
Iаламан лаг а лаьцна,
Iаламера ваьшна оьшшург схьа а даьккхина,
Вай «ЦIен книга» кхоьлли…»

Оцу шина кийсигехь гучудолу поэмин коьрта маьIна: лирически турпалхо – вайзаманхо орца дохуш ву, дуьне, оцу дуьненахь мел долу

хIума, Адам а тIехь, ларде, бохуш. Галъевлла адамийн Делаца йолу юкъаметтигаш, галъевлла адамайн а, Iаламан а юкъаметтигаш а, адамийн вовшашца йолу юкъаметтигаш а…

Ала деза, и поэма коммунистически идеологи, мелла а гIелъеллехь а, дийна йолчу хенахь язйина хилар. Ткъа вайна дика хууш ду, и идеологи Далла дуьхьал хиллий…

Поэма дуьненахь болчу коьртачу лазамех ю, Адаман дахар тодарехьа, хаздарехьа, ирсе дарехьа кхойкхуш. Массо а воккхачу ойланчин санна, и иштта хиларх поэтан тешар гучудолу поэмехь, хIунда аьлча и иштта хилийта Къонахий болу дела:

Соьгахь бехделла синош цIандан рецепт ю,
Ахь а, оцо а, дIогарчо а дIаэцахь:
Безам – дог дуьззина,
Къинхетам – дог дуьззина, тIех а туьйсуш,
Оьздалла – иштта,
Тешам, комаршо...
ДоттагIалла, Вошалла, Къонахалла – кхачалур а доцуш…
Оцу кхачано хьан са даиманна а
ЦIена, сирла, маьрша, тешаме, къинхетаме,
Могуш
Латтор ду.
ДIаоьций аш синна кхача кечбан рецепт?
ТIаккха
Ахь а,
Ас а,
Оцо а кхиийнчарах хир бац
Наркоманаш,
Питанчаш,
Малончаш,
Дазадуурш,
Дезадуурш,
Дазадухурш,
Дезадухурш –
Веччалгаш.
ДIаоьций аш, нах, сан рецепт?
Вайн синошна оьшуш болчу кхачанан рецепт?
– Оьцу.
– Баркалла...
Вай цIанлур ду...
Вай цIена а, цIина а хир ду...

Вай доьлхучу Іалашоне дІакхочур ду...
Вай даккхийчу гІуллакхашна
Дуьненан къонахий кхуллур бу!

… Сулейманов Ахьмада шен кхетамехь, ойланашкахь, хааршкахь, даг чохь гулделларг схьакхайкхийна вайга оцу поэмехь, вайн къам дуьненахь лар йоцуш дан ца дайта… Иза Поэтан весет лара мегар ду, тІаьхьенашна цо дитина.

(«Ламанан хьостанаш»)

Нохчашлахь стеган дош цІена хила дезаш хилла, шеца хІилла доцуш, хьарамло йоцуш, инкарло йоцуш. Стаге болу лерам а хилла цуьнан дош шалхе йоцуш хиларе, цІена хиларе хьаьжжина. Поэта а иштта лору дош:

Дош-м дац дош доцург,
ГІуллакха-м дац цІена доцург!
ЦІаро-м деши а лаладо.
Дашо-м дегнаш а лаладо.
Деши а дош дац, цІена дацахь…
Дош а деши дац, цІена дацахь…

(«ЦІен книга» я Іесаллех поэма»)

Сулейманов Ахьмадан поэзин чулацамехь нохчийн къоман гІиллакх-оьздангаллин мехаллаш ю. Уьш кхайкхош, уьш чІагІъяре хьажийна ю цуьнан тоьлла произведенеш. Оцу къоман гІиллакх-оьздангаллин лаккхарчу тІегІане кхойкху поэт. Нохчийн халкъан педагогикехь, философехь «къонах» боху кхетам бу стаг шен халкъана, махкана хьанал хилар, пайдехьа хилар, лаккхара гІиллакх-оьздангалла йолуш иза хилар билгалдоккхуш. Поэта ойлайо оцу кхетаман, цуьнан маьІна дан хьожу иза:

«Къонаха мила ву? И меллалц веха» −
Хаьттира ахь соьга шуьнехь Іаш вай.
− Дерриг а дуьне ду кьонахчун меха!
ХІар дуьне-м къонахийн белшаш тІехь дай!

Къонаха − дахаран синпхенийн мерз бу!
Къонаха − дуьненан гІайгІанийн шад!
Цо ларйо дахаре вайн йолу марзо!
Къонаха − пха кхосса дуьйлина Іад!

Къонаха вехийца Даймехкан сийнна,

Даймехкан сий лардеш, вала и ле!
Лe иза, кхин ваха ца лууш санна,
Ленвоцчу сийлалле кховдаеш цIе!

Терзан тIе ца дуьллу цо деший, даьхний
Халонгахь хадочохь хьуьнаран мах.
Ах-дуьне мах болу шен корта буьллу,
Вайн маршо ларъечохь сагIа до шех.
Къонахийн собар ду − лекха лам баккхал,
Собар ду сов доккха, кхача ца луш!
Къонахийн и собар кхачийча-м, боккъал,
ХIар маьлхан вайн дуьне духур ма ду!

(«Жерочун кIентан, Жумин Акхтолин илли»)

Иллешкахь а санна, ницкъ, хьал цуьнан хиларца ца хадабо поэта а къонахчун мах. Сулейманов Ахьмада къонах лору шен мехкан лаьттахь хьанал къахьоьгуш волу ахархо а, цо къонах лору тешам, собар, къонахалла кхайкхош волу илланча а, поэта къонах лору даймахка герзаца веанчу мостагIчунна дуьхьал гIаьттина тIемало а. Ахмадов Мусас даладо цкъа шаьш цхьаьна гулделлачохь шуьнехь Iаш Ахьмада аьлла дешнаш: «Ас хIара шуьнан дош олу, мацах цкъа дечиган нахарца дуьххьара хIокху мехкан хьена латта а аьхна, дезчу ялтин хIу дийначу ахархочун сийнна; ас хIара шуьнан дош олу, хьуьнхахь ирахь якъаелла къахьаштун дечиг а хадийна, иза нисйина, шарйина, тойина, цу тIе кхо мерз а оьзна, дечигпондар а бина, цу тIехь дуьххьара къонахаллех, тешамах, собарх илли аьллачу илланчин сийнна; ас хIара шуьнан дош олу вайн мохк лолле лаца, цуьнан сийлахь кхерчаш, оьзда мехкарий сийсазбан баьхкина мостагIий эшийна, хьаьшна, дIабахначу нохчийн тIемалойн сийнна!».

Иштта бу поэтан лирически турпалхочун хьежамаш а. Къонахаллин тема поэтан стихашкара поэмашка кхаччалц ерриг кхолларалле чекхйолуш а ю, нохчийн къоман кхетамца йозаелла а ю. Дайн ламасташ лоруш, цаьрца вехаш, уьш кхидIа а цIиндан Iалашо йолуш ву поэтан лирически турпалхо. Даймехкан дуьхьа, халкъан дуьхьа муьлхха а халонаш лан а, Iожалла тIеэца а кийча ву иза:

Даймахке сайн безам гайта,
ДоттагIий, аш таро ло!
Цуьнан дуьхьа муха веха,
Муха ле ас гойтур ду!

V. ХАМИДОВ ІАБДУЛ-ХЬАМИДАН ДРАМАТУРГИЯ

Нохчийн литературин а, искусствон а исторехь цкъа а йовр йоцу лар йитина бу Бадуев СаьІид, Мамакаев Мохьмад, Мамакаев Іаьрби, Ошаев Халид, Айдамиров Абузар иштта дІа кхиберш а. Оцу сийлахьчу могІарехь ву, шеко йоццуш, Хамидов Іабдул-Хьамид а – драматург, прозаик, поэт, гочдархо, театральни режиссер, актер…

Хамидов Іабдул-Хьамидан кхолларалла а, дерриге дахар а къоман театраца, искусствоца а, литературица дозаделла хилла. Къаьсттинчу мехаллин бу тетрехь цо бина болх. Театрехь гІуллакх деш кхиъна цуьнан драматургически говзалла, кхолларалла йохІма. Шен дерриге хьуьнарш къоман театрана, искусствона дІаделла цо.

Иза вина 1920-чу шеран 15-чу октябрехь, ткъа 1969-чу шарахь, некъабохам а хилла, кхелхина, шен шовзткъе исс шо а кхачале. Кхолларалла болх бан елларг чІогІа кІезиг хан хилла цунна – и къаьсттина гуш ду, и болх юкъахбаьккхина долу вайн халкъо махкаха даьккхина текхна кхойтта шо а оцу юкъахь хилар тидаме эцча…

Юьртахь бераллин хенахь дукха ладийгІина цо нохчийн туьйранашка, эшаршка, забаречу дийцаршка. Жимчохь евзина цунна къоман барта произведенеш, уьш дагахь латтош а, шен нийсархошна юьйцуш а хилла Іабдул-Хьамида.

Юьртара школа чекхъяьккхинчул тІаьхьа, 1935-чу шарахь Серноводскерчу педагогически училище деша вахана иза. Кхузахь доьшуш волуш, кхидІа а чІагІделла Іабдул-Хьамидан халкъан исбаьхьаллин даше марзо хилар. ХІетахь педучилищехь доьшуш хиллачу Эдилов Хасмохьмада яздо: «Цунна дукха хаара нохчийн хьалхазаманахьлера а, хІетта юкъадуьйлуш долу а халкъан дийцарш, кицанаш, забарш. Студентийн дехаршца цо уьш кест-кеста дуьйцура общежитин кертахь мукъачу денойн суьйренашкахь тхо гуллуш хиллачу майданахь. Цу дийцарна юкъахь цо ша кхуллуш дерш а хуьлура, амма цо ца олура цу хенахь, уьш ша кхоьллина ду». Схьахетарехь, оцу хенахь дуьйна волавелла Хамидов Іабдул-Хьамид исбаьхьаллин дешан говзалла караерзо.

Къона волуш, 1937-чу шарахь, Москварчу Театральни искусствон театре деша вахара Іабдул–Хьамид. Цигахь яьккхинчу хенахь цунна

дика евзира дуьненан литература, театр, кхоллаелира искусствон белхалошца уьйраш. ТIаьхьо масех драматургически произведени нохчийн матте а яькккхира цо – У. Шекспиран «Отелло», Мольеран «Дворянствехь волу мещанин», Л. Толстойн «Боданан ницкъ»… Шеко йоццуш, кхолларалин лакхенашка кхача цуьнан аьтто бира, оцу шерашкахь Iамийначо а, девзинчо а.

Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIеман шерашкахь Хамидов Iабдул-Хьамид Нохч-ГIалгIайн драматически театран директор хIоттаво.

Оцу буьрсачу шерашкахь театро, хIора дийнахь бохург санна, шен болх дIакхоьхьу, вайн махкахошна а, эскархошна а, госпиталашкарчу чевнашхиллачарна а спектаклаш хIиттош. Вайн драматурги а, театран истори а таллархочо Айдаев ЮшаIа билгалдаьккхина ду, тIеман хьалхарчу пхеа баттахь театро 300 гергга концерт а хIоттийна, цаьрга 140 эзар гергга стаг а хьаьжна, аьлла.

Хамидов Iабдул-Хьамидан дуьххьарлера драматургически произведени «Совдаттий, Дауддий» ю. Оцу драмин кхолларалин истори йолало 30-гIа шераш чекхдовлуш. Ша институтехь доьшуш волчу хенахь цкъа Даудан монолог язйо цо, тIаьхьо – ерриге а пьеса. 1980-чу шарахь араяьллачу яздархочун «Лийрбоцурш» цIе йолчу драматургин а, прозин а, поэзин а гуларехь и драма I943-чу шарахь язйина аьлла билгалдаьккхина ду, амма зорбане 1955-чу шарахь бен ца яьлла иза, «Къинхьегаман байракх» газетан агIонаш тIехь. ТIаьхьо, вайн республика юхаметтахIоттийча, масех шарахь къоман театран репертуарехь лаьттина иза.

«Совдаттий, Дауддий» драма, Бадуев СаьIидан «ПетIамат» санна, «Ямартчу моллеххий, Бектамаран Зайнапаххий иллин» сюжета буха тIехь кхоьллина ю. Шина драматурго оцу сюжетах тайп-тайпана пайдаэцна, шайн исбаьхьаллин Iалашонашка хьаьжжина. Масала, Бадуев СаьIида шен драмехь коьрта турпалхо, халкъан иллехь санна, молла вуьту («Молла» аьлла, кхин цIе а йоцуш), ткъа Хамидов Iабдул-Хьамида цуьнан метта совдегар юкъа-валаво (Умалт). Оцу цхьана хIумано а драмийн Iотта-баккхамаш (конфликташ) вовшех херйо. Амма, хетарехь, и драма Iабдул-Хьамида Iемаш язйина – цу тIехь яздархочун хатI гучу ца долура, я турпалхойн амалшкахь а, я меттан башхаллашкахь а…

«Къинхьегаман байракх» газетехь арадевлла яздархочун дуьххьарлера дийцарш. Уьш дерриге а шайн жанран билгалонашца юморан а, сатиран а дийцарш ду. Нохчийн литературехь оцу жанран

произведенеш хьалха кхоьллина хиллехь а (масала, Айсханов Ш. «КIайн котам», Мамакаев I. «Текхарг»), Хамидов Iабдул-Хьамидан кхолларалла дойзна ду и кхиар. Шеко йоцуш ду, цуьнан тIеIаткъам тIаьхьо оцу жанрехь болх мел бинчу нохчийн яздархошна хилла аьлла. Масала, хьовсур вай Айдамиров А. «Генарсолтин хьуьнарш» (1965) дийцарийн гуларе. Хамидов I-Хь. ГIирмасолтий, Айдамиров А. Генар-солтий цIераш цхьатера йогIуш хилла ца Iа – герга ю оцу турпалхойн амалш, царех долчу дийцарийн сюжеташ, меттан башхаллаш…

Сулаев М. иштта мах хадийра Хамидов Iабдул-Хьамидан дуьххьарлерачу дийцарийн (уьш, цхьаьна а тоьхна, арахийцира «Абубешар» цIе йолчу гуларехь, 1959-чу шарахь): «Шен дийцаршкахь цо емалдо Iадатах дохкуш долу зуламе гIуллакхаш, таханенгахь а, керла бахам кхиорехь, вайна новкъарло еш долу. Цундела сакъерадаларца доьшуш а, дешначара вовшашка юха дуьйцуш а хуьлу цуьнан дийцарш. Къаьсттина царех билгалдаьлларг – «Абубешара лаьттах тоьхна куй» боху дийцар ду.

Вайн халкъера схьабаьллачу ирачу маттаца Iуьттуш, нах белош, гойтуш ду дийцар тIехь Абубешаран сакхташ: маларшка а вирзина, балхах дIа а къехкаш, цIийнан дерриг гIуллакхаш шен зудчунна тIе а даздина, цуьнан кхерсташ лелар. Амма тIаьххьара а кхетам чу вогIу иза, шен атта лелар гена дIагIур доцийла а хаьий. Цу дийцаро вайна юкъахь хIинца а долуш долу сакхташ а, зударшца нийса дацарш а гучудоху, и гIалаташ вайна юкъара дIадаха гIо деш а ду и дийцар».

Ала деза, оцу дийцаран буха тIехь яздархочо пьеса а кхоьллина хиларх. Хамидов Iабдул-Хьамидан коьрта дийцаршший, «Мохсолтин доьхна де» пьесий кIорггера теллина Сулаев М. шен рогIерчу статьяхь. Церан юкъара маьIна иштта до цо: «Шеко йоцуш, А. Хамидовн йозанан мотт кIорггера говза буьйцуш, халкъан дешнаш дукха далош, вайн халкъан маттаца и лерича а, сов нийса мотт хета тхуна. Цуьнан дийцарийн а, пьесийн а сюжетан болар, сингаттаме доцуш, нисса шен коьрта зил тIехь дIахьош хуьлу; чулацаман композици (дIахIотторан кеп) лелориг къастош, кхетош ю».

Зорбанехь яздархочун пхи дийцар арадаьлла – «Абубешара лаьттах тоьхна куй» («Абубешар»), «ГIирмасолтас яьккхина са», «Дурдий, Даргий», «ДIа коч – схьа коч», «Экзамен хаттар». И дийцарш дика девзаш ду вайн книгашъешархошна а, царех, гуш ма-хиллара, алссам дийцина Iилманачаша.

Оцу дийцаршкахь ма-ярра гучуелира Iабдул-Хьамидан юморан

а, сатиран а башхаллаш: шен турпалхойн къорггера васташ кхоллар, хIоранна а шен-шен амал, юьхь-сибат, меттан ша-тайпалла йолуш. Яздархочун дийцарийн коьрта маьIна гучудолу Сулаев Мохьмадан царех йолчу жамIдаран статьян цIарехь – «Адмаш дезарна – церан сакхтех».

Хамидов Iабдул-Хьамида Киргизехь даьхначу шерашкахь тайп-тайпанчу куьйгаллин даржашкахь болх бира, амма шен кхолларалла а, къоман культура а кхиор цунна дихкина дара… Таронаш кхоллаелира Сталин веллачул тIаьхьа, цхьа стаг вазваран бахьнехь дина зуламаш Iорадаха а, нисдан йиш ерг нисдан а долийча, къаьсттина, Нохч-ГIалгIайн республика юхаметтахIоттийначул тIаьхьа. Iабдул-Хьамид хьалха цкъа хелхарийн а, эшарийн а ансаблан, тIаьхьо – драматически театран директор хIутту. 1959-1961-чу шерашкахь Нохч-ГIалгIайн яздархойн цхьаьнакхетараллин правленин куьйгаллехь а лаьтта иза. Оцу шерашкахь цо боккха болх дIахьо, хьалха дуьйна искусствохь къахьегнарш а, похIма долу кегийра нах а вовшахтухуш. 1961-чу шарахь кхоьллинчу Нохч-ГалгIайн театральни студехь нохчийн мотт а, литература а хьоьхуш вара иза. И зама дагалоьцуш, гIаръяьллачу актрисас Багалова Зулайс иштта яздора: «Цуьнан дерриге а дахар дара вайнехан искусствона дIаделла… Цо театр кхуллура чоьхьара а, гондахьара а. Театр чоьхьара кхоьллина ца Iаш, иза гондахьара кхоллар – иза ду цуьнан ша-тайпа похIма.

Зоьрталчу дегIехь волу Iабдул-Хьамид тIехьаьжча буьрса стаг вара, амма оцу буьрсаллин тIехьахь шен къоме болу боккха безам бара, шен къоман бала, къаьсттина, артисташка безам, шен бере хуьлу безам а, бала а санна».

«Ламанан йоI» цIе йолу драма Хамидов Iабдул-Хьамида театран режиссер хиллачу М. Алексеевца цхьаьна язйинера 1960-чу шарахь. Цуьнан коьртачу турпалхочун – нохчийн йоьIан Мареман – вастан прототип яра 1918-чу шарахь Соьлжа-гIалахь хиллачу БIедийнан тIамехь хIаллакьхилла медйиша Арсанова Фатима, вевзашволчу яздархочун Арсанов Саидбейн йиша. Драма тIеэцар тайп-тайпана дара. Масала, цу тIехь дуьйцучу гIуллакхашкахь дакъалаьцна волу нохчийн яздархо Ошаев Халид реза ца хилира авторшна. Цо пьесин дуккха а ледарлонаш билгалъехира – сюжетехь а, тIом гайтарехь а, турпалхойн амалшкахь а.

Хамидов Iабдул-Хьамидан говзалла къеггина гучуелира «Бож-Iела» комедехь. Вайн драматургехь а, театран исторехь а уггаре а мехала произведени лара мегар долуш ю иза. Яздархочо хьалххе

дуьйна муьлха актер хьенан ролехь хир ву а хууш, цу хенахьлерчу театрана язйинера и комеди. Дахарна юкъара схьаэцна а, говза кхоьллина а васташ дара оцу комедин васташ – Бож-Iела (Давлетмирзаев М.), Майма (Исаева А.), Сутарби (Дениев I.) иштта дIа кхин а. Даима а, паргIата меттиг йоцуш, театран зал юьзна хуьлура и спектакль хIоттош. Бож-Iела Абубешарх тера вара, амма кхин а кIорггера гайтина, шен амалшца а, кхечу нахаца йолчу юкъметтигашца а… Драматургин произведенех кхин ши пьеса а билгалъяккха еза Хамидов Iабдул-Хьамидан – «ТIам сийна лечий», «Лийрбоцуршший». Царех хьалхарниг – барта кхолларалли буха тIехь кхоьллина берашна лерина туьйра ду, шолгIаниг – Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIамах лаьцна турпаллин драма.

«Лийрбоцурш» драма язйина 1967-чу шарахь, масех сезонехь театран сцени тIехь а лаьттира иза. Цуьнан коьрта турпалхо вара Нурадилов Ханпаша. Цуьнан кхоллам гайтина ца Iаш, фронтехь а, тылехь болчу нехан тайп-тайпана васташ кхоьллира драматурго. Пьесехь, тIеман темана язйинчу кхечу произведенешкахь санна, советски бIаьхойн – тайп-тайпанчу къаьмнийн векалийн Даймахке болу безам, майралла, доьналла гайтина Хамидов Iабдул-Хьамида. Язйинчу шарахь республикански конкурсехь совгIатца а, ткъа иштта РСФСР-н культуран министерствон дипломца а билгалъяккхира и драма. 1971-чу шарахь Москвахь гайтира театро «Лийрбоцурш» спектакль, «Правда» газетехь а дика мах хадийра цуьнан.

Поэзехь цо башха дукха болх ца бина. Дукхахьолахь, эшаршка йирзина стихаш ю цо язйинчарех дика евзаш («Зезаг», «Партизанан илли», «Лайлаъ», иштта дIа кхин а).

… Ша Нохч-ГIалгIайн КПСС-н обкоме балха хIоттийча а, кхолараллин болх, театраца йолу уьйраш дIа ца тесира цо. Диначух тоам ца беш, къахьоьгуш вара иза, керлачу лехамийн новкъахь…

1938-чу шарахь Московски театральни искусствон институтехь схьайиллина Нохч-ГIалгIайн студи. Цига деша вахна Iабдул-Хьамид. Кхузахь цо актеран говзалла Iаморца цхьаьна дIадолийна драматургехь болх бар а. ХIетахь Хамидов Iабдул-Хьамида нохчийн матте яьхна классически произведенеш, 1939-чу шарахь гочйина цо Ж. Мольеран «Мещанин дворянствехь» («Мещанин во дворянстве»), А. Толстойн «Боданан Iедал» («Власть тьмы»), 1940-чу шарахь нохчийн матте яьккхина цо У. Шекспиран «Отелло», кхиерш а. Дуьненан литературин а хазна йолчу оцу произведенеш тIехь болх бар Iаламат мехала хилла хилла Хамидов Iабдул-Хьамидана шен

драматически кхолларалла кхиарехь.

Институт чекхъяькхина валале, йоьалгIачу курсера къоман театрехь болх бан цIа валийна Хамидов Iабдул-Хьамид. Дуккха а тIаьхьа чекхъяькхина цо Ленинградски театральни институтан актерийн факультет.

Нохч-ГIалгIайн драматически театрехь юьхьанца актер хилла Хамидов Iабдул-Хьамид. Оцу хенахь иттех шо бен дацара къоман театр кхоллаелла, амма шен исбаьхьаллин говзаллица сиха кхуьуш йолчу театрехь дуккха а бара актерийн корматалла йолу къона артисташ. Царна юккъехь вара Хамидов Iабдул-Хьамид. Дукха хан ялале, театран директор хIоттийра иза.

ТIеман хан яра, 1943-гIа шо дара доьдуш, театран коллектив кест-кеста йоьдура бIаьхошна хьалха спектаклаш хIитто. Театран репертуарехь алссам яра тIеман тематика йолу, адамийн патриотизм, тIемалойн майралла, доьналла гойту спектаклаш, сценкаш. БIаьхоша реза хуьлий, самукъа долуш тIеоьцуш хилла Нохч-ГIалгIайн драматически театран актераша говза хIиттийна спектаклаш.

Хамидов Iабдул-Хьамида театральни балхаца цхьаьна кхочушдора исбаьхьаллин литературехь болх бар а. 1943-чу шарахь иза язъян волавелира халкъан илли чулацаман бух тIехь йолу «Совдаттий, Дауддий» драма. Амма и кхоччуш чекхъякххар дикка тIаьхьа бен ца нисделла цуьнан. Драматурган дуьххьарлера йоккха произведени яра иза, цу тIехь нохчийн къоман хьалхалера дахар, гIиллакх-оьздангалла, Iадаташ гойтуш дара. Пьеса дуьххьара зорбатоьхна 1956-чу шарахь Алма-Атахь арадолуш хиллачу «Къинхьегаман байракх» газетан агIонаш тIехь. 1958-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь Нохч-ГIалгIайн книжни издательствос а арахийцира «Совдаттий, Дауддий» драми тIехь спектакль. Къоман театран репертуарехь ехха лаьттина и спектакль.

Нохчийн къам махкахдаьккхинчу хенахь, 1944–1956-чу шерашкахь, Джамбулехь а, Фрунзехь а тайп-тайпанчу культурин учрежденешкахь белхаш бина Хамидов Iабдул-Хьамида. Киргизски республикански Халкъан кхолларалин ЦIийнан директор вохуьйту иза 1945-чу шарахь, цул тIаьхьа ССР-н культурин министерствон театрийн отделан куьйгалхо а хIоттаво. Оцу хенахь Киргизски периодически зорбанехь кест-кеста арайийлина цуьнан театроведчески статьяш а, рецензеш а. Царах яра дуьненаюкъарчу классикех лаьцна статьяш: Ф. Шиллеран «Ямартло а, безам а» («Коварство и любовь»), У. Шекспиран «Ромео а, Джульетта а»

(«Ромео и Джульетта»), А. Островскийн «Бехк боцу бехкенаш» («Без вины виноватые»), М. Горькийн «Васса Железнова», кхиерш а.

ТIеман хенахь Хамидов Iабдул-Хьамида бинчу белхан Iедало лаккхара мах хадийна: «За доблестный труд в дни Отечественной войны 1941–1945 гг.» медаль елла цунна.

1955–1956-чу шерашкахь Хамидов Iабдул-Хьамид Алма-Атахь нохчийн маттахь арадолуш хиллачу «Къинхьегаман байракх» газетан редакцехь цхьаьна муьрехь литературни белхало, тIаккха культурин отделан заведующи лаьттина, Казахски ССР-н яздархойн Союзан литературни консультантан болх а бина. Казахски пачхьалкхан радиохь нохчийн маттахь йолу передачаш кечъеш а, дIахьош а хилла Хамидов Iабдул-Хьамид.

Нохч-ГIалгIайн эшарийн а, хелхаран а ансамбль вовшахтоьхна, цуьнан куьйгалхо а хилла иза. Алма-Атара и ансамбль а ялош, 1957-чу шарахь цIа веана Хамидов Iабдул-Хьамид. Цуьнан куьйгаллица Нохч-ГIалгIайн эшарийн а, хелхаран а ансамбль ерриге Советски пачхьалкхехь а тоьллачу ансамблех хилла дIахIоьттинера.

Нохч-ГIалгIайн къоман искусство кхиорехь баккхий кхиамаш хиларна, Хамидов Iабдул-Хьамидана 1959-чу шарахь Нохч-ГIалгIайн АССР-н халкъан артистан цIе тиллина.

Муьлххачу балхахь хилча а, шена тIедехкина декхарш леррина кхочушдина Хамидов Iабдул-Хьамида, цундела жоьпаллин балха хIоттош хилла иза. 1959–1961-чу шерашкахь Нохч-ГIалгIайн Республикин Яздархойн союзан правленин председатель лаьттина иза. Цул тIаьхьа Ленинградски театральни институтан нохчийн отделенехь шина шарахь хьехархочун болх бина цо. Ленинградера цIа веанчул тIаьхьа 1962-чу шарахь Хамидов Iабдул-Хьамид юха а Нурадилов Ханпашин цIарах йолчу Нохч-ГIалгIайн драматически театран директор хIоттаво. Театр а, театральни искусство евзаш волчу Хамидов Iабдул-Хьамида дика дIахIоттабо театран болх, иза куьйгаллехь волуш баккхий кхиамаш боху къоман театран труппо. Театран куьйгаллехь ялх шарахь болх бинчул тIаьхьа Нохч-ГIалгIайн Республикин партийни комитете балха дIавуьгу Хамидов Iабдул-Хьамид. Культурни секторан заведующи а, агитацин, пропагандин отделан куьйгалхочун заместитель а хIоттаво иза. Оцу хенахь лаккхара а, жоьпаллин а дарж дара иза, хьан-хьаннах а тешош а дацара. Хамидов Iабдул-Хьамид дика ларавора балхаца, амма дукха хенахь бан доьгIна ца хиллера цунна и болх. 1969-чу шарахь автомобильни катастрофехь кхелхина Хамидов Iабдул-Хьамид.

Хамидов Іабдул-Хьамидан коьрта долчунна драматически произведенех лаьтташ ю, амма мехала сатирически дийцарш а ду цуьнан, мелла а поэтически произведенеш а ю. Шуьйра евзаш яра цуьнан стихаш тІехь яьхна «Нохчийн вальс», «Забаре байташ», кхийолу эшарш а.

Хамидов Іабдул-Хьамидан кхолларалла, цуьнан драматургически произведенеш, сатирически дийцарш, цо театрехь дина гІуллакх Іаламат мехала ду къоман театр, литература, культура кхиарехь.

Хамидов Іабдул-Хьамидан драматургически произведенешна юкъа йогІу «Лийрбоцурш», «Бож-Іела», «Совдаттий, Дауддий», «Ламанан йоІ», «ТІам сийна кхокха», «Мохсолтийн доьхна де» цІерш йолу пьесаш. Нохчийн драматургехь, театрехь шайн билггалйолу меттиг дІалаьцна произведеш ю уьш.

«ТІам сийна кхокха»

«ТІам сийна кхокха» цІе йолу пьеса берашна лерина ю. Кхаа декъах, ворхІ суьртах лаьтташ а йолуш, гІеххьа йоккха драматически произведени ю иза. Туьйра-пьеса аьлла, билгалъяькккхина автора цуьнан жанр. Нохчийн барта кхолларалллин сюжетех пайда оьцуш, барта произведенийн персонажаш юкъаялош, язйина пьеса. Халкъан барта дийцаршкахь, туьйранашкахь санна, Іаьржа-Хожа а, Жоьра-баба а ду пьеси тІехь, тІам сийна кхокха а бу. Кед-кедал бІаьргаш болуш, маьрс-маьрсал цергаш йолуш волчу инзаре воккхачу Іаьржа-Хожас нахана даккхий зенаш до, кест-кеста юьрта а вогІуш, бежнаш дІакхуйлу, нах а дІабуьгу. Юьртахь тоьлла болу кІентий Лечий, Лоьмий воьду Іаьржа-Хожех лата. Майра кІентий бу уьш. Юьртахь вац цу шинначул дика эраш долуш таллархо. Шен ши кІант Іаьржа-Хожех лата новкъа воккхуш, нанас Бикатус олу цу шинга, шух дог-м лозу сан, «делахь а хІара санна де эшначу хенахь лата вина ас шуьшиъ. Хожех кхералой, юха ма верзалаш, сан ши кІант, ас бехк боккхур бу шуьшиннех». Нохчийн иллеш тІерачу нанойх тера ю Бикату, церан ойла ю цуьнан кийрахь ерг а.

Майра лета Лечий, Лоьмий инзаре ницкъ болчу Іаьржа-Хожех. «Стигалхула лела олхазар мас таса ца даьхьачу, лаьттахула лела акхарой берг тоха ца яьхьачу кху сан махка тІе вала шуьшиъ муха ваьхьна?» – бохуш, буьрса леташ ву Іаьржа-Хожа а. «Ца богІу ницкъ беш миска нах хьийзош, аттах хоттавелларг шен аттах воккхуш, етт боцуш виснарг шен сих воккхуш, бехк боцу гІийла нах къиза хьийзош ву хьо, сийдоцу Хожа», – олий, дарлой, тарраш детташ, кхин

а чIогIа лета Iаьржа-Хожех ши ваша. Амма ямартчу Хожас, тешнабехк а бой, кIоргачу гIу чу вожаво Лечий, Лоьмий.

Масех шо даьллачул тIаьхьа хиира Куьйрина шен вежаршна хилларг. Лечий, Лоьмий санна, майра, къонахалла йолуш хьалакхиънера Куьйра. Ненера пурба а даькккхина, шен ши ваша кIелхьарваккха воьду иза. ЧIогIа вовшахлета Iаьржа-Хожа эша воьлча, цунна гIо дан йогIу цуьнан нана Жоьра-баба, стигал къекъош, стелахьаьштиг детташ, мох болуьйтуш. ШайтIанаш а шайна гIодан кхойкху цу шимма. Амма Куьйрина гIо дан а богIу мацах тIам лазийна гIелбелла хилла болу, кхуо дарба лелийна то а бина, дIахецна хилла тIам сийна кхокха. Оцу тIам сийна кхокханан гIоьнца Iаьржа-Хожа эша а вина, Лечий, Лоьмий, Куьйрин безам болу хаза йоI Маьлха-Аьзний, кхиболу юьртахой паргIат а баьхна, цIехьа бирзина уьш. Адам Iаьржа-Хожий балех делира.

Пьесин коьрта маьIна иза чекхйолуш далийнчу дешнашкахь ду:

Халкъана гIуллакх дар
Уггар а деза ду.
Сий хуьлда даима
Халкъан ирс лоьхучун.

Ша язйинчу хенахь боккха кхиам хилла «ТIам сийна кхокха» пьесин, 1959-чу шарахь драматургически произведенешкахула республикехь дIаяьхь-начу конкурсехь лаккхара мах а хадийна, преми еллера цунна.

«Ламанан йоI»

«Ламанан йоI» кхаа декъах лаьтташ драма ю. Къоман театро 1960-чу шарахь хIоттийна Хамидов Iабдул-Хьамида А. Алексеев соавтор а волуш язйина граждански тIеман хенахьлера гIуллакхаш гойтуш йолу «Ламанан йоI» пьеса. «Кху тIехь дуьйцуш долу гIуллакхаш хилла зама – 1918-гIа шо, сентябрь бутт» аьлла, билгалдина автора. Пьесин коьрта турпалхочун Маремин вастехула Соьлжа-ГIалахь бIе дийнахь лаьттинчу тIемашкахь турпалаллица йоьжначу нохчийн йоьIан Арсанова ПетIматан хьуьнаречу дахаран цхьа мур гайтина пьеси тIехь. Нохчийн литературин классик волчу Арсанов СаьIид-Бейн йиша яра тIамехь лор-йиша хилла дакъалаьцна йолу Арсанова ПетIамат. ТIеман халчу хьелашкахь доьналла, хьуьнар, адамалла гайтарна, истори юкъаяхана ПетIамат.

Хамидов Iабдул-Хьамидан пьесин турпалхо лор-йиша хилла ца

Іаш, божаршка нийсса юй-техьа аьлла, тІемало а ю. ЙоьІан эхь-бехк а, тІемалочун майралла ю цуьнца. ТІеман халчу хьелашкахь шен оьздангаллех ца йоьхна драмин турпалхо. Нохчийн йоьІан сий а, шен цІе а ларъеш чекхъяьлла иза.

Тайп-тайпана мах хадабора «Ламанан йоІ» драмин иза язйинчу хенахь, амма Нурадилов Ханпашин цІарахчу Нохч-ГІалгІайн драматически театран сцени тІехь оцу пьеси тІехь хІоттийна спектакль еххачу хенахь лаьттира.

Хамидов Іабдул-Хьамидан дукхаха йолчу пьесийн чулацамехь дерг кхин хІумма а тІе а ца тухуш, ма-дарра дахарера схьаэцча санна хеталуш ду.

«Мохсолтин доьхна де»

«Мохсолтин доьхна де» цІе йолу пьеса а ишттачарах ю. Цхьана декъах лаьтташ ю и жима сатирически произведени. Пьеси тІехь коьртаниг сатирически басаршца кхоьллина ХІуьлкаев Мохсолтин васт ду. Керла хІоттийна райпон председатель Мохсолта юьхьанца куьйгалхо хила хьакъ волуш хетало. Шайн гІуллакх дахьаш цунна тІебаьххина нах Мохсолтина мелла а реза боцуш бистхилча, цуьнан секретарь йолчу Хьаврaа боху: «Соьца-м вац и вон. Хьаькамашца а чІогІа хаза гІиллакх лело хууш ву. Кхуза и балха ваийтинчу вайн райисполкоман председателан заместитель волчу Дагаевс «чІогІа гІиллакх долуш а, болх бевзаш а стаг ву и» олу хезна суна». Амма тІаьхьа, аьлча а, сихха билгалдолу Мохсолтан «хаза гІиллакх» хьаькамашца бен лелош цахилар. Берийн яслин заведующи Саибат йогІу Мохсолтина тІе яслина оьшуш йолу шифер язъяйта. Юьхьанца, иза райисполкомехь балхахь ю моттаделла, цуьнца чІогІа кІеда-мерза, гІиллакхе хуьлу Мохсолта, оцу сохьта цунна цхьа бІе шифер а язйо. Ткъа Саибата, ша-м яц райисполкомехь балхахь, ша яслин заведующи ю аьлча, цунна шифер язйина кехат схьадоккху Мохсолтас, Іаламат кІоршаме къамел до, кабинет чуьра араяккха дагахь а ву. Цул тІаьхьа Саибатан цІийнда райисполкоман председатель хилар шена хиъча, оцу минотехь хийцало Мохсолта, дукха чогІа гІиллакх дуссу цуьнга:

Мохсолта. Муха бахара ахьа? Ой, хІинца вайн райисполкоман председатель волу Ахьмадов хьан майра ву?

Саибат. Ву-те.

Мохсолта. Уй, цІе хала кІегаш тІе! Со лолда хьан, ма биллалахь суна бехк! Болх дукха хиларна хьерволуш лаьтта-кх со. ТІаккха, хІун деш ду шу, могаш Іай? Охьахаахьа.

Саибат. Дика Іа тхо-м, могаш а ду.

Мохсолта. Ахьмадов а веца могаш?

Саибат. Могаш ву и а.

Мохсолта. Деллахьа ма дика хета суна и. Шун гергарнаш а, бовза-бевзарш а беца могаш?

Саибат. Уьш а бу дика Іаш.

Мохсолта. ЧІогІа дика ду, чІогІа дика. Шун хІусамдега а, хьоьга а чукхойкхур бохуш, со ойла еш волу дукха хан ю. Сайн чохь хІусамнана йоцу дела, шуна там бар ма хетта сайн ца нисдаларна кхоьруш Іийна со. Хьайн майрачуьнга суна оьгІаз ма гІо ала-кх…»

Цу тайпана, Мохсолтин гІиллакх догІуш а, доьдуш а ду. Шена пайдехьа хир ву аьлла, хетачу стагаца Іаламат гІиллакхе волу Мохсолта, кхечаьрца чІогІа кІоршаме хуьлу.

Ша куьйгалла дечу меттехь болх дІабодахьара, дика хилахьара аьлла, саготта а вац Мохсолта. Кхуо тІе куьг а яздина, шен хеннахь кехаташ дІа ца даларна, схьаэца дезаш долу товар довш ду аьлла, шега хаам бича, «и-м дахь а кхин яздойтур дара», – боху Мохсолтас. Ша бахьана долуш районна доккха зе хиларх шек ца волу иза. Іаламат ледара куьйгалхо ву Мохсолта. Иза дика куьйгалхо хуьлийла а дацара. Дешна а вац я мегарг болх бина а вац, шена харц кехаташ а нисдина, цаьрца балха хІоьттина ву. ХІинца ша хьаькам вахча, хІумма а товелла а вац, товала гІерташ а вац я товала хуур долуш а вац. Хьарамлонца нисдинчу хІуманах беркат ца хуьлу. Куьйгалхочун Мохсотин болх а беркате ца хилира нахана а я цунна шена а.

Шен доьзалца а ца хилла Мохсолта хьанал.

Стагана ша дина дика а, ша дина вон а дуьхьалдолу. Диканиг диканца дуьхьалдолу, вониг вонца дуьхьалдолу. Мохсолтас дина дика, схьахетарехь, дан а дац, ткъа ша дина вонаш цхьана дийнахь дуьхьалдевлира цунна. Оцу дийнах Мохсолтин доьхна де хилира.

Хамидов Іабдул-Хьамида шен пьесаи тІехь Іора а дохуш, шайна дуьхьал къийсам латтош болу хІуманаш вайн дахарехь хІинца а долуш ду. Уьш гучудахарехь, адамийн ойла царна дуьхьалъяккхарехь мехала ю «Мохсолтин доьхна де» цІе йолу пьеса.

«Бож-Іела»

Хамидов Іабдул-Хьамидан драматургически говзалла къеггина билгалйолу забаре, беламе чулацам болчу болчу произведенешкахь. Царна юккъехь шен исбаьхьаллица къаьсташ ю «Бож-Іела» цІе йолу комеди.

«Бож-Іела» комеди Хамидов Іабдул-Хьамидан кхоллараллехь хилла ца Іаш, ерриге нохчийн драматургехь а мехала произведени ю. Іаламат боккха кхиам хилира комедин. Ира сюжет, цІена, исбаьхьа мотт, шен чулацамехь дерг дахарца догІуш нисдар, васташ ша-тайпанчу комедийни кепехь кхоьллина хилар дара оцу пьесина кхиам беънарг.

Авторан дуккха а зеделларг дара забаре, сатирически произведенеш язъярехь. «Бож-Іела» комеди тІехь къастийна йолу проблемаш драматурго шен хьалхалерчу кегийчу произведенеш тІехь а хІиттийнера. «Абубешар», «ГІирмсолтас яьккхина са» дийцаршкахь а, «Абубешар» дийцаран чулацам тІехь язйинчу изза цІе йолчу жимчу пьеси тІехь а автора беламе йохуш гайтинера адамийн амалшца йолу ледарлонаш, дахарехь нислуш долу сакхте гІуллакхаш. Изза проблема шуйра а, кхидІа кІаргъеш а къастийна «Бож-Іела» комеди тІехь а. Комедин чулацам чолхе бац, цу тІера хиламаш шайх атта кхетар волуш бу, персонажийн къамелаш къеггина маьІна а долуш, исбаьхьчу маттаца ду.

Драматургически произведенин коьрта башхалла ю цуьнан сюжетан бухахь къовсам хилар. Вовшашна дуьхь-дуьхьал лаьттачу ницкъашна юкъара къовсам бу драмехь сюжет кхуллуш берг. Бож-Іелиний, цунна гонахара цхьаболчу наханий юкъарчу къовсамах лаьтташ ю «Бож Іела» комедин сюжет. Цул совнаха, Бож-Іела ша-шеца а ву къийсамехь, шен амалера цхьадолу хІуманаш дуьтуш, царах паргІатволуш ву иза.

Коьрта турпалхочун Бож-Іелин кхечу персонажашца йолчу юкъаметтигашка хьаьжжина масех сюжетан зІе билгалйолу комедехь; Бож-Іелий – Сутарбий, Бож-Іелий – Зулай, Бож-Іелий – Маймий, Бож-Іелий – Абубешар. Оцарах хІоранца а Бож-Іелин йогІучу уьйрашца гучуйовлу цуьнан амалш, къоман гІиллакх-оьздангаллех лаьцна болу кхетам, адамашка а, дахаре а цуьнан йолу шовкъаш а, хьежамаш а.

Комеди тІехь алссам гайтина ю Бож-Іелин, Сутарбин юкъаметтигаш. Шайн дуьненан лехамашца вовшашна нийсса дуьхь-дуьхьал ву и шиъ. Сутарби шен сутаралло ваьккхина лелош ву. Муьлххачу хІуманна тІехь а шена са яккхар, пайда бар дагахь ду Сутарбина, хьарам иза хиларх шек а ца волуш. Туьканахь волуш цо дина къоланаш бахьанехь бархІ шо хан а тоьхна, чувоьллина хилла Сутарби. Царах пхи шо чохь даьккхинчул тІаьхьа «болх дика барна хьалххе цІа ваийти ша» боху цо. Амма хІетте а кхетам чу ца веана, юха а йохка-эцар тІехь хьалхалерра хьарамлонаш лелош ву.

Бож-Iела чIогIа реза вац Сутарбис лелочунна. «Милк санна, ворта а йолуш, верстина ваттIа воллуш ву хьо. И хIуманаш а дитий, цхьанхьа, хьайга балун боллучу балха гIо», – боху цо Сутарбига. Бож-Iела хьарамлонца гулдина хьал дезаш вац. Сутарбис шега йохка-эцаран декъа вола, тIаккха ахча хир ду хьуна аьлча, сацам боллуш жоп ло цо: «Деллахьа, Сутарби, со-м хьанала къоьлла тоьлуш хеташ ма ву, хьарамчу хьолал».

Сутарбис, шен долахь мелла а хIума йолуш ю аьлла, зуда шена хьахийча, Бож-Iелас боху: «ХIума йолуш ю аьлла, зуда ялор, маре вахар хеташ ву со».

Цу тайпана, Бож-Iелин, Сутарбица йолчу юкъаметтигашкахь билгалдолу иза хьарам хIума лелор доцуш, хьаналчу къинхьегамца ваха лууш хилар. Бож-Iела цхьадолчу ширачу хIуманашна тIегIерташ велахь а, шен ойланца цIена ву, шен амалшкахь къонахаллин билгалонаш хаалуш а ву. Таро йолу зуда а ялийна, цуьнан хьола тIехь ваха хуур волуш вац иза я осалваьлла дуьненан хIума лоьхур долуш а вац.

Бож-Iела дуьхьал ву Маймин бозбуанчалнашна а, Абубешара дечу десачу къамелашна а, цуьнан декъазчу кураллина а. Абубешар, Маймий, Сутарбий дахарна тIаьхьабисина нах бу, шайн амалшца сакхташ долуш а бу. Бож-Iела цара шайн тобанах ларахь а, царах дикка къаьсташ ву. Амма царах дикачу агIор къаьсташ велахь а, алссам ледарлонаш ю Бож-Iелица а. Ша-шех дозалла деш, шех тоам бина стаг ву иза. «Дукин ирзехь саьрмико цIога тоьхна бIаьрг баькхинчу БугIин Лом-Iелин кIант Бож-Iела ву ша», – олу цо дозаллица. Шегахь къонахалла а хета цунна, къоман гIиллакхашца вехаш а лору цо ша. Амма Бож-Iелина шех хеташ дерггий, цо лелош дершший цхьаьна ца догIу. Уьш цхьаьна цадаро беламе а воккху иза.

Мала а мелла, некъана генна йистехь лаьттачу зIенан богIамна тIетоьхна машен а йохийна, ша балхара дIаваккхийтина Бож-Iелас. ХIинца хIургонан тIе балха гIо аьлча, ца воьду. Шен сий лахлуш хета цунна хIургон лело вахча. Маларх ветталуш, деш хIума а доцуш, цкъа цхьана колхозе воьдуш, тIаккха вукху совхозе воьдуш, машен тIе балха ваха меттиг лоьхуш ву ша бохуш, лелаш ву Бож-Iела. Хусамнанас Зулайс боху цуьнга: «Ма ца оьшурш леладо ахь! Уьш а дитий, хьайга гIо боххучу балха гIохьа. Ахь болх дика бахь, юха а машен тIе воккхур ву хьо». Амма Бож-Iела ца веша хIургонахь болх бан: «Пхеа шарахь трактор а лелийна, итт шарахь шофер а лелла, хIинца хIургон тIе вахар, говрара вир тIе хаар санна хIума ду. Нах

стигал оьхуш лаьтташ, со хIургон тIе ваха веза-кх», – олий, хададо цо.

Зулай колхозехь тоьлла хьелиозархо ю. Шен дика хьелий кхечуьнга дIа а делла, цуьнгара машанна ледара долу, гIийла бежнаш шега схьаэцна цо. Бож-Iела реза вац шега ца хоттуш Зулайс иза дарна: «Ас хьоьга нахана гIуллакх ма де ца боху. Соьга хатта а ца хоттуш, ахь уьш дIа хIунда делира боху?». Зулай цхьадолчу кхечу хIуманаш тIехь а яц Бож-Iелин лааме башха ладугIуш. Масала, цIийндас шена чIогIа дихкиннашехь, «клубе а яхана, цкъа хелха саттам йоллу» ша олий, гIабали оьций, клубе йоьду иза. Зулай керлачу заманан керла стаг ю. Бож-Iела нохчийн гIиллакхашна, Iадаташна тIегIерташ ву. И ду Бож-Iелин, Зулайн къийсамна бухахь дерг.

Хамидов Iабдул-Хьамидан «Бож-Iела» комеди дIадаханчу бIешеран кхузткъалгIачу шерашкахь язйина ю. Оцу заманан лехамаш, цу хенахьлера идеологи пьесин чулацамехь ерг, цуьнца доьзна ду пьесин маьIна а. Бож-Iела тIаьххьаре а тIевирзира Зулайс а, цуьнан магIарехь болчара а бохучунна. Иштта ю Бож-Iелин тIаьххьара монолог: «…айса лелораш нийса хиларх со шекволлушехь, дахар керла хилча, гIиллакхаш керла хила дезий а ца хууш, сонта мел дерш лелий ас. Цундела, шуна ма-гарра, балхах а, зудчух а, нахах а вели со, цу тIе сонта ву аьлла, цIе а яха сан. Массо хIуманал а хала ша-шена вовза хилла. Ша-шена вевзича атта хилла шен вон долчух а, дика долчух а кхета. Хьалххехь кхеттехь дика дара дан. Делахь а, оьрсашний дайна, цкъа а ца кхеташ хуьлучул, тIаьхьа кхетта а кхетта тоьлу». Оцу дешнашкахь билгалдолу пьесин коьрта маьIна а.

«Бож-Iела» комедин мотт нохчийн халкъан меттан исбаьхьаллица кхелина бу, дукхаха йолу репликаш ирачу аларех лаьтташ ю. Персонажийн, къамелаш деха а ца деш, сцени тIехь вовшашца сих-сиха хийцало. Уьш дикачу драматургически произведенийн билгалонаш ю.

Нурадилов Ханпашин цIарахчу Нохч-ГIалгIайн драматически театран сцени тIехь хIоттийра «Бож-Iела» комеди. Театран директор волчу Хамидов Iабдул-Хьамида пьеса язъешшехь коьрта ролаш билгалболчу актершна леринера, муьлха актер муьлхачу персонажан роль ловзош хир ву билгал а дина, церан корматалла тидаме а оьцуш, кхоьллинера коьртачу персонажийн васташ. ГIарбевлла болу халкъан артисташ бара комедин коьрта ролашкахь: Давлетмирзаев Iабдул-МутIелип (Бож-Iела), Дениев Iаьльви (Сутарби), Исаева Асет (Майма). Лаккхарчу исбаьхьаллица язйинчу пьеси тIехь лаккхара

корматалла йолчу актераша инзаре дика спектакль хIоттийра. Цхьана а кхийолчу пьесин ца хиллачу тайпана боккха кхиам хилира комедин. Оьрсийн литературин классикан Н.В. Гоголан шуьйра евзаш йолчу «Ревизор» комедица юстура иза хIетахьлерчу зорбанехь.

Комедин коьрта персонажаш Бож-Iела, Сутарби, Майма харцахьарчу амалшца йоллушехь, шайн исбаьхьчу маттаца, хазачу забаршца, шаьш цхьа ша-тайпа беламе хиларца нахана езаелира. Къоман барта произведенийн персонажийн цIерш санна, нахана юкъа яьржира церан цIераш, гуттаренна а халкъа юкъахь йиса а йисина. Пьеси тIера дукхах долу ира аларш кицанашка а дирзина, нохчийн матте даьхкина. Масала: «Девнах шура ца йогIу», «Ахьар дезачо хьера ваха мало ян мегар дац», «Юучу хIуманийн паччахь жижиг-гала ду», «Дика нах-м шорта хьаха бара, комаьрша нах кIезиг бу-кх», «Метиг санна, дуккха хьайгахьа ву». «Ша шакарца тамаш балла доккха хIума ду и».

I967-чу шарахь дIаяьхьначу драматически произведенийн Ерригсоюзан конкурсехь кхоалгIачу даржан диплом делира «Бож-Iела» пьесина. Оцу пьеси тIехь спектаклаш хIиттийна Къилбседа Кавказерчу республикийн ерриге а бохург санна драматически театрашна. Нохчийн драматически театран сцени тIехь ша язйичхьана дуьйна таханаллац боккхачу кхиамца хаддаза хIиттош ю и комеди.

«Лийрбоцурш»

Хамидов Iабдул-Хьамидан кхолларалле хь къаьсттина мехала ю «Лийрбоцурш»

Нохчийн къоман сийлахьчу кIантах Советски Союзан Турпалхочух Нурадилов Ханпашех а, цуьнан накъостех-тIемалойх а лаьцна ю и пьеса. Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIамехь цхьа эзар гергга фашист хIаллаквинчу пулеметчикан Нурадилов Ханпашин цIе гIараяьлла евзина ерриге пачхьалкхехь. Цуьнан бIаьхаллин хьуьнарш кхечарна масалла хилла лаьттина. Сталинградски фронтан Политуправленис Нурадилов Ханпашех лаьцна арахецначу листовки тIехь яздина: «Придя на фронт из Чечено-Ингушетии, Х. Нурадилов воплотил в себе лучшие черты доблестного чеченского народа, его геройство и орлиную удаль, его смелость и отвагу, мужество и доблесть… Взгляни, боец, на богатырский образ героя, горного орла Х. Нурадилова! Пусть ратные подвиги героя Кавказа, сына чеченского народа, станут для тебя и твоих товарищей примером

доблести в бою!»

ЦIеяххана болчу оьрсийн, нохчийн поэташа стихаш, эшарш, поэмаш яьхна Нурадилов Ханпашех лаьцна. Ерриге пачхьалкхехь а гIараваьлла вевзаш волчу поэта Е. Долматовскийс Ханпашех лаьцна язйинчу стихаш тIехь яьккхина йиш хилла лакхахь вай хьахийнчу листовкин шолгIачу агIон тIехь зорбатоьхна.

1942-чу шеран 31-чу октябрехь арадаьллачу «Известия» газето яздина: «Пройдут годы и счастливая молодежь Чечено-Ингушетии, девушки Дона и парни Украины будут петь песни о гвардии старшем сержанте Х. Нурадилове».

Луьрачу тIамехь халкъан маршо ларъеш, шен къона дахар дIаделлачу Нурадилов Ханпашин цIе гуттаренна а йисна Даймехкан исторехь, къоман иэсехь.

Хамидов Iабдул-Хьамида ша пьеса язъян волавале, Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIеман хенахьлерчу документаша тIехь еххачу хенахь болх а бина, дуккха а материал гулйина хилла Нурадилов Ханпашин бIаьхаллин хьуьнарх лаьцна. Оцу исторически бакъдолчийн буха тIехь язйина драматурго шен «Лийрбоцурш» цIе йолу турпаллин драма.

Фашистки Германис ямартлонца тIом болийча, дерриге а халкъ Даймохк Iалашбан мостагIчунна дуьхьалдалар гайтина пьеси тIехь. ТIеман арахь бIаьхоша а, тылехь хьаналчу къинхегамца дерриге адамо а мостагIчунна тIехь толам баккхарехьа латтийна турпала къийсам бу пьесин чулацамехь. Гитлеровски фашистех вайн Даймохк Iалашбан гIевттинчу бIаьхойн къонахалла, майралла, шаьш кхиийна Даймохк барам боцуш царна дукхабезаш хилар гайтина автора.

Шен барамехь гIеххьа йоккха ю пьеса. Прологах, ворхI суьртах долчу кхаа декъах, эпилогах лаьтташ ю иза. Пьеси тIехь 29 персонаж ю: ЦIечу Эскаран эпсарш, салтий, дошлойн эскадронан тIемалой, немцойн эпсарш, салтий, гестаповцаш, эвлара зударий, кхиболу наххий. Пьесин хиламаш тайп-тайпанчу меттигашкахь кхочушхуьлу: нохчийн юьртахь, Украинехь, Сталинградски фронтехь, немцойн блиндажехь.

Турпалаллин драма дIайолало дагах кхетачу авторан дешнашца; «Хьоме доттагIий, зама дIаоьху, оьхур а ю. Амма адамийн дегнаш чуьра цкъа а дIаяьлла яц я ер а яц Даймехкан тIеман буьрсачу деношкахь, вайн халкъан сий, ирс лоьхуш, шайн синош дIаделлачийн сийлахь цIерш. Оцу сийлахьчу цIершна юкъахь ю Нурадилов Ханпашин а, цуьнан накъостийн а цIерш. Бала къона бара Нурадилов

а, цуьнан накъостий а. Амма къонахийн дахар шерашца дагардеш хила ца деза, цара шайн хьалкъана динчу гIуллакхашца дагардеш хила деза.

БIе шарахь ваьхнарг а ца ваьхна дукха, и шен халкъана гIуллакх деш ца ваьхнехь, ткъа шарахь ваьхнарг а ваьхна дукха, и шен халкъана гIуллакх деш ваьхнехь.

Суна лаьа, доттагIий, цкъа а лийрбоцчу башхачу турпалхойх дерг шуна дийца. ЛадогIалаш сан дийцаре!».

Иза пьесин пролог ю. Цу тIехь а билгалйолу авторан Iалашо а, пьесин тема а.

Пьеса дIайолало Ханпашин, Мутин диалогаца. Эскаре ваха новкъа ваьлла Ханпаший, фински тIамехь чов а йина, цIа вогIуш волу цуьнан ваша Мутий дуьхь-дуьхьал кхета. Мутина, цкъа делахь, хазахета шен ваша воккха а хилла, эскаре воьдуш, шолгIа делахь, цуьнан шел жимачу веше йолу къинхетаме ойла а хаало кхузахь. Ханпашига боху цо: «Ден, ненан марзо ахь ца эцна дела, со вара хьуна, жимма айса терго-хIума а еш, хьо деша вохуьйтур бохуш». Амма, шен ваша эскаре ваха лууш, доьналла долуш, къонахалла йолуш хиларх воккхаве Мути. Ханпашина хьехар до цо: «Эскар къонахийн меттиг ю. Салтий вовшийн гIо деш а, терго еш а хила беза. Яхь йоцчу кIантах дан хIума дац. Яхь хила еза. Молханан хьожа йогIуш зама ю хIара, Ханпаш. ТIом эккхаран сахьт дац. Iедална а, нахана а гергахь хьайн дика цIе йоккху агIо лаха». Иштта хьехар дина, эскаре хьажаво Мутис шен ваша. Шен коьртара куй Ханпашина а туьллий, цуьнан куй шена туьллу Мутис: «Саьмгалан хьожа а йогIуш бу хьуна и куй, гIоза а, декъала а лелабойла ахь и!» – олий. Ханпашас а боху: «И сан куй а бу хьуна, Мутий, мехкадаьттанан хьожа а йогIуш, ахь и а лелабойла гIоза а, декъала а!».

КIорггера маьIна ду оцу суьртан. Даймохк Iалашбаран а, къинхьегамца цуьнан хьал деборан а ламасташ хедаш дац, уьш, баккхийчаьргара кегийчаьрга

а кхочуш, дехаш ду, даима даха дезаш а ду. Адамийн дахаран коьрта гIиллакх ду и.

Ханпашин безаман уьйраш а, цуьнан доьналла а гучудолуш кхин цхьа меттиг а ю пьеса дIайолалучу юьххьехь. Вовшашка безам болуш, вовшийн дезаш ду Ханпаший, Каметий. Камета езаш, иза реза йоццушехь, шена йига гIерташ ву церан юьртахо Исраьил. Каметас шена дуьхьало йича, иза сийсазаян гIурту Исраьил. ТIекхаьчначу Ханпашас шега, осала а ца лелаш, дIавала кхузара аьлча, урс

даькккхина, цунна чу гIерташ ву иза. Ханпашас, урс схьадаькккхина, хи чу а кхоьссина, гIеххьа лаза а веш, эккхийна вахийтира Исраьил.

Каметассий, Ханпашассий вовшийн диц а ца дан, шайн цIена, хьанала безам ларбан чIагIо йо. Ханпаша эскаре дIавоьду.

Иштта чекхдолу пьесин уггар жима долу хьалхара сурт. Оцу жимчу суьрта тIехь а автора йовзийтина пьесин ялх персонаж, царах хIораннан а амалехь долу коьртаниг мелла а билгал а даькккхина. Иза кхочушдина говза хIиттийнчу персонажийн йоццачу репликашкахь а, кIеззиг йолчу авторан ремаркашкахь а. Шайн къамелаш дах а ца дойтуш, персонажаш сих-сиха хийцайолуьйту драматурго. ХIораннийн къамел чулацаме, шен маьIна долуш хуьлуьйту. Оцу хьелаша дог доуьйту пьеса еша а, сцени тIехь хIотточу хенахь цуьнга хьажа а, таро хуьлуьйту авторан ойланах кхиа а.

Ханпаша а, цуьнан накъостий – бIаьхой а тIема хьелашкахь гайтарна тIе тидам бохуьйту драмин шолгIачуй – кхоалгIачуй суьрташ тIехь.

Фашистех вайн Даймохк Iалашбан гIевттинчу бIаьхойн къонахалла, майралла, шаьш кхиийна Даймохк йист йоцуш дукхабезаш уьш хилар гайтина пьеси тIехь.

Пьесин шолгIачуй, кхоалгIачуй суьрташ тIехь тIеман хьелашкахь го вайна Нурадилов а, цуьнан накъостий а. Украинерчу Захаровка эвлана юххехь мосттагIчунна дуьхьал лаьтташ бу уьш. Дошлойн эскадронан командиро Николаевс кхеран взводана хьалхьа тIеман декхарш хIиттийна. Дошлойн полко кхаанхьашха Захаровкина гуо а лаьцна, сатоссуш тухур ю мостагIчунна. Операци кхиамца чекхъялахь, мостагIчунна кхузахулий бен юхавала меттиг бац, цундела пулеметни взводо кхузахь кIело ян еза.

Пьеси тIехь мух-мухха а ца гайтина мостагIий а, уьш ондда ницкъ болуш, тIелата а хууш, шайгахь майралла а йолуш бу. Командиро боху: «МостагI ницкъ болуш а, говза а, хIилла долуш а ву. Цундела кечам дика хила беза. Нах а ларбе, ледара ма Iе».

Взвод тIеман декхарш кхочушдан кечам беш ю. ХIор тIемало а шен-шен гIуллакх деш ву. Баркинхоев, иччархо хилла хьул а велла, мостагIашна эшамбан кечлуш ву. Бульба гонахара гуо талла вахийтина. Соловьев, Хампаший пулемет дIахIоттош ву. Дикачу герзах воьттина мостагI тIевогIуш ву аьлла, хIумма а боьхна бац тIемалой. Вовшашка забарш еш, вовшийн ира-кара а хIиттош, мостагIчунна тIелата кечам беш бу уьш. Гуо талла вахана Бульба юхавеъча, Асановс цуьнга хотту, немцошна юххехь дуй вай, олий. И

хаттар ца тайначу Бульбас жоп ло: «Немцошна а, Іожаллина а-м ду». ТІаккха Хампашас боху: «Іожалла аьттехьа ма-гІоьрттинехь, катохий схьа а лаций, тоьпа чу а йоллий, фашисташна кхосса ахь, Бульба. ТІаккха гена ер ю хьуна Іожалла».

Николаевс ма-баххара, шайна гуо бича, юхахьоьвдда богІу немцой, пулеметни взводо йинчу кІелонна тІе а нислой, атаке бовлу. Амма ХампашгІара ондда юхатуху немцойн ерриге атакаш. Дуккха фашисташ бисина тІеман арахь Іаххка, ворхІ йийсаре валийна, алссам герзаш схьадаьхна мостагІашкара. ХампашгІеран могІаршкахь а хилла дараш, взводан командир Соловьев, чов а йина, кхелхина.

БІаьхошкара доьналла, майралла, говзалла оьшуш тІом хилла иза. Лаккхара тІеман хьуьнарш гайтарна, командованис баркалла элира бІаьхошна. Нурадиловн чоьта тІе бІе ткъа фашист хІаллаквар дІаяздина. Дукха хан ялале, пулеметни расчетан командир хІоттийна иза.

Ерриге пьесах чекхдолуш ду Нохчийчоьнан оьздачу кІентан, майрачу бІаьхочун Нурадилов Хампашин турпала васт. Цуьнга ца лалора фашистски йовсарша шен Даймохк аьшнашбеш, цаьрга болчу цабезамах дуьзнера тІемалочун майра дог. Пьеси тІехь драматурго исбаьхьаллица билгалдаьхна шен турпалхочун бІаьхьаллин хьуьнарш, Даймехкан маршо, халкъан паргІато Іалашъеш мостагІчунна дуьхьал леташ, цо ша-шен кхооригцахилар. Іожаллех кхоьруш вац къона тІемало Нурадилов, луьрачу тІамехь мостагІчух леташ, эшахь, шен са а дІалур долуш ву.

Лаккхарчу айамца кхоьллина автора Нурадилов Хампашин накъостийн-бІаьхойн Соловьевн, Баркинхоевн, Бульбин, Федоровн, Гнездиковн, Асановн васташ а. Вайн махка Іазап дахьаш веанчу мостагІчунна тІехь толам баккхархьама, дерригенна а кийча бу уьш. МостагІ мел ницкъ болуш велахь а, цунна тІехь толам боккхург хиларх даггара тешна бу пьесин турпалхой.

Гитлеровски Германи вайн Даймахкана ямартлонца тІе а летта, Сийлахь-боккха Даймекан тІом дІаболабелча, мостагІчунна дуьхьал делира дерриге халкъ. ТІаме хІоттал верг фронте вахара, кхечара, даймехкан хьал дебош, тылехь къахьогура. ТІаме баханчу божарийн меттана балха дІахІуьттура зударий. Ярташкахь, гІаланашкахь гул а еш, йовха бедарш а, юург а, тІемалошна пайдехьа хин йолу кхиерг а фронте дІакхоьхьуьйтура.

Пьесин доьалгІачу суьрта тІехь къеггина гучудолу тІамо деш долу зенаш, адамашка деана вуо, церан гІайгІанаш-баланаш. Юьртахь

бисинарш беккъа зударий бу. ТIамехь цхьаннан цIийнда вийна, вукхуьнан – кIант, кхечуьнан ваша вийна. ХIетте а церан дегнаш чIагI ца делла, къинхетам бу цаьргахь, комаьрша бу уьш. Драматурго говза кхоьллинчу диалогашкахь билгалдаьккхина, нахе деанчу воно шайн къинхетаме ойланех уьш бохийна цахилар. Бикатун хIусамехь тIемалошна яхьийта хIуманаш вовшахтухуш бу юьртахой. Бесират йогIу шен цIийндех дисина верта дохьуш:

Б е с и р а т. Тхан цIийнда тIамехь вийча, дисина хIара верта дара. Магахь, хIара эскаре дохьуьйтур аьлла, еара со-м.

Б и к а т у. ХIара хаза совгIат ду. Цхьа командир вохвийр ву кхо-м.

Б е с и р а т. Оцу берийн ден безамна, лерина лелийнера оха хIара, цхьа дико лелор долчуьнга нислахьара.

К а м е т а. Нислур ду, Бесират. Цхьана майрачу командире.

Б е с и р а т. Охьа ца хуу со. Самартах кхета а деза… КIант тIамехь вийна аьлла, кехат кхаьчна цаьрга.

Б и к а т у. Миска-яI! И цхьаъ бен ван а вацара хьуна цуьнан. Хала мур бу хIара, Бесират. ТIехIоьттинарг лаза девр дац-кх вай.

Б е с и р а т. Сайниг вийнехь а, кхечернаш биса лаьара-кх. Iодика йойла! (ДIайоьду).

Б и к а т у. Марша гIолда! Кхо бер кхобуш Iаш ю хьуна и, хIетте а верта дахьаш еана.

К а м е т а. Нах дика бу, нана.

Нохчийн зударий Бикату, Бесират, Аза, Ану, Хьава, Зина, кхиберш а тIаме баханчу божарийн меттана белхашкахь бу. Азас боху, тIом балале, шиммо, кхааммо деш хилларг хIинца цхьаммо а деш, далург а, цадалург дан гIерташ дохку адамаш. Анус тIетуху: «Ахьа-м баккхийнарш буьйцу. Массо а бер а-м ду, таса а делла, шайн хирг дан гIерташ доллуш».

Фронте тIемалошна яхьийта хIуманаш яхьаш баьхкина уьш. ЦIеначу даггара, шайгара мелла а хилла а тIемалошна гIо хилахьара аьлла, хеташ, йохьуьйту цара шайн йолу-йоцург:

А з а. Ас хIара гали а, тIергIан ши пазат а еана.

Б и к а т у. Шийла хан ю, хIорш вуно чIогIа оьшур йолуш хIуманаш ю.

А н у. Цомгуш-могуш хилча а бохуш, Iалашдина Iежаш дара сан. ХIара цхьа тIоьрмиг Iежаш а, ши кара а деана ас.

Б и к а т у. ХIара Iежаш дархошна дохьуьйтур ду, кху каранаша цхьана тIемалочун куйгаш дохдийр ду.

З и н а. Ас хIара ши этка еана.

Б и к а т у (хьажа а хьожий). ХIорш-м хьаха ю, инарлина яхьийта а мегар йолуш, дика эткаш. Ахь хIун еана, Хьава?

Х ь а в а. Ас ши пазат а, итт хIоа а деана, кIезга хIума-м ю хIара, эскаре яхьийта.

Б и к а т у. ХIума кIезга елахь а, гIуллакх доккха ду. ХIара ши пазат йита, итт хIоа дIахьуо, хьо деа бераца хала йоллу.

Х ь а в а. И дийца а ца оьшу. Ца йиъна а, ца мелла а, царна оьшург латтор ду-кх вай.

Б и к а т у. ХIара хIоаш вай лазарете дохьуьйтур ду, ткъа кху пазаташа цхьана тIемалочун ши ког бохбийр бу.

Цу тайпана, жима а, воккха а, гIийланиг а, мисканиг а – тылехь волу шаверг – тIемалошна оьшург латтош, фронтана гIуллакх дан кийча ву. Шаьш гIело ларах, шайна ницкъ хиларх, бен ца хета царна, мостагIчунна тIехь толам баьккхичхьана.

Амма наггахь нисло шен къомах дIакъаьстинарг а. Иштта ву тIамах ведда лелаш волу ши дезертир Исраьиллий, Супалуй. Къонах мел верг тIаме вахана, хIара шиъ, осал мел дерг лелош, шайх нах кхардош, цIахула ваьлла лелаш ву.

Исраьил, шега ца йогIушшехь, Камета йига араваьлла. Хан яьллачу хенахь, Супалу а эцна, тешнабехкаца БикатугIеран чу а вахана, Камета ядо гIоьртина иза. Каметас, шен ден хилла шалгон топ схьа а эцна, дуьхьало йина. Каметий, Исраьиллий, вовшашкара герзаш а кхетий, ле. Деши санна, цIена, оьзда йоI Камета цхьа а тайпа бахьана а доцуш, хIаллакйина осалчу Исраьила.

Иштта къиза хедира Каметин, Ханпашин вовшашка болу мерза безам.

ХанпашгIар Сталинградски фронтехь бу. Серафимович-гIалина юххехь лаьтташ йолу церан взвод шайн полкаца керлачу позицешка юхаяьлла. Са а даьIна, тIаме хIитта дезаш бу бIаьхой. Шаьш садоIучу хенахь цIа дагадогIу царна, машаречу дахаре сатосу. Бульбас боху, тIом чекхбаьлча, ша агроном хир ву, массо хIуманал латта дукха деза шена, адамашна ялта, стоьмаш, зезагаш кхиор ду ша. Гнездиковс ша болх бинчу школе сатуьйсу. Червленне дIакхоччушехь, ша юха а берашна хьеха хIуттур ву, дукха хан ялале, аспирантуре а гIур ву ша, боху цо. Асановс дуьйцу: «Вай цIа кхаьчча, малх санна, цIеначу метта охьавуьжуш, мерза-мерза хIума юуш, дика са а даьIна, цхьана йоккхачу туьканан заведующи гIур ву со я ансамблехь илли ала волалур ву». Цаьрга ла дугIуш а Iийна, Ханпашас боху: «Йохийнарг

вай, тІом дІабаьлча, меттахІоттор ю. Доцчу хи далор ду, керла заводаш, хІордаш дохкур ду. Туьйранахь санна, хаздийр ду дахар. ТІаккха, Іаббалц деша а дешна, оцу стигалан Іаьрчашка, цу седарчаш тІехь хІун ду хьажа гІоттур ву.

Цу тайпана ойланаш йо бІаьхоша тІамехь шайна мукъа еанчу хенахь. Адамийн машаре дахар дохош веанчу мостагІчух кхин а чІогІа лата дог догІу церан ишттачу ойланашка бевлча. Уьш шайн лехамашца, деган ойланашца машаре адамаш ду, беркате бу церан лаамаш, къинхетамах дуьзна церан дегнаш. Амма, Даймехкана тІе кхерам хІоьттича, тІемалой хилла царах.

Даймохк Іалашбан гІевттинчу тІемалойн къонахалла, майралла, церан бІаьхаллин хьуьнарш

Нурадилов Ханпашас кхин а даккхий тІеман хьуьнарш гайтина хилар гучудолу пьесин пхоьалгІачу суьрта тІехь. Лакхарчу сержантан дарж а делла цунна, пулеметни шина взводан командир а хІоттийна. Драматурго, Нурадилов тІамехь гайтина ца Іаш, цуьнан шен накъосташца йолу юкъаметтигаш гучуяьхна ца Іаш, кхечу бІаьхошка а дуьйцуьйту Ханпашин амалех, цуьнан къонахаллех, майраллех лаьцна. Гнездиковс боху: «Шо сов хан ю накъост Нурадилов соьца тІамехь волу. Оцу ханна Захаровка, Толстой, Шигра, Байракх районашкахь ялх бІе ах бІе фашист вийна цо, пхиъ пулеметни точка йохийна, шийтта мостагІ лаьцна каравалийна. Цо и гІуллакх дарна ЦІечу Седанан а, БІаьхаллин ЦІечу Байракхан а ши орден елла цунна. Вуьззина тІемало а, дика накъост а ву Ханпаша». Иштта мах хадабо Ханпашин цуьнца цхьаьна болчу бІаьхоша.

Майра бІаьхой а, тешаме накъостий а бу Нурадиловн взводехь.Тайп-тайпанчу къаьмнех бу уьш: оьрсий, нохчий, украинцаш, гІалгІай, гІебартой. Вежарий санна, бертахь бу, вовшашна гІо деш, вовшийн Іалашбеш, ларбеш, шайн синош ца кхоадо цара. МостагІчун пулеметни ши точка йохор тІе диллина Нурадилов Ханпашин взводана. Хала а, Іаламат кхераме гІуллакх ду иза, хІетте а, шайн накъостий ларбархьама, шай-шай цига вахийтар доьхуш бу тІемалой:

Х а н п а ш а. …МостагІчун пулеметни и ши точка йохор вайна тІедиллар, вайн взводана бина боккха ларам бу. Шен лаамехь цига ваха ши стаг веза. Хьанна лаьа цига ваха?

Ф е д о р о в. Сан цІахь делха а, диса а дац, со вахийтахьа цига, накъост командир.

Б а р к и н х о е в. Федоров цига ваха жима ву, со гIу ву, накъост Нурадилов.

Ф е д о р о в. ТIамехь жима хила цхьаьннан бакъо яц.

Г н е з д и к о в. Со тIамехь волу дукха хан ю, накъост старши сержант, со гIур ву цига.

Б у л ь б а. ДегIана жима а волуш, цхьанне гур а вац, со вахийтийша цига.

А с а н о в. Накъост командир, ас доьху суо цига вахийтар.

Ф е д о р о в. Я велла, я и декхар кхочушдиний бен юхавогIур вац со.

Х а н п а ш а. Вала атта ду. Толам баккха хала ду. Коьртаниг, толам а боккхуш, висар ду. Iаламат кхераме а, хала а гIуллакх ду иза. Цундела суна цига Баркенхоев, Бульбий вахча бакъахьа хета. Федоров керла веана ву. Гнездиков, суна цхьаъ хилахь, сан метта хила везаш ву.

Ф е д о р о в. Накъост командир, ас вайн Даймехкан дуьхьа доьху хьоьга, цига суо хьажор.

Б а р к и н х о е в. Цунна иштта лууш хилча, Федоров ваийта соьца. Тхойша ледара ца хила вогIу.

«Некъ дика хуьлда, кхиамца воьрзийла!», – олий, и шиъ дIахьажаво командиро и жоьпаллин декхар кхочушдан.

Иштта вовшашна чу садиллина, цхьа барт болуш, доьналла, майралла йолуш гайтина тIемалой. МостагIчух озавалар, кхеравалар хIун ду ца хаьа царна.

Керла атака ян кечлуш бу мостагIий. Немцойн кеманийн гIовгIа хеза, бомбанаш етта. Якхийчу тоьпийн, минометийн йийлар чIагIло, пулеметаш, автоматаш сихло. Фашисташ луьрчу атаке богIу, тIом чIагIло. Цхьана хьарчийна пхи граната а оьций, йогIучу немцойн танкана кIел эккха Гнездиков. Танк соцу. Чу-кара баханчохь Бульбас а, Асановс а эшабо немцойн салтий. Ханпашин пулемето аре ма-ю охьабехкина фашисташ. МостагIий бевдда. Амма тIамехь турпалаллица воьжна Гнездиков а, Асанов а. Юха ца вирзина немцоша дIалаьцна йолчу лакхе тIера пулеметни ши точка йохо вахана Баркинхоев, Федоров.

МостагIчун цхьайолу пулеметни точканаш хIинца а йохоза ю. Бульба а оьций, шен пулеметца уьш хIаллакъян воьду Ханпаша.

Фашистийн къизалла гучуйолу пьесин йолхалгIачу суьрта тIехь. Дика кечйинчу блиндаж чохь паргIатбевлла Iаш бу гестаповцаш Ральффий, Ганссий. Хьалха лаьтташ хаьржина даар-малар делахь а,

синтем байна хеталуш ву ши гестаповец. И шиъ мелла а воьхна хилар гойтуш ду церан къамел. Делахь а цкъачунна шаьш ницкъ болуш хета царна.

Немцойн пулеметни ши точка йохо вахана волу Баркинхоеввий, Федороввий минанаш тІе а нисвелла, чевнаш а хилла, гІелвеллачул тІаьхьа лаьцна, каравигина цара. И шиъ леван, цаьргара шайна пайдехьа болу хаамаш баха гІерта гестаповцаш. Юьхьанца Федоров чу а вигина, дукха чІогІа цунна гІело еш, шайна оьшург цуьнга дийцийта гІерташ, хьийзаво цара. Амма мостагІчунна оьшу цхьа дош шен багара ца долуьйтуш, ерриге церан къизалла а лайна, Іожалла тІеоьцу Федоровс.

Баркинхоевна кхерам тосуш, кхунна хьалха тоьпаш тоьхна фашисташа Федоровна. Цул тІаьхьа Баркинхоев хьаьстина-хьаьгина чувигира гетаповцаша. Кхуьнга чІогІа хаза дуьйцуш, шайна тІеверзо гІоьртира уьш. Амма Федоровсчул а чІогІа дуьхьало йира Баркинхоевс. И ца ладелла гестаповцаш, кхуьнца хьалха хилла кІеда-мерзалла а йитина, къизалла гайта бевлира. «Ас хІинцца вуьйр ву хьо, вахкавелла ламанхо!» – боху Ганса. Амма сихха тІекхиинчу Ханпашассий, Бульбассий кІелхьарвоккху Баркинхоев.

Вайн бІаьхойн къинхетамаллий, фашистийн къизаллий вовшах юстуш гайтича санна, хетало автора шен драми тІехь.

Хамидов Іабдул-Хьамида шен коьртачу турпалхочо Нурадилов Ханпашас тІамехь дакъалаьцна коьрт-коьрта меттигаш гайтина цу пьеси тІехь. Драми тІаьххьара долу ворхІалгІа сурт Сталинград ларъеш бина тІемаш гойтуш ду.

ГІалин йистехь цхьана борза тІехь оборона лаьцна НурадиловгІар. Йоккхачу тІеман чІагІорца тІегІерташ бу фашисташ. ХанпашгІаьргахь кІеззиг бен тІеман гІирс бац. Пулеметан патармаш цхьа гІап бен дац, цхьаъ бен граната а яц. ТІеман гІирсах боьттина тІебогІуш болу мостагІий аре яьккхина бу. ХІорш кхоъ бен вац: Нурадилов, Бульба, Баркинхоев. Оцу Іаламат халчу хьелашкахь йоккхачу майраллица фашистех лета уьш. Шайн герз чекхдаьлча, шаьш байинчу мостагІчун салташкара оцу тІеман кІуьрлахь герз схьа а оьцуш, тІом бо цара. Йиъ автомат, цхьа тапча а еара Ханпашас. Алссам фашисташ бисира тІеман арахь Іаххка, амма кхачош дацара мостагІийн магІарш. Луьра тІом бира НурадиловгІара, дукха фашисташ эгийра цара шайн тІаьххьрачу тІамехь. Къонахаллица Іожалла тІеийцира кхаа турпалхочо.

Нурадилов а, цуьнан накъостий а байина аьлча, дошлойн полкан

командиро, полковнико Захаровс боху: «И бакъ дац! Турпалхой леш бац, шаьш халкъана динчу гIуллакхаца баха буьсуш бу. Ас куралла йо, ишттачу тIемалойн со куйгалхо хиларх. Хан-зама дIаяьлча, дуккха а хIуманаш дицлур ду, амма цкъа а йицлур яц Нурадиловн, цуьнан накъостий санначийн сийлахь цIерш!».

Буьрсачу тIамехь цхьа эзар гергга фашист хIаллаквина турпалчу пулеметчика Нурадилов Ханпашас. ТIеман даккхий хьуьнарш гайтина цуьнан накъосташа Гнездиковс, Баркинхоевс, Бульбас, Соловьевс, Федоровс, Асановс. Даймахкана дIаделла цара шайн къона дахар. МостагIчунна тIехь толам боккхуш, тIеман арахь эгна уьш. Даймохк Iалашбеш, халкъана паргIато йоккхуш велларг адамийн дегнашкахь гуттаренна а вуьсу, тIекхуьучарна масал хуьлий лаьтта цуьнан цIе. Цундела аьлла автора шен турпалхойх «Лийрбоцурш», адамашна уьш цкъа а бицлур цахилар чIагIдеш.

Пьеса дIайолалуш ма-хиллара, иза чекхйолуш, эпилогехь а ондда дека авторан аз: «Иштта чекхделира цу башхачу кегийрхойн дахар! Хьоме накъостий, вайн ирс, паргIато Iалашъеш, шайн синош дIаделлачу сийлахьчу советскийн салтийн сий деш, хьалагIовтта! Диц ма де, тахана а дуьненчохь маьI-маьIIехь тIамо ягош гIаланаш, ярташ хилар, дойуш зударий, бераш хилар.

ТIеман цIе яйна яц. Шайн кхане йоцурш, шайн тахане яхъян гIерташ, герзе кхийда. Сема хила, доттагIий, латта хIинца а халкъан мостагIех цIандаза ду! Сема хила!».

Даймохк Iалашбеш, халкъан паргIато ларъеш, турпалалла гайтина бIаьхоша. Цара, майраллех, доьналлех ца бухуш, Даймехкан мостагIашна дуьхьалбевлла, халкъан сий лардеш, дIаделла шайн синош. Уьш эша ца белла луьрачу мостагIашка, фашисташна тIехь толам боккхуш, турпалаллица эгна сийлахь тIемалой. Деррите халкъ ду мостагIчуьнца болчу къийсамехь турпалалла гайтина. Иза къеггина билгалдолу пьеси тIехь. Цундела аьлла автора шен пьесех «турпалаллин драма». Даккхий хьуьнарш долу турпалхой а болуш, шен чулацамехь адамийн майралла, доьналла гойтуш йолчу драматически произведених олу турпалаллин драма.

Даймехкан тIамехь адамийн патриотизм, майралла, доьналла гайтина йолу драма ю «Лийрбоцурш».

Хамидов Iабдул-Хьамидан кхолларалин мехалла хIинца а яйна яц. Нохчийн исторехь дуьсур ду цо къоман культура кхиорехь дина гIуллакхаш а.

Пайдаэцна литература:

1. «Орга», №4, 2009, агIо 27.
2. Бурчаев Хь. «Орга», №6, 2009 шо, агIо 73.
3. Бурчаев Хь. «Орга», №6, 2009 шо, аго 75.
4. Бурчаев Хь. «Орга, №6, 2009, агIо 75-76
5. Бурчаев Хь. «Орга», №6, 2009 шо, аго 75.
6. Бурчаев Хь. «Орга», №6, 2009 шо, агIо 73.
7. Туркаев Х.В., Нохчийн литература, 11 классана учебник, агIонаш 10-11.
8. Бурчаев Хь. «Орга, №6, 2009, агIо 75-76.
9. Айдамиров: «Бакъдерг ма-дарра дийцича бен меттахIотталуш дац», «Орга», №4, агIо 45.
10. Минкаилов Эльбрус. «Айдамиров Абузаран «Еха буьйсанаш» романо халкъан синкхетамна, иэсана бина тIеIаткъам», «Орга», агIо……
11. Минкаилов Эльбрус. «Айдамиров Абузаран «Еха буьйсанаш» романо халкъан синкхетамна, иэсана бина тIеIаткъам», «Орга», агIо…..
12. Бурчаев Хь. «Орга, №6, 2009, агIо 73-78.
13. Бурчаев Хь. «Орга, №6, 2009, агIо 77.
14. Айдамирова М. «Орга», №1, 2010, стр.68-72.
15. Туркаев Х.В. Чеченская литература. – Учебник для 11 класса. Туркаев Х.В., Туркаева Р.А. Грозный: ГУП «Бибколлектор», Издательство «Глобус», 2011. с.123-143.
16. Ш. Арсанукаев. Сийна гене (Голубая даль). Стихаш, поэмаш, драма. Хьалхара том. – Соьлжа-ГIала: ГУП «Книжни издательство», 2009. – 416 агIо.
17. ИА Чечня Сегодня.
18. Дыхаев В.А., Шайхиев А.Х. Нохчийн литература.10-чу классан учебник. Грозный. Издательство «Арфа-Пресс».2009. агIо 103.
19. Дыхаев В.А., Шайхиев А.Х. Нохчийн литература.10-чу классан учебник. Грозный. Издательство «Арфа-Пресс».2009. 104 агIо.
20. ИА Чечня Сегодня
21. Дыхаев В.А., Шайхиев А.Х. Нохчийн литература.10-чу классан учебник. Грозный. Издательство «Арфа-Пресс».2009. 104-109 агIонаш.
22. ИА Чечня Сегодня
23. Туркаев.Х.В. Чеченская литература. – Учебник для 11 класса. Туркаев Х.В., Туркаева Р.А. Грозный: ГУП «Бибколлектор», Издательство «Глобус», 2011, агIо 109.

24. Дыхаев В.А., Шайхиев А.Х. Чеченская литература. Учебник для 10 класса/В.А. Дыхаев, А.Х. Шайхиев. – Грозный: «Арфа-Пресс», 2009. С. 107-112.
25. ИА Чечня Сегодня
26. Дыхаев В.А., Шайхиев А.Х. Нохчийн литература.10-чу классан учебник. Грозный. Издательство «Арфа-Пресс».2009. агIо113.
27. Самбулатов Дени, «Сулаев Мохьмадан – 95 шо. Сулаев Мохьмад – поэт, прозаик, лор», «Гумс», выпуск 73-74.
28. Арсанукаев Iабдулла. Нохчийн советски литературан историн очеркаш. Грозный, 1961. А. 235.
29. Арсанукаев Iабдулла. Нохчийн советски литературан историн очеркаш. Грозный, 1961. А. 228.
30. Нохчийн советски литературан историн очеркаш. Грозный, 1961. А. 229.
31. Арсанукаев Iабдулла. Нохчийн советски литературан историн очеркаш. Грозный, 1961. А. 229-230.}
32. Нохчийн советски литературан историн очеркаш. Грозный, 1961. А. 230.
33. Арсанукаев Iабдулла. ИА Чечня Сегодня, 18.02. 2014 шо.
34. Нохчийн советски литературан историн очеркаш. Грозный, 1961. А. 230.
35. 35.Арсанукаев Iабдулла. ИА Чечня Сегодня, 18.02. 2014 шо.
36. Калинин М.И. «Литературан хьокъехь», Ленинград, 1949, агIо 110.
37. Нохчийн советски литературан историн очеркаш. Грозный, 1961. А.232-234.
38. Арсанукаев Iабдулла. Нохчийн советски литературан историн очеркаш. Грозный, 1961. А. 239.
39. Нохчийн советски литературан историн очеркаш. Грозный, 1961. А.234-235.
40. Нохчийн советски литературан историн очеркаш. Грозный, 1961. А. 235.
41. Нохчийн советски литературан историн очеркаш. Грозный, 1961. А. 236.
42. Нохчийн советски литературан историн очеркаш. Грозный, 1961. А. 236-237.
43. 43.Туркаев Х.В., Туркаева Р.А. Нохчийн литература. –11 классана учебник. Грозный: ГУП «Бибколлектор», Издательство «Глобус», 2011. А.66-67.
44. Туркаев.Х.В. Чеченская литература. – Учебник для 11 класса. Туркаев Х.В., Туркаева Р.А. Грозный: ГУП «Бибколлектор», Издательство «Глобус», 2011, А.62-68.

45. Самбулатов Дени, «Сулаев Мохьмадан – 95 шо. Сулаев Мохьмад – поэт, прозаик, лор», «Гумс», № 73-74. 18.09.2015.
46. Туркаев.Х.В. Чеченская литература. – Учебник для 11 класса. Туркаев Х.В., Туркаева Р.А. Грозный: ГУП «Бибколлектор», Издательство «Глобус», 2011, А.105-106.
47. Ахмадов Муса. Сулейманов Ахьмадан некъаш а, марзонаш а. – «Орга», 2007, 29-33 агI.
48. Минкаилов Эльбрус. «Иза бакъволу нохчийн халкъан поэт вара», «Орга», №1, 2010.
49. Сулаев М. Винчу лаьмнийн илланча. – Ахьмад Сулейманов. Даймехкан некъаш. Грозный, I982, 5-I0 агI.
50. Арсанукаев Шайхи. Поэтан дог. – «Орга», 2002, № 4, I9-20 агI.
51. («Орга», 2002, № 4, 17 агIо).
52. Сумбулатов Дени. «Со иллин паччахь хила веъна дуьнен чу…», «Орга», 2004, № I, 56-60 агI.
53. Ахмадов Муса. Сулейманов Ахьмадан некъаш а, марзонаш а. – «Орга», «Орга», 2007, № 2, 33 агI.
54. Минкаилов Эльбрус. "Иза бакъволу нохчийн Халкъан поэт вара...". Сулейманов Ахьмадан 85 шо кхачарн., «Орга», №10 2018 ш.
55. Туркаев Х. «В семье братских литератур». Грозный. 1983, 206 агI.
56. Айдаев Ю. «Чечено–ингушская советская драматургия». Грозный, 1975, 125 агIо.
57. Сулаев Магомет. «Нохчийн исбаьхьаллин литературан кхиамаш а, декхарш а». – «ДоттагIалла». 1958, № 1, 64 агIо.
58. 58.Сулаев М. «Абубешар». – «ДоттагIалла», 1959, № 2, 68-78 агIонаш.
59. Бурчаев Хьалим. «Нохчийн забаре произведенеш». – «Орга», 2005, № 4, 52–54 агIонаш.
60. Сулаев М. «Октябро кхоьллинарг». Грозный. 1968.
61. Багалова Зулейхан. «Яздархо, хьехамча». – «Лам». 2001, № 1 (5), 22 агIо.
62. Минкаилов Эльбрус. «Драматург, яздархо, поэт», 2017, "Орга", 20 мая.
63. А.М.Арсанукаев.Школехь исбаьхьаллин произведени таллар. Грозный. «Арфа-Пресс». 2012. 9-33 агIонаш.
64. Айдамирова Машар, Айдамиров Абузаран дахар а, кхолларалла. – Элиста-Г1ала 2007 шо.
65. Бурчаев Хьалим. Цунна дукхадезара шен къам // Даймохк. 2008, 30 октябрь.

НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА
Дешаран пособи
1-ра дакъа

Подписано в печать 27.10.2020 г. Формат 60х90 1/6
Бумага офисная. Печать-ризография.
Ус.п.л. 4.9 Тираж 300 экз.

Издательство Чеченского государственного университета
Адрес: 364037 ЧР, г. Грозный,
ул. Киевская, 33